**ÓZBEKSTAN RESPUBLIKASÍ JOQARÍ HÁM ORTA ARNAWLÍ BILIMLENDIRIW MINISTRLIGI**

**ÁJINIYAZ ATÍNDAĞÍ NÓKIS MÁMLEKETLIK PEDAGOGIKALÍQ INSTITUTÍ**

**Tariyx fakulteti**

**Tariyx o`qitiw metodikasi kafedrası**

**5110600 – tariyx oqıtıw metodikasi qániygeligi bağdarı 4 [A]kurs talabası**

**SEYTBAEVA GULAYXAN OSERBAY QIZI**

# PITKERIW QÁNIGELIK JUMÍSÍ

**TEMA: «XVII-XIX ásirlerdegi qaraqalpaq xalqınıń mádeniyatı» temasın oqıtıwda pedagogikalıq texnologiyalardan paydalanıw»**

| | | |
|---|---|---|
| Talaba: | ________________ | G. Seytbaeva |
| Ilimiy basshı: | ________________ | t.i.k., docent. B. Turganov |
| Kafedra baslığı: | ________________ | t.i.d. docent. R. Bazarbaev |

Kafedranıń 2021-jıl ____-maydagı májilis qararı menen qorǵawǵa ruxsat berildi

(___-sanlı protokol)

**Nókis - 2021**

Pitkeriwshi talaba Seytbaeva Gulayxan Oserbay qizinin` «XVII-XIX ásirlerdegi qaraqalpaq xalqiniń mádeniyati» temasin oqitiwda pedagogikaliq texnologiyalardan paydalaniw» temasindag`i bakalavr pitkeriw qa`nigelik jumisi tariyx oqitiw metodikasi kafedrasinin` 2021 jil «___» - __________ ku`ngi ___ - sanli bayannamasi menen Ma`mleketlik attestatsiya komissiyasina qorg`awg`a jiberiwge usinis etildi.

«Tariyx oqitiw metodikasi»
kafedrasi baslig`i: t.i.d. docent. R. Bazarbaev

Pitkeriwshi talaba Seytbaeva Gulayxan Oserbay qizinin` «XVII-XIX ásirlerdegi qaraqalpaq xalqiniń mádeniyati» temasin oqitiwda pedagogikaliq texnologiyalardan paydalaniw» temasindag`i bakalavr pitkeriw qa`nigelik jumisi 2021 jil «___» - _____________ ku`ngi NMPI rektorinin` №______ -sanli bayannamasi menen Ma`mleketlik attestatsiya komissiyasina qorg`awg`a jiberildi.

Ma`mleketlik attestatsiya komissiyasinin` qarari menen Seytbaeva Gulayxan Oserbay qizinin` bakalavr pitkeriw qa`nigelik jumisi __________ ballg`a bahalandi.

# Mazmunı


**Kirisiw** 3

**I bap.** «XVII-XIX ásirlerdegi qaraqalpaq xalqiniń materiallıq mádeniyati» temasinıń uyreniliwi hám oni oqitiwda pedagogikaliq texnologiyalardan paydalaniw» 8

**1.1.** Qaraqalpaq xalqınıń XVII-XIX ásirdegi materiallıq mádeniyatı 8

1.2. «XVII-XIX ásirlerdegi qaraqalpaq xalqiniń mádeniyati» temasin oqitiwda pedagogikaliq texnologiyalardan paydalaniw 37

II bap. «Qaraqalpaqlardın XVII-XIX ásirdegi mánewiy mádeniyatı. Bilimlendiriw» temasinıń uyreniliwi hám usi tema boyınsha úlgi sabaq islenbesin proektlestiriw. 50

2.1. «Qaraqalpaqlardın XVII-XIX ásirdegi mánewiy mádeniyatı. Bilimlendiriw» 50

2.2. « Qaraqalpaqlardın XVII-XIX ásirdegi mánewiy mádeniyatı. Bilimlendiriw » temasi boyınsha úlgi sabaq islenbesin proektlestiriw. 62

**Juwmaqlaw** 71

**Paydalanǵan ádebiyatlar** 74

**Temanıń aktuallıǵı.** Búgingi kúnde jáhánda hám mámleketimizde tálim, pán, mádeniyat hám xabar-informaciya salasındaǵı baylanislardi rawajlandırıw máseleleri ásirese, milliy mádeniyatimizti tereń úyreniw, jas awlad arasında úgit-násiyatlaw, milliy mádeniyatımız hám de ulıwma insanıy qádiriyatlardin transformaciyasın jedellashtirishni talap etilmekte. Mádeniyat hám bilimlendiriw tarawındaǵı xaliqaraliq shólkemler tárepinen milliy tariyxıy -materiallıq miyraslardı saqlap qáliw, ósip-kiyatırǵan áwladta milliy maqtanısh sezimlerin rawajlandiriwǵa ayiriqsha itibar berilmekte.

Mámleketimiz Prezidenti Sh. Mirziyoev tárepinen qabıl etilgen 2017-2021 jıllarda Ózbekistandı rawajlandırıw boyınsha «Háreketler strategiyası»nda sociallıq tarawda, bilimlendiriw sistemasın kompleksli rawajlandırıw baǵdarlaması qabıl etildi[1]. Háreketler strategiyasında «Ruhiy hám aqliy rawajlanǵan, óz betinshe erkin pikir júritetuǵın, Watanǵa sadıq, qatań turmıslıq kózqarasqa iye jaslardı tárbiyalaw, demokratiyalıq reformalardı tereńlestiriw hám puqaralıq jámiyetin rawajlandırıw processinde olardıń social iskerligin asırıw" usaǵan zárúrli wazıypalar belgilep berildi. Bul qaraqalpaq milliy mádeniyatı hám tariyxıy - materiallıq miyraslarınıń oqıwshılardi ruwxıy jetilistiriwdegi múmkinshiliklerin anıqlawtırıw, qaraqalpaq xalqi tariyxıy-materiallıq miyraslar jardeminde oqıwshılardıń ruwxıy mádeniyattı rawajlandırıwdıń nátiyjeli jolların islep shıǵıwdı talap etedi.

Ásirese, oqıwshılardıń qaraqalpaq xalqi materiallıq mádeniyatı hám mánewiy miyraslardı ózlestiriwleri arqalı aktiv tariyxıy oy hám duniyaqarasın rawajlandırıw, olarda ulıwma mádeniy kompetentlikti rawajlandırıwdıń innovciyalıq - pedagogikalıq mexanizmlerin jetilistiriw, ulıwma bilim beriw mákemelerinde oqıtıw processinde materiallıq miyraslarimizdi tereń hám puqta úyreniwdi támiyinlew búgingi kúnde zárúrli aktuallıq kásip etedi.

Mámleketimizde oqıwshılardıń tariyxıy yadın qáliplestiriwde milliy

---

[1]Ўзбекистон Республикаси Президентининг 2017 йил 7 февралдаги 4947-сон фармонининг 1-иловасида келтирилган «2017–2021 йилларда Ўзбекистон Республикасини ривожлантиришнинг бешта устувор йўналиши бўйича Ҳаракатлар стратегияси». [Электрон ресурс]. http:// strategy. regulation. gov.uz/uz/ document/2. .

mádeniyatımizdan paydalanıwdıń modernizatsion didaktikaliq sistemasın islep shıǵıw, tariyxıy -mádeniy miyraslar jardeminde oqıwshılarda milliylikti qarar taptırıwdıń pedagogikalıq mexanizmlerin jetilistiriwde qatar ilimiy izertlewler alıp barılmaqta.

**Maqseti hám wazıypaları: H**ázitgi zaman tariyx páni muǵállimi ilim hám texnikanıń ósip barıwın barqulla esapqa alıp, óziniń pedagogikalıq, metodikalıq hám texnologıyalıq sheberligin ósirip barıwı, zamanagóy talaplarǵa muwapıq is alıp barıwı kerek. Tariyx pánlerin oqıtıwdı jańa pedagogikalıq texnologiyalar tiykarında oqıw processin shólkemlestiriw áhmiyetli bolıp, onnan kútiletuǵın tiykarǵı **maqseti** hám **wazıypaları tómendegilerden ibarat:**

- oqıwshılarǵa bay mádeniy miyraslarimiz haqqinda túsinikler, faktler hám bilimlerdi bay, ráń-báreń hám dizimlestirgen túrde, jańa pedagogikalıq texnologiyalardan paydalanıw jolları menen jetkerip beriwdi jolǵa qoyıw;
- Jańa pedagogikalıq texnologiyalar hám metodikalar járdeminde jaslarımız sanasın Watanımızdıń bay materiallıq mádeniyatı hám mánewiy miyrasları haqqindaǵi bilimler menen bayıtıw, kónlikpe hám bilimlerdi qáliplestiriw, ózlestirip alıwı, pikirlew dárejesin hám tariyxiy oy-órisin keńeytiwdi ele de jetilistiriw hám de tereńlestiriw;
- Sabaq processinde oqıwshılarımızda XVII-XIX ásirlerdegi qaraqalpaq xalqiniń mádeniyati haqqinda bilimler hám tariyxıy yadnama járdeminde milliy mádeniyatimizǵa qızıǵıwshılıǵın arttırıw;
- XVII-XIX ásirlerdegi qaraqalpaq xalqiniń mádeniyati temasin oqıtıwdıń texnologiyasın qáliplestiriw hám jetistiriwde Qaraqalpaqstan tariyx sabaqlarınıń sapasın jaqsılaw, nátiyjeliligine erisiw ushın optimal variantların isklep shıǵıw hám ámelge asırıw talap etiledi.

**Izertleniw dárejesi**: Temanıń izertleniw dárejesi pedagogikalıq hám tariyxıy kóz-qarastan alıp qaraldi. XX ásirde bilimlendiriw tarawında tariyx oqıtıw metodikası boyınsha metodlar hám texnologiyalar islep shıǵıldi. Bul tarawda izertlewler júrgizgen hám tariyx o`qitiw metodikasin pedagogikalıq pán dárejesine kótergen ilimpazlardan V.N.Vernadskiy, S.V.Ivanov, V.G.Karcev, M.A.Zinovev,

I.N.Kazancev, P.V.Gora, A.A.Vaginlerdin shiǵarmaları bar. Ozbekstanda tariyx pánin oqıtıw metodikası boyınsha A.Sádiyev[2], Sh.Sultonov [3], Ya.Gaffarov [4], J.G.Yoldoshev [5], T.Toshpulatov, T. Qudyarova[6] shiǵarmalarinan ilimiy-metodikalıq ádebiyat sıpatında paydalanıldı.

XVII-XIX ásirlerdegi qaraqalpaq xalqiniń mádeniyati tariyxı boyınsha T.A. Jdanko[7], K.L.Zadıxina[8], S.Kamalov[9], Q.Sarıbayev[10], X.Esbergenov, M.Tlewmuratov[11], M.Mambetullayev[12], Ǵ.Xojaniyazov[13], O.Yusupov[14] uqsaǵan tariyxshılardıń miynetleri uyrenildi.

Ǵárezsizlik jıllarında XVII-XIX ásirlerdegi qaraqalpaqlardıń qalaları, sociallıq-siyasiy hám ekonomikalıq turmısı, mádeniy tarawlarına tiyisli tariyxıy izleniwler A.Qudiyarov[15], S.Saymanov[16], B. Turǵanov[17] uqsaǵan ilimpazlarımızdıń miynetlerine sholıw qılındı, úyrenilip shıǵıldı.

**Izertlewdıń teoriyalıq- metodologiyalıq tiykarları**: Tariyx ilimindegi ilimiylik, halıslıq, tariyxıylıq, xronologiyalıq, izshillik, tariyxıy-filosofiyalıq logikalıq negizlerde úyreniw; tariyxıy-talqılaw, tariyx haqıyqatlıǵınıń ústinligi hám etnografiya, arxeologiya, pedagogika hám basqa pánlerdiń jetiskenlikleri hám

---

[2] Sa'diev A. Maktablarda tarix oqıtısh metodikasi. -Toshkent., 1988; Sa`diev A. O`zbekiston xalqlari tarixini o’qitish. -Toshkent. O’qituvchi.1993.
[3] Sultonov SH.D. Muammoli ma`ruzalar o`tkazish va muammoli ma`ruzani tayorlash.- Fargona, 2003.
[4] Gaffarov Ya. «Tarix o’qitish metodikasi». -Toshkent. 2012
[5] Yo`ldoshev J.G`., Usmonov S.A. Pedagogik texnologiya asoslari. –Toshkent. 2004.
[6] Kudyarova T.A. “Case- study” texnologiyasinin’ payda boliwi hám onin’ qaraqalpaqstan tariyxin oqitiwda qollaniliwi// Қубла Арал бойы археологиясы, этнографиясы, тарийхы ҳәм тарийхтаныўдың актуал мәселелери. Халық аралық илимий-теориялық конференция материаллары.-Нөкис. 2019. -Б.405-407.
[7] Жданко Т.А. Очерки исторической этнографии каракалпаков. -М-Л.:1950.-С.19.
[8] Задыхина К.Л. Узбеки дельты Амударьи //Труды Хорезмской археолого-этнографической экспедиции. Том.1.-М.: Изд. АНССР. 1952. –С.324-325.
[9] Камалов С. Каракалпаки в XVIII-XIX веках.-Ташкент. Фан, 1968.-328 с.
[10] Сарыбаев К. История орошения Каракалпакстана. –Нукус. Каракалпакстан. 1995.-С.10-22.
[11]Тилеумуратов М. Истоки культурных связей каракалпаков с соседними народами.–Нукус. Каракалпакстан. 1986; Тилеумуратов М.Т. Қарақалпақлардың туўысқан халықлар менен байланыслары. -Нукус. 1989.
[12] Мамбетуллаев М.М., Юсупов О. Города и поселения Каракалпаков в XVII –XIX вв. (Материалы к своду памятников материальной и духовной культуры каракалпаков) // Вестник ККО АНРУз. 2005. №1-2.-С.95-106.
[13] Хожаниязов Ғ.,Ҳакимниязов Ж, Пайзуллаева Ш. Бердақ дәўириндеги қорған – қалалар. Нөкис, Қарақалпақстан, 2015.
[14] Юсупов О. Жәнибек батыр Маман батыр Мурад Шайых әзийз баба, Қоразбек бий аталық. -Нокис. 1993.
[15] Кудияров А. Город Чимбай и его окрестности в письменных источниках // Автореферат канд. истор. наук. –Нукус. 1999.
[16]Сайманов С. Город Кунград в сообщениях путешественников и ученых XIX // Автореферат канд. истор. наук. -Нукус, 2001.
[17] Turganov B. Qaraqalpaqstan tariyxinan derekler (XVII-XIX a`sirlerdegi Rossiyali elshi ha`m sayaxatshilardin` mag`liwmatlari tiykarinda).-Tashkent. Tafakkur bostani. 2019.

usıllarınan paydalanıw pitkeriw qanigelik jumısınıń metodologiyalıq tiykarı bolıp xizmet etedi.

**Izertlew ob`ekti hám predmeti:** Bunda izertlew predmeti «Qaraqalpaqstan tariyxı» pániniń «XVII-XIX ásirlerdegi qaraqalpaq xalqiniń mádeniyati» temasin oqitiwda pedagogikaliq texnologiyalardi engiziw metodlarin islep shiǵiw.

**Jumıstıń teoriyalıq hám praktikalıq áhmiyeti**: Pitkeriw qanigelik jumısınıń ámeliy áhmiyeti sonnan ibarat, orta tálim mekteplerindegi Qaraqalpaqstan tariyxın oqtıwda ámeliy-metodikalıq qollanba sıpatında paydalanıw múmkin. Pitkeriw qanigelik jumısı "Qaraqalpaqstan tariyxı" pánin oqıtıwda pedagogikaliq texnologiyalardan paydalaniw, interaktiv metodlardan paydalanıp sabaq processin shólkemlestiriwde, sabaq islenbelerin tayarlawda jas oqıtıwshılar ushın metodikalıq járdem boladı.

**Pitkeriw qanigelik jumısınıń strukturası:** Kirisiw, 2-bap 4-paragraf, juwmaqlaw hám paydalanılǵan ádebiyatlar diziminen ibarat. Jámi 78 bet.

# I bap. «XVII-XIX ásirlerdegi qaraqalpaq xalqiniń materiallıq mádeniyati» temasiniń uyreniliwi hám oni oqitiwda pedagogikaliq texnologiyalardan paydalaniw»

## 1.1. Qaraqalpaq xalqınıń XVII-XIX ásirdegi materiallıq mádeniyatı

Qaraqalpaq xalqı uzaq tariyxıy ótmishge hám bay mádeniyatqa iye xalıqlardan biri esaplanadı. Qaraqalpaqlar da dúnyanıń basqa xalıqları sıyaqlı óziniń tákirarlanbaytuǵın mádeniyatı hám kórkem ónerine iye. Arxeologiyalıq-etnografiyalıq izertlewler, qaraqalpaqlar erte dáwirlerden baslap quramalı kompleksli xojalıq tarawları sharwashılıq, diyxanshılıq, ónermentshilik hám balıqshılıq penen shuǵullanǵan. Olardıń tiykarǵı turaq jayları paxsadan órilgen jaylar hám qara úyler bolǵan. Qaraqalpaqlardıń tiykarǵı bólegi awıllarda jasaǵan. Awıl ádettegishe bir neshe onlaǵan, ayırım awıllar 200 hám onnanda kóbirek xojalıqlardan turǵan.

XVII - XIX ásirlerde qaraqalpaqlardıń tariyxıy geografiyalıq jaylasıwı Sırdárya boyları, Buxara ámirligi, Qoqan hám Xiywa xanlıqları aymaqlarına tuwrı keledi. XVII ásir 90 –jıllarına tiyisli "Sısknoe delo" hújjetinde qaraqalpaqlar turmısına tiyisli tómendegi maǵlıwmatlar berilgen: Túrkstannan Sırdáryanıń tómengi aǵımı boylap úsh kúnlik jolda Ózgent qalası jaylasqan.

Táwke xan ótken jılı qalanıń teń jartısına qaraqalpaqlardı jaylastırǵan. Olar qazaqlar menen birgelikte diyxanshılıq isleri menen shuǵıllanadı. Ózgen qalasınan Sırdáryanıń eki jaǵalawı boylap tómengi aǵımına qaray on kúnlik jol qashıqlıqtaǵı Qorqıt-ata meshitine shekemgi bolǵan aymaqlarda qaraqalpaqlar kóship júredi[18].

1694-jılı Táwke xan (1680-1718 jıl) balalarınan biri Tabarchuk Sultan qaraqalpaqlar xanı bolǵan [19]. Bul dáwirde qaraqalpaqlar xanı Tabarchuk sultan 1600 hám onnan kóbirek áskerlerge iye edi. 1720-jılı qaraqalpaqlar xanı Eshmuhammed xan saylanǵan. Sol dáwirde qaraqalpaqlardıń oraylıq qalası Sırdárya boyındaǵı Jańakent qalası bolǵan. Bul dáwirinde qaraqalpaqlar qońsı

[18] Лунин Б.В. История Узбекистана в источниках. Известия путешественников, географов и ученых XVI первой половины XIX в. Ташкент: Фан, 1988..-С.80.
[19] Лунин Б.В. История Узбекистана в источниках.-С.55-56.

Rossiya mámleketi menen siyasiy hám sawda-ekonomikalıq baylanısların ornatqan, shegara aymaqlardan ótken sawda kárwanlarınan bajı pulı alıp turǵan[20]. 1721 - jılı Eshmuxammed xan rezidenciyasına Rossiya imperiyası elshisi, dvoryan Dmitriy Vershinin keledi hám mámleketler arasındaǵı qatnasıqlardı bekkemlew boyınsha sóylesiwler alıp barıladı. D.Vershinin menen birge Jánibek batır basshılıǵındaǵı qaraqalpaq elshileri Rossiya imperatorı bolǵan Petr I qabılawında boladi[21].

I.K. Kirilovtıń (1695-1735 jıllar) "Pútkil Rossiya imperiyasınıń gúllep-jasnawı" monografiyasında XVIII ásir basındaǵı qaraqalpaqlardıń haqqında bılay jazadı: "qaraqalpaqlar diyqanshılıq menen shuǵıllanadı, olarda biyday, arpa, tarı, júweri usaǵan dánli eginler kóp, olardı qazaqlarǵa satadı, qoy, eshki basqa sharwa mallarına almastıradı. Qaraqalpaqlar qol ónermentshiligi hám sawdagershilik isleri menen de shuǵıllanadı" [22].

V.N.Tatishevtiң (1686-1750 jıllar) "Rossiyanıń tariyxıy -geografiyalıq hám puqaralıq leksikonı" miynetinde Sırdárya boyındaǵı hám Aral teńizi átirapındaǵı qaraqalpaqlar haqqında maǵlıwmatlar berilgen [23]. Onda jazılıwınsha, Aral teńizi átirapında qaraqalpaqlar, arallılar, xiywalılar hám túrkmenler jasaydı. Ol jerdiń suw duzlı, balıq kóp. Qaraqalpaqlar Sırdáryanıń arqa jaǵalawlarınan Aral teńizine shekemgi bolǵan aymaqlardaǵı awıllarda jasaydı. Olardıń ayırımları qubla tárepke kóship júredi, balıqshılıq hám jabayı quslardı ańlaw menen shuǵıllanadı. Olar sharwashılıq menen de shuǵıllanadı.

Petr Ivanovich Rıchkov (1712-1777 jıllar)tıń "Orenburg topografiyası" atlı miynetinde qaraqalpaqlar Aral teńizine jaqın bolǵan Quwandárya boylarında, sonday-aq Orenburg qalasına jaqın bolǵan aymaqlarda jasaydı[24]. Joqarǵı qaraqalpaqlar Sırdáryanıń Aral teńizine quyılıw jerinen Tashkentke shekemgi aralıqlardaǵı aymaqlarda jaylasqan. Olarda azıq-awqat ónimleri oǵada kóp bolıp, diyxanshılıq hám iri shaqlı qara mallardı baǵıw menen shuǵıllanadı. Qaraqalpaqlar

[20] Камалов С.К. Каракалпаки в XVIII-XIX веках. -Ташкент: Фан, 1968.-Б.32.
[21] Камалов С.К. Каракалпаки в XVIII-XIX веках. -Ташкент: Фан, 1968.-Б.32.
[22] Камалов С.К. Каракалпаки в XVIII-XIX веках. -Ташкент: Фан, 1968.-Б.36.
[23] Лунин Б.В. История Узбекистана в источниках.-Б.91-94.
[24] Рычков П. Топография Оренбургская. –СПб., 1762. Часть 1.-С.26.

qara úylerde jasaydı, jazda jaylawma-jaylaw kóship júredi. Joqarǵı qaraqalpaqlar diyxanshılıq penen keń túrde shuǵıllanadı.

XVIII ásirdegi qaraqalpaqlar tariyxın úyreniwde rus elshilerinen Dmitriy Gladıshev hám Ivan Muravin (1740-1741 jıllar) maǵlıwmatları áhmiyetli derek bolıp esaplanadı. Olar Sırdárya hám Aral teńizi boylarında ózleri bolıp, Shaxtemir, Xojeli, Qońırat qalaları, sonıń menen birge, qaraqalpaqlardıń sociallıq-siyasiy hám ekonomikalıq turmısı haqqında maǵlıwmatlar beredi[25]. Olar qaraqalpaqlardıń ekonomikalıq turmısı xaqqında tómendegi maǵlıwmatlardı keltiredi: qaraqalpaqlar Sırdáryanıń eki jaǵasında da, Adam ata hám Quwandárya aralıǵındaǵı aymaqlarda dárya, kóllerge jaqın jerlerde jasaydı. Dárya hám kóllerdıń tómengi bóleginde diyqanshılıq menen shuǵıllanıp, biyday, tarı, júweri sıyaqlı eginlerdi egedi. Jerleri qumlı hám balshıq ılaylı. Jerdı ógizler járdeminde awdarıp, dárya hám kóllerden suwǵaradı. Olarda ógiz arbalar kóplep ushıraydı. Arbaları eki dóńgelekli, dóńgelek diametri 2,5 hám 3 arshın bolıp, aǵashtan islengen. Olar sharwashılıqta tiykarınan at, qoy, eshki, sıyır baǵadı, túye az ushırasadı. Sharwalarǵa ot-shóp sıpatında pishen (qamıs) jıynaydı, atlar ushın toyımlı jem.

1780-1781 jıllarda Rossiyadan Buxaraǵa elshi bolıp kelgen M. Bekchurin kúndeliklerinde Jańadárya aymaǵında jasawshı qaraqalpaqlardıń jasaw aymaqları hám turmısı haqqında tómendegi maǵlıwmatlardı beredi: "Bul jerde qaraqalpaqlar jasaǵanlıǵı sebepli, onı "Qaraqalpaqlar jeri" dep ataydı. Qaraqalpaqlar diyxanshılıq penen shuǵıllanadı. Olar 200 awıldı quraydı [26].

M. Bekchurin óz maǵlıwmatların dawam ettirip: "Jańadárya Quwandáryadan aǵıp keledi. Bul dáryadan qaraqalpaqlar egin jerlerin suwǵaradı. Bul jerlerde eski qulaǵan góne úyler kóp saqlanǵan. Olardıń uzınlıǵı 150 metr hám eni 50 metrlik qala salınǵan. Dáryanıń eki jaǵasında da kanal izleri bar " [27]. Bul dáwirde qaraqalpaqlardıń salıqlardı biyday túrinde tólegenlerin esapqa alsaq, Jańadárya boyındaǵı 200 ge jaqın awıllardıń turmısında diyxanshılıq áhmiyetli orın

---

[25] Поездка из Орска в Хиву и обратно, в 1740-1741 гг. Гладышев и Муравин. -СПб., 1851 // Туркестанский сборник. Том. 343. –С.10-16.
[26] Зияев Х. XVIII асрда Ўрта Осиё ва Урал бойлари. -Тошкент: Фан, 1973.-Б.127.
[27] Зияев Х. XVIII асрда Ўрта Осиё ва Урал бойлари. -Тошкент: Фан, 1973.-Б.127.

tutqan.

Orınbay qala Jańadárya boyındaǵı qaraqalpaq qalalarınan biri bolıp esaplanadı. Jańadárya boylarında 10 000 nan aslam qaraqalpaq xojalıqları jasaǵan.

Ulıwmalastırıp aytqanımızda, XVII - XVIII ásirler qaraqalpaq xalqınıń siyasiy hám ekonomikalıq turmısında mashaqatlı dáwir sıpatında táriyplense de, bul dáwirde qaraqalpaqlar qońsı xalıqlar qazaqlar, Xiywa hám Buxara xanlıqları, Rossiya mámleketi menen siyasiy hám sawda-ekonomikalıq tarawlarda óz-ara baylanıs hám qatnasıqlar ornatqan. Qaraqalpaqlar biyday hám basqa da diyxanshılıq ónimlerin qazaqlarǵa, sharwa malların Xiywa xanlıǵı hám Buxara ámirligi bazarlarında satqan, olardan xojalıq ónimlerin satıp alǵan. Qaraqalpaqlar xojalıǵında diyqanshılıq hám sharwashılıq baslı áhmiyetke iye bolǵan bolsa da, úy ónermentshiligi xalıq turmıs táriziniń ajıralmas bólegi bolıp esaplanǵan. Qaraqalpaqlar sharwashılıqta kóbirek iri shaqlı qara mallardı saqlaǵan. Bul dáwirde qaraqalpaq xalqınıń ekonomikalıq turmısında kompleksi xojalıq júritiw baslı áhmiyetke iye bolǵan.

**Qaraqalpaqlardıń XVII-XIX ásirlerdegi qala hám qorǵanları.** Qaraqalpaq xalqı tárepinen XVII-XIX ásirlerde Qubla Aral boylarında kóplegen qala hám qorǵanlar qurılǵan. Bul qala hám qorǵanlar qaraqalpaq xalqınıń siyasiy, social-ekonomikalıq hám mádeniy turmısında úlken áhmiyetke iye bolǵan [28]. Olardıń ishinde Qońırat, Xójeli, Shımbay, Qıyat, Mańgıt, Shoraxan, Nókis qalaları sawda-ekonomikalıq hám adminstrativlik tárepten oraylıq qalalar bolǵan bolsa, olardan tısqarı, Maylı Sheńgel, Janqazı qala, Erejep qala, Qudaybergen qala, Iyshan qala, Jańaqala, Qılısh qala, Kápir qala, Arzı qala, Ernazar qala, Seren qala, Mexter qala, Aq qala, Aydos qala, Orınbay qala, Qatın qala hám basqa da aymaqlıq hám elatlıq áhmiyetke iye qala-qorǵanlar bolǵan . Olardıń kópshiligi áskeriy topılıslar waqtında qorǵanıw maqsetinde qurılǵan qalalar bolıp esaplanadı.

Nikolay Nikolaevich Karazin (1842-1908 jıllar) dóretiwshiliginde qaraqalpaqlar turmısı, qalalari hám tábiyatı haqqındaǵı temalar ayrıqsha áhmiyetke

[28] Турганов Б. Худайназаров Д. Қарақалпақлардың XVII-XIX әсирлердеги қала ҳәм қорғанларының үйренилиў тарийхы.// Илим ҳәм тәлимниң әҳмийетли мәселелери. Республикалық конференция материаллари топлами.-Нөкис.2019.-Б.71-74.

iye. A.N.Karazin 1874-jılda Xojelide bolǵanında, onıń ájayıp tábiyatı hám sawda-ekonomikalıq turmıs darejesiniń joqarılıǵına tań qalıp, «Xojeli-Ámiwdárya boyındaǵı Venetsiya» dep táriypleydi. Sol dáwirde qala bazarınıń orayınan aǵıp ótiwshi Suwenli kanalına qalanı óz ara tutastıratuǵın bir qatar basqa japlar da kelip quyılǵan. Kanaldan sawdagerler awır júklerdi tasıwda ishki baylanıs quralı sıpatında paydalanǵan, yaǵnıy, olarda keme hám sallar tiykarǵı transport wazıypasın atqarǵan. Tariyxıy-geografiyalıq maǵlıwmatlar boyınsha Suwenliden Boyrashı, Jipekshi, Jadıger qazǵan, Bahaybek, Kólab, Qayrańlı usaǵan japlar suw alıp, olardıń ayırımları kóshe wazıypasın da atqarǵan.

N.Karazin Shımbay qalası haqqında tómendegi maǵlıwmatlardı beredi[29]: Shımbay bazarı, kósheleri tar hám qısqa. Shımbayda tasdan qurılǵan úyler kem. Pútkil qala paxsa diywallar menen 1,5 verst shamasında oralǵan. Qaraqalpaqlar jazda jaylawǵa kóship, qısta  Shımbay qalasına qaytıp keledi. Olar qırmandı birgelikte jıynaydı. Qaraqalpaqlardıń ulıwma xalqı qırq mıń qara úyge jaqın.

Kegeyli kanalı Shımbay qalası oraylıq kósheleriniń birinen aǵıp ótedi. Kegeyli kanalınıń tómengi aǵısı bir neshe jablarǵa ajıralıp ketedi. Kegeyli anǵari–bul Shımbay qalası turmısı, ol tiykarǵı suw jollarınan biri bolıp esaplanadı.

Qaraqalpaqstan aymaǵında XVIII-XIX ásirlerdegi qala-qorǵanlardı paydalanıw funkciyası boyınsha shártli túrde úshge ajratıwmız múmkin:

1. Siyasiy-ekonomikalıq hám mádeniy oraylar;
2. Sawda-ekonomikalıq hám mádeniy oray funkciyasın atqarıwshı qalalar;
3. Áskeriy-qorǵanıw maqsetinde qurılǵan qala-qorǵanlar[30].

Qaraqalpaq xalqınıń XVII-XX ásirlerdegi qala hám qorǵanları X.Esbergenov, M.Mambetullayev, G.Xojaniyazov, O.Yusupov, A.Qudiyarov, S.Saymanov hám basqada ilimpazlarımızdıń bir qatar ilimiy izertlewleri, monografiya, toplam hám maqalalarında belgili dárejede úyrenilgen. Olar óz miynetlerinde XVII-XX ásirlerdegi qaraqalpaq qala hám qorǵanlarındaǵı  siyasiy, social-ekonomikalıq hám

[29] Каразин Н. В низовьях Аму. Путевые очерки..-С.204-205.
[30]Турганов, Худайназаров Д. Қубла қарақалпақстан аймағындағы  XVIII-XIX әсирлерге тийисли қалалар.// Қарақалпақстанда археология илиминиң жетискенликлери. Республика илимий-әмелий конференциясы материаллары топламы. -Нөкис. 2019.-Б.116-119.

mádeniy turmısı haqqındaǵı tariyxıy maǵlıwmatlardı bergen. Olardan X. Esbergenov tárepinen Qaraqalpaqstan aymaǵındaǵı áyyemgi tariyxqa iye bolǵan Qońırat qalasınıń tariyxınan jazba derekler, etnografiyalıq materiallar hám tariyxtanıw ádebiyatları tiykarında kompleksli úyreniledi[31]. Avtor óz miynetinde Qońırat qalasındaǵı XVI-XIX ásirlerge tiyisli qorǵan qalalar, meshit, medrese, mavzoleyler, qábir tasları, jergilikli hákimlerdıń sarayı, dala háwliler, kárwan saraylar, ónermenchilik ustaxanaları uqsaǵan arxitekturalıq esteliklerdi úyreniwge ayırıqsha itibar qaratqan. Usı miynette Qońırat xalqınıń XVI-XIX ásirlerdegi sociallıq-ekonomikalıq hám mádeniy turmısı etnografiyalıq hám materiallıq mádeniyat úlgilerine tiykarlanǵan jaǵdayda jarıtılǵan. Avtor miynettegi tariyxıy waqıyalardı jarıtıwda Qońırat qalasında bolǵan Rossiyalı elshi hám ilimpazlardan Gladıshev hám Muravin (1740-jıl), G.I. Danilevskiy (1843-jıl), M.N. Galkin (1858-1859-jıllar), M.N. Chernıshevskiy (1899-jıl) hám basqa da dereklerden ónimli paydalanılǵan.



Qońırat qalasi. XIX ásir.



A.N.Karazin.«Xójeli-Ámiwdárya boyındaǵı Veneciya». 1874-jıl.

[31] Есбергенов Х. Қоңырат. Тарийхый ҳәм мәдений естеликлер. –Нөкис. 1993.



N.Karazin. Qońırat kosheleri. 1874 j.



Qaraqalpaq sawdegerleri. XIX ásir.

Qaraqalpaqlardıń XVII-XX ásirlerdegi qala hám qorǵanların izertlew jumısları M. Mámbetullayev, O. Yusupovlar tárepinen dawam ettiriledi[32]. Olardıń miynetinde XVII-XX ásirlerge tiyisli Nókis, Tórtkul, Qıyat, Shımbay, Xójeli, Qońırat, Mańgıt uqsaǵan iri qalalardan tısqarı, Maylı Sheńgel, Janqazı qala, Erejep qala, Qudaybergen qala, Iyshan qala, Jańaqala, Qılısh qala, Kápir qala, Arzı qala, Ernazar qala, Seren qala, Mexter qala, Aq qala, Aydos qala, Orınbay qala, Qatın qala, Qos-minar uqsaǵan qala-qorǵanlardıń geografiyalıq jaylasıwı hám topografiyalıq dúzilisi haqqındaǵı maǵlıwmatlar berilgen. Maqalada etnoarxeologiyalıq dereklerden tısqarı, rossiyalı alımlar, elshi hám sayaxachılardan D. Gladıshev hám I. Muravin, N.N. Veselovskiy, I.V. Kaulbars, A.L. Kun, L.N. Sobolev, M.I. Ivanin, L.S. Berg miynetlerinen tariyxıy derek sıpatında paydalanılǵan.

Bul dáwirdegi qala hám qorǵanlardı etnoarxeologiyalıq hám jazba derekler tiykarında keń kólemde úyrengen alımlardan jáne biri G. Xojaniyazov bolıp esaplanadı.Onıń qaraqalpaqlardıń XVII-XX ásirlerdegi qala hám qorǵanları

[32] Мамбетуллаев М.М., Юсупов О.Ж. Города и поселения Каракалпаков в XVII –XIX вв. (Материалы к своду памятников материальной и духовной культуры каракалпаков) // Вестник ККО АНРУз. –Нукус.2005. №1-2.-С.95 -106.

haqqındaǵı miyneti tek ǵana elimizde emes, al sırt el alımları arasında da úlken qızıǵıwshılıq oyattı hám de sırt el ilimiy jurnallarında baspadan shıqtı[33].

G. Xojaniyazov «XVI-XVII ásirlerde qaraqalpaqlar Aral boyı kishi oazislerinde» atamasındaǵı miynetinde qaraqalpaqlardıń Aral boylarına kóship keliw processin XVI ásirdıń aqırı hám XVII ásir baslarında baslanǵanlıǵın kórsetedi[34]. Miynette qaraqalpaqlardıń Qubla Aral boylarındaǵı dáslepki qonıs mákanı bolǵan Qırantaw aymaǵındaǵı arxitekturalıq esteliklerine toqtap ótedi.

Ásirese, XVI-XVIII ásirlerdegi “Aral wálayatı” hám qaraqalpaqlar arasındaǵı siyasiy, ekonomikalıq hám mádeniy tarawlardaǵı doslıq qatnasıqları ashıp kórsetilgen. Bul dáwirdegi “Aral wálayatı”nıń shegaraları, arallı ózbekler jaylasqan aymaqlar, qalaları, diyqanshılıq oazisleri hám húkimdarları haqqında tariyxıy maǵlıwmatlar beriledi. Sonday-aq, miynette Qırantaw oazisinıń XVII-XVIII ásirlerdegi qaraqalpaqlardıń iri diniy hám mádeniy orayı bolǵanlıǵı arxeologiyalıq materiallar tiykarında ashıp berilgen.

G.Xojaniyazov, J.Hákimniyazov, Sh.Payzullayevalar avtorlıǵındaǵı “Berdaq dáwirindegi qorǵan-qalalar” atlı miynetinde sol dáwirdegi qalalardıń qaraqalpaq xalqı mádeniy hám ekonomikalıq turmısındaǵı áhmiyeti kórsetilgen [35]. Miynette qala hám qorǵanlardıń geografiyalıq jaylasıwı, topografiyası, forması, dúzilisi hám áhmiyeti haqqındaǵı maǵlıwmatlar sáwlelendirilgen.

Gárezsizlik dáwirinde Qaraqalpaqstan Respublikası aymaǵındaǵı Tórtkúl, Shımbay, Qońırat, Nókis, Xójeli sıyaqlı qalaları tariyxı úyrenildı.

A. Qudiyarov tárepinen XVIII - XIX ásirlerdegi Shımbay qalası tariyxın ilimiy izertlew jumısları alıp barılǵan[36]. Onıń ilimiy maqalalarında rossiyalı elshi-sayaxachıları, mámleketlik iskerleri hám ilimpazlarınan Kaulbars, A. Kun, Karazin, Riza Kuli-Mirza hám basqa da dereklerinen paydalanǵan jaǵdayda Shımbay qalası topografiyası, xalqınıń etnikalıq quramı, social-ekonomikalıq hám

---

[33] XojaniyazovG. Les fortifications karakalpakes aux XVII-XIX siucles // Karakalpakes et autres gens del` Aral. Entre rivages et deserts. Caiers d` Fsie Centrale, # 10, 2002/.

[34] Хожаниязов Г. Каракалпаки в приаральском микрорайоне в XVI-XVII вв.// Археология Приаралья. Вып.VII. -Ташкент. Фан.2008.

[35] Хожаниязов Ғ.,Ҳакимниязов Ж,Пайзуллаева Ш. Бердақ дәўириндеги қорған –қалалар. –Нөкис. Қарақалпақстан. 2015.

[36] Кудияров А.Қарақалпақстан калаларынын тарийхынан // Вестник ККО АНРУз. №7. 2004. –С.49-50.

mádeniy turmısı, demografiyası, rawajlanıw dinamikası hám de qala tariyxı haqqında kóplegen tariyxıy faktler tiykarında bay maǵlıwmatlar berilgen[37].

A. Qudiyarov tárepinen XVIII – XX ásir baslarındaǵı Shımbay qalası tariyxına tiyisli jergilikli hám sırt el derekleri sistemalastırıladı. A.Qudiyarov Ámiwdárya ekspediciyası aǵzaları A.Kun, A.V. Kaulbars, Sobolevtıń bergen maǵlıwmatlarına tiykarlanıp, Shımbay qalasınıń payda bolıwı tariyxın XVIII ásirge tuwrı keledi, - dep esaplaydı[38]. A.V. Kaulbars qalaǵa kelgen waqıtta, qalada barlıǵı bolıp 360 úy hám qara úy bolǵan. Egerde hár úyde 5 adamnan dep esaplasaq, onda Shımbayda 1800 dey turaqlı jasawshı adam jasaǵan. Biraq, Shımbayga belgili mapazda sawda islerin alıp barıwshı sawdager, ónerment, jallanbashılar hám taǵı basqalar kelip turǵan.

A. Qudiyarov «Qaraqalpaqstan qalalarınıń tariyxı» maqalasında «Arallı wálayatı yamasa Qońırat elinıń orayı – dáslep Shaxtemir qalası, soń Qońırat qalası bolǵan» dep jazadı[39].

XVIII ásirden baslap Qońırat qalası Qubla Aral boyı aymaǵındaǵı iri sawda-satıq hám administrativlik orayǵa aylanadı.

XVIII-XIX ásirlerdegi Qońırat qalası tariyxı S. Saymanov tárepinen rossiyalı elshi, sayaxachı, ilimpazlar hám jergilikli dereklerdegi maǵlıwmatlar tiykarında úyrenilgen[40]. Ol óz miynetlerinde jergilikli derekler menen birgelikte P. Rıchkov, F. Beneveni, D. Rukavkin, G. Danilevskiy, D. Gladıshev, I. Muravin, V. Veselovskiy, mayor Blankenagel, M. Chernyayev, V. Grigorev, Kaulbars, A. Kun, V. Bartold uqsaǵan kóplegen rossiyalı elshi hám ilimpazlardıń miynetlerinen jemisli paydalanılǵan. Onıń miynetlerinde Qońırat qalası hám Aral wálayatınıń tariyxı, mádeniy hám xojalıq turmısı, siyasiy tariyxı, Xiywa xanlıǵı menen múnásibetleri, úlkedegi sawda-satıq hám de ekonomikalıq qatnasıqlarındaǵı ornı

[37] Кудияров А. Город Чимбай и его окрестности в письменных источниках // Автореферат кандидат историческии наук. –Нукус. 1999.
[38] Кудияров А. Город Чимбай в русских источниках ( конец XIX начало XX вв.) // Вестник ККО АНРУз. № 3, 1996. -С. 90-91.
[39] Кудияров А.Қаракалпақстан калаларынын тарийхынан // Вестник ККО АНРУз. №7. 2004. –С.49-50.
[40] Сайманов С. Город Кунград в сообщениях путешественников и ученых XIX // Автореферат кандидат историческии наук. -Нукус. 2001.

haqqında tereń maǵlıwmatlar beriledi[41].

Qaraqalpaq xalqınıń XVII-XIX ásirlerdegi qala hám qorǵanları tariyxın izertlew materiallıq hám mádeniy turmısdı úyreniwde baslı derek bolıp tabıladı. Sol dáwirdegi qalalar tariyxı qaraqalpaq xalqı mádeniyatı, siyasiy, social-ekonomikalıq hám mádeniy turmısı haqqındaǵı tariyxıy eslewlerimizdi jáne de bayıtadı.

**Ónermentshilik.** Qaraqalpaq xalqınıń ónermentshiliginde xalıqtıń áyyemnen kiyatırǵan milliy úlgi belgileriniń saqlanıwı hám usı úlgiler siyasiy, sırtqı hám ishki ekonomikalıq, mádeniy, estetikalıq, diniy hám basqa da tásirlerdiń nátiyjesinde ózgerislerge túsip rawajlanıwı tiykarında qáliplesken.

Qaraqalpaqlarda ázelden temirshilik, shoyın qúyıwshılıq, zergershilik, aǵash ustashılıǵı, kónshilik, gúlalshılıq, toqımashılıq, kiyiz basıw hám basqa da ónermentshilik tarawları eń jayǵan. Ónermentshilik tarawları tiykarınan shańaraq hám xojalıq mútajliklerin qanaatlandıratuǵın dárejede rawajlanıp kelgen.

Qaraqalpaq xalqı ónermentshiliginiń jáne bir qásiyeti hám ózgesheligi sonda, onıń kóplep tarawları tikkeley shańaraq ónermentshiligi menen baylanıslı bolǵan. Ónermentler tiykarǵı kásibinen tısqarı, ásirese awıl sharayatlarında (ayırım waqıtlarda qalalarda da) diyqanshılıq, sharwashılıq hám balıqshılıq penen de shuǵıllanıp kelgen. Olardıń kópshilik bólegi óz ónimlerine natural túrde (dán, mol) miynet haqı alǵan. Bunday jaǵday natural xojalıq formasınıń saqlanıp qalıwı menen baylanıslı bolıp, eń dáslep awıllaslarınıń mútajlikleri hám buyırtpaları tiykarında ónermentshilik ónimlerin islep shıǵarılǵan. Bul dáwirde qaraqalpaqlarda ónermentshilik qalalardan tısqarı, awıl aymaqlarında da keńnen eń jayǵan.

1698-jılǵı hújjetlerde kórsetiwinshe, qaraqalpaqlar Sırdáryanıń tómenindegi qalalarda jasap, olardıń ózleri tárepinen qorǵasın, mıs, selitra óndirip shıǵarǵan. Qaraqalpaqlar otırǵan aymaqlarda, atap aytqanda Sırdárya boylarındaǵı Qarataw degen aymaqta qorǵasın islep shıǵaratuǵın orınları bolǵan.

Rossiyanıń mámleketlik iskeri I.Kirillov (XVIII ásir) Sırdáryanıń boylarında qaraqalpaqlar qazaqlar menen birge bul jerdegi tawlardan qorǵasın óndirip

[41] Сайманов С. Город Кунград и Аральское владание в XVIII в.// Вестник ККО АНРУз. № 4, 1996. –С.46-49; Город Кунград в сообщениях путешественников и ученых XIX в. (40-60-е гг. XIX в.)// Вестник ККО АНРУз. № 1-2, 1997.-С.54-57.

shıǵarǵanlıǵın hám olardan oqlar quyǵanlıǵın aytqan.

Bul dáwirde qaraqalpaqlardıń Sırdárya boyında qalaları bolǵan. Olardıң Túrkistan, Sıǵnaq, Sayram qalaları menen baylanısta bolıwı olardıń turmısında ónermentshiliktiń rawajlanıwına úlken jaǵday jasaǵan. Bul qalalar ónermentshilik-sawda orayları bolıp, Orta Aziyanıń Samarqand, Buxara, Xiywa hám basqa da qalaları menen bekkem baylanısta bolǵan.

Rossiya elshisi Filipp Nazarov kúndeliginde (1814-jıl) qaraqalpaqlar ónermentshiligi haqqında maǵlıwmatlar ushıraydı. Ol Sırdáryadan 10 verst uzaqlıqda jasawshı qaraqalpaqlar júnnen gilem hám gezleme toqıw óneri menen shuǵıllanatuǵınlıǵı haqqında jazıp qaldırǵan[42].

Temirshilik ónermentshiligi qaraqalpaqlar arasında ázelden keń eń jayǵan. Temirshi ónermentler tárepinen pazna, pıshaq, ketpen, bel, balta, oraq, pıshqı, qayshı, qırqlıq qayshı, zángi, taǵa, júwen, shege hám basqa da xojalıq ushın zárúrlı bolǵan ónimler islep shıǵarılǵan. Hár bir awılda 1-2 temirshi, ayırım awıllarda 7-8 temirshilik ustaxanası bolǵan[43].

Hátteki, XIX-XX ásir basında Sırdáryalı qazaqlar temir búyımlardı satıp alıw ushın tөmengi Ámiwdárya boylarındaǵı qaraqalpaq awıllarına kelip turatuǵın bolǵan. Temir ustashılıǵı atadan-balaǵa miyras sıpatinda ótip kelgen. Etnografiyalıq dereklerde 7-12 atasınan berli temirshi usta bolıp kiyatırǵanlar da ushırasadı.

Temirshilik penen birge shoyın qúyıwshılıq ónermentshiligi da keń eń jayǵan. Olar tiykarınan diyqanshılıq xojalıǵı ushın zárúrli bolǵan –pazna, sonday-aq qazan, bergenek, hár qıylı qálipler, zergerlerdıń búyırtpası boyınsha tós soqtı. Shoyın qúyıwshılıq ustaxanaları tiykarınan qalalardıń shetinde boldı.

Qaraqalpaq xalqı milliy mádeniyatı ózgesheliklerinen derek beriwshı kórkem ónermentshilik úlgileri zergershilik, keste toqıw, toqımashılıq, gilemshilik, aǵashqa naǵıs oyıw, súyekke naǵıs oyıw, teriden búyımlar islew qusaǵan ónermentshilik tarawları ónimlerinde ayqın kórinedi. Bul kórkem óneri tarawları belgili dárejede

[42]Назаров Ф. Записки о некоторых народах и землях средней части Азий. -Москва: Наука, 1968.-С.53.
[43] Өтемисов А. Қарақалпақлардың өнер-кәсиплери. –Нөкис,  Қарақалпақстан. 1991.-Б.14-15.

T.A.Jdanko, I.V. Savickiy, A. Allamuratovlar tárepinen úyrenilgen.

Hár bir xalıqtıń milliy ózgesheliklerin belgilewde zergerlik oneri ayrıqsha áhmiyetke iye. Sebebi hár bir zergerlik búyımları forması, naǵısları hám texnologiyası boyınsha birin-biri qaytalamaytuǵın milliy qásiyet hám ayrıqshalıqlarǵa iye. Qaraqalpaq zergerlik ónermentshiliginıń ájayıp úlgileri I.V. Savickiy tárepinen duzilgen illyustiraciyalı albomda berilgen[44].

Zergerler tiykarınan hayal-qızlardıń bezeniw búyımların islegen. Bul búyımlardı paydalanıw funkciyalarına qaray tómendegishe bólip kórsetiwge boladı:

1. Bas áshekóyleri - árebek, túrli formadaǵı sırǵalar.
2. Kókirek áshekóyleri – háykel, óńirmonshaq, gilt-shalǵısh, tumar, ayshıq, baqa, túyme, ilgek hám taǵı basqalar.
3. Qol áshekóyleri – júzik, bilezik.

Qaraqalpaqlarda XIX ásirde zergerlik isleri rawajlanǵan. Zergerler negizinen hayal-qızlar bezeniw buyımların, atlarǵa er-turmanlar islegen. Zergerler bezeniw buyımların negizinen gúmis hám altınnan islegen.

Tariyxıy dereklerde, XIX ásirde Aral teńiziniń boyında jasaǵan Arzımbet zergerdiń atı ushırasadı. Onıń jasaǵan jeri, Terbenbes awılı balıqshılıq, sharwashılıq, diyxanshılıq penen kúneltken. Ol qaraqalpaqlardıń eń ájayıp bas kiyimi bolǵan sáwkele islewge sheber bolǵan. Zergerler hár túrli bezeniw buyımlardı: sırǵa, bilezik, giltbaw, júzik, háykel, óńirmonshaq, túyme, tumarsha islep bazarlarǵa aparıp satqan. Zergerlerde tós, kórik, shókkish, úsh qırlı egew, qashaw, qısqısh, iskenje, sımtarash, teskish, keskish, temir kesew, dáneker, kepkir hám basqa da kóplegen qural-saymanlar bolǵan.

Bunnan tısqarı, zergerler mısquman, mıs dúmshe, lágen, naspay shaqsha, sandıq, zulp hám basqa da bezew zatların soqqan. Qaraqalpaq zergerleri óz qollarınan shıqqan bezeniw búyımların bir-birinen ózgeshe etip islegen. Qaraqalpaq xalqınıń temirshilik, shoyın qúyıwshılıq, zergerlik ónermentshiligi arnawlı túrde qánigeler tárepinen búgungi kúnge shekem úyrenılmegen.

Qaraqalpaqlar arasında keńnen eń jayǵan ónermentshilik tarawlarınan jáne biri

[44] Государственный музей искусств Каракалпакской АССР.-М.: 1976. –С.65-85.

ağash ustashılığı bolıp esaplanadı. Etnograf alım A. Ótemisov tárepinen XIX ásir aqırı XX ásir baslarındağı qaraqalpaqlar arasındağı ağashqa islew beriw ónermentshiligi úyrenilgen[45]. Ağash ustaları awıl xojalığı ushın zárúr bolğan - shığır, gúnde, moyıntırıq, mala, arba, xojalıq ushın – sandıq, gúbishelek, keli-kelsap, besik, ıdıs-tabaq, qasıq, er-turman, ónermentshilik ásbapları - sharıq, úyshik, qozaq, órmek, balıqshılıq ushın túrli kólemdegi kemeler, saz ásbapları – duwtar, qobız sıyaqlı ónimlerdi jasadı. XIX ásir aqırı XX ásir baslarına kelip ağash ustashılığı qánigelesken bir qansha tarawlarğa ajıraladı. Olardan qara úy esiklerin salıwshı ustalar - ergenekshi, sandıqshı, úyshi, ershi, besikshi hám basqa da sheber ustalar boldı. Ağash ustashılığında arba, qayıq, shığır, qara úylerdı islew oğada quramalı esaplanğan. Sonıń ushın da bul búyımlar búyırıtpa tiykarında tayarlanğan.

Sonday-aq, ağashqa nağıs oyıw ónermentshiligi úlgileri qaraqalpaq milliy mádeniyatınıń ózgesheliklerin kórsetedi. Nağıs oyıwshı ustalar, kóbinese, xojalıq búyımları sandıq, sabayaq, ergenek, aq baslı er, pıshaqlardıń sabına, qamıt ağash, duwtarlarğa ağashtan geometriyalıq hám ósimlik tárizli nağıslar oyıp salğan. Ustalar ağashtan tısqarı, súyekke de nağıslar salıwğa sheber bolğan. Olardan aq baslı er, ala moynaq duwtarlarğa súyekten oyıp ájayıp geometriyalıq nağıslar salınğan. Qaraqalpaq xalqınıń ağashqa nağıs oyıw ónermentshiligi arnawlı túrde kórkem óner ğayretkeri I.V. Savickiy tárepinen úyrenilgen[46]. Ol "Qaraqalpaqlarda ağashqa nağıs oyıwshılıq" miynetinde qaraqalpaq kórkem ónerinin bay tariyxı hám ózine tán qaytalanbas ózgesheliklerine toqtap ótedi.

Sheber ustalarımız tárepinen soğılğan aq baslı er, astaxta, nasbay tostağan, qálip ağash, sabayaq, ergenek, duwtar, qobız qusağan ağashtan jasalğan ónermentshilik búyımları búgingi kúnde Qaraqalpaqstan Respublikasındağı kórkem óner muzeyi, úlke tanıw muzeyleriniń eksponantlarınan orın alğan[47].

Sonday-aq, qaraqalpaqlarda jergilikli ağash ustaları qapı dárwaza, shığır, arba,

---

[45] Утемисов А. Из истории деревообделочного производства каракалпаков XIX – начала XX веков//Вопросы истории, археологии и этнографии каракалпакстана. –Нукус. 1993. Вып.II-С.72-98.
[46] Савицкий И.В. Резьба по дереву каракалпаков. –Ташкент. 1965.
[47] Камалова Г. Гөззал үлке. –Нөкис. Қарақалпақстан, 1986. –Б.32-33.

qayıq h.t.b. kúndelikli turmısqa kerekli buyımlardı tayarlaǵan. Shiyki zat kópshilik waqıtta buyırtpashı tárepinen alıp kelingen. Máselen 5 sajen (1 sajen – 2,134 metr) uzınlıqtaǵı hám 2 sajen keńliktegi qayıqtı tayarlaw ushın 40 kún sarıplanǵan. Tólemi uzınlıǵına qarap 9-11 rubtı (rub-patsha Rossiyası pul birligi) quraǵan. Bir arbanı tayarlawǵa 30-35 kún waqıt sarıplanǵan onıń bahası 12 -18 rubqa shekem bolǵan [48].

Qaraqalpaqlarda aǵashtan hár túrli qural-saymanlardı, at-arbalar, eshek-arbalar hám basqa da buyımlardı isleytuǵın ustalar há bir awılda hám qalalarda bolǵan. Sonday-aq, jer isleri ushın kerek bolǵan gúnde, mala, shıǵır isleytuǵın ustalar bolǵan. Ustalardıń túrleri hám olar soǵatuǵın zatlardıń túrleri kóp bolıp, toqımashılıq zatların solardıń ishinde qozaq, órmek, shıǵırıq, úy turmısında paydalanatuǵın tabaq, qası hám basqa da zatlar keń túrde islep shıǵarılǵan. Geypara ustalar xalıqtıń muzıkalıq ásbapların: qobız, duwtar islep shıǵarǵan.

Úyshi ustalar qara úylerdiń esiklerine, arshalarǵa, sandıqlarǵa oyıp, ájayıp súwretler salǵan. Qaraqalpaqlardıń turmısında qara úy úlken orın iyelep, olardıń tiykarǵı jasaytuǵın ornı bolǵan. Sonlıqtan da olardıń arasında úy soǵatuǵın úyshiler úlken orın iyelegen. Olar ózleriniń arnawlı pirine iye bolıp, onıń atın Ibrayım Xalil dep ataǵan. Úy soǵatuǵın arnawlı aǵashlardan paydalanǵan. Olardan jánewit tal, torańǵıl, aq tal, aqsógit, qaratal paydalanılǵan. Qaraqalpaqlardıń úyleri hár túrli kólemde bolıp 6 qanat, 7 qanat, 8 qanat hám onnan da kóbirek bolǵan. Hátteki bay adamlardıń 12 qanattan ibarat úyleri bolǵan.

Qaraqalpaqlarda qara úylerdı islewshi ustalardı úyshiler dep ataǵan. Sonday qara úy soǵıwshı ustalardan biri Qıdır Ernazarov bolıp XX ásirdiń ortalarında jasaǵan. Onıń ata babaları hám úyshi bolıp, ata babasının kásibin dawam ettirgen. Qara úydiń materialları qaratal, aqtal, orıs terek sıyaqlı aǵashlardan tayarlanǵan. Qonıratta úy soǵıwshı ustalar 15 bolıp olardan 13 qazaq, 2 qaraqalpaq bolǵan. Úyshiler jılına ortasha 150 qara úy soqqan hám hár qaysısın 190 rublge satqan. Úyshilerdiń ózleriniń piri bolǵan. Qıdır úyshiniń aytıwınsha úyshilerdiń piri

[48] Военно-статическое описание Туркестанского военного округа. Хивинский район: -С. 327.

birinshi bolıp qara úy soqqan Ibraxim Xalil bolıp, onı Mákkeden kelgen dep esaplaydı [49].

Etnografiyalıq dereklerde Shımbayda Mırzan usta arba, shıǵır, ergenek soqqan, Moynaqta Seytmurat usta qara úy, ergenek soqqan, naǵıs oyǵan, Kegeylide Pirlepes usta er soqqan h.t.b. bir qansha ustalar óz ónerleri menen tanılǵan edi[50].

Qaraqalpaqlarda jip iyiriw, toqımashılıq, kiyiz basıw sıyaqlı ónerler úy ónermentshiliginde baslı orında turǵan. Bul ónerler hár bir xojalıqta hayal-qızlardıń tiykarǵı kásiplerinen biri boldı. Olar, tiykarınan, paxta hám júnnen gezlemler toqıdı. Dástúr boyınsha hár bir shańaraqta qız bala jip iyiriw hám toqıw usılların jaqsı ózlestiriwi shárt edi. Bunday toqımashılıq ónimleri tek ǵana bazarǵa shıǵarıw ushın emes, al tiykarınan xojalıqta paydalanıw maqsetlerinde islep shıǵarılǵan.

Qaraqalpaq qızlarına jaslayınan úydiń ishki isleri menen birge toqımashılıq hám milliy kesteshilik óneri úyretilgen. Olar kestelenbegen, naǵıssız kiyim kiymegen. Gózzallıqtıń ıshqıpazı bolǵan qaraqalpaq hayal-qızları tek kiymeshek, jegde, beshpent, shapan, kóylek kusaǵan ústki kiyimlerin ǵana emes, baslarına kiyetuǵın sáwkele, taqıya, túrme, mádeli hám aydınlılardıń da túrli naǵıslarda bezetiliwine, estetikalıq shırayına ayrıqsha itibar bergen.

Siyasiy, sawda-ekonomikalıq qatnasıqlarǵa baylanıslı qaraqalpaq xalqı milliy kiyim – kenshekleriniń materialları ózgerip, jańa kiyim kenshek túrleri payda bolǵan. Qaraqalpaqlar Xiywa xanlıǵı quramında bolǵan waqıtlarda xiywalı sawdegerler tárepinen alıp kelinetuǵın buxara shayıları hayal-qızlardıń kiyimleri, ásrese shapanlarında keń paydalanılǵan. 1874- jıldan soń Rossiya imperiyası quramında bolǵan dáwirlerde orıs sawdegerleri óz tovarların qaraqalpaqlar arasına alıp kelip satqan. Qaraqalpaq qız kelinshekleriniń baslarına oraǵan mádeli, túrme, aydınlıları usı dáwirden paydalana baslaǵan[51].

Qaraqalpaq kestelew óneri úlgileri tek hayal-qızlarımızdıń kiyimlerinde

---

[49] Шалекенов У.Х. Казахи низовьев Амударьи. Ташкент,1966.-С.212-214.

[50] Алламуратов А. -С. 86-89

[51] Камалова Г. Гөззал үлке. –Нөкис. Қарақалпақстан, 1986. –Б.20.

ǵana emes, balalardıń taqıyalarında, gúrte hám gúrteshelerde de, er adamlardıń shekpenleriniń jaǵasında hám jeńlerinde de, attıń jipek jonalarında, ayıllarında, kózliklerinde de sáwlelengen. Qol ónermentshiligi búyımları geometriyalıq, tábiyat kórinisi, ósimlikler hám haywanatlar dúnyasına tán naǵıslar menen bezelgen.

Etnografiyalıq materiallar tiykarında talqılawlarǵa qaraǵanda qaraqalpaq kestelew óneri naǵısların ekige ajıratıw múmkin:

1. Áyyemnen kiyatırǵan milliy naǵıslar

2. Qonsı xalıqlar menen mádeniy baylanıslar nátiyjesinde kirip kelgen naǵıslar. Etnograf T.A. Jdanko miynetlerinde qaraqalpaqlarda dáslep 60 tan aslam naǵıs túrleri hám atamaları bolǵan dep kórsetedi. Ol óz miynetinde 30 ǵa jaqın naǵıs atamaların hám úlgilerin keltiredi[52].

XIX aqırı hám XX ásir baslarında Qaraqalpaqstandaǵı Shımbay, Dawqara, Shoraxan, Qońırat, Xojeli, Qıpshaq, Mańǵıt, Raxman-Berdibiy bazar sıyaqlı qalalarda ónermentshilik hám sawda-satıq bir qansha joqarı dárejede rawajlanǵan. XIX ásir aqırı hám XX ásir baslarında Ámiwdárya bóliminde jámi bolıp 1445 ónerment bolǵan, ortasha esapta bir temirshi usta 304 xojalıqqa, bir etikshi 87 xojalıqqa, bir aǵash ustası 204 xojalıqqa xızmet etken[53].

Búl dáwirde Shımbay qalasında ónermentshiliktiń kóplep tarawları iskerlik kórsetken. Qaraqalpaqlar arasında bolǵan Riza- kuli –Mirza (1870 jj.) maǵlıwmatlarına kóre, Shımbayda 20 sabın islep shıǵaratuǵın, 16 etikshilik, 6 temirshilik, 10 aǵash ustaxanası, 8 teri ónimlerin islewshi, 5 bas kiyim cexi, 10 juwazxana, 8 nanbayxana, 20 qassapxana, 5 zergerlik, 3 gulalshılıq, hámmesi bolıp xalıqqa xızmet kórsetiwshi 145 ónermentshilik dúkanları bolǵan[54].

Bunnan tısqarı, Shımbay uchastkasında bazar kúnleri túrli ónimlerdı satıwshı jámi 400 ge shamalas dúkanlar bolǵan. Olardan 28 dúkanda kiyim-kenshek, 26 dúkanda temirshilik, 32 - boyaw ónimleri dúkanı, 6 kómir dúkanı, 4

---

[52] Жданко Т.А. Изучение народного прикладного искусства каракалпаков/Советская этнография. Вып.4. – М.: 1955..Ее же: Народное орнаментальное искусство каракалпаков //ТХАЭЭ. –том. III. –М.: 1959.
[53] Өтемисов А. Қарақалпақлардың өнер-кәсиплери. –Нөкис, Қарақалпақстан. 1991.-Б.10-11.
[54] Риза Кули-Мирза. Краткий очерк Аму-дарьинской области. –СПб., 1875. –С.26-29.

balıq dúkanı hám basqada.

Bul dáwirde Shımbay qalası Ámiwdárya boyındaǵı iri sawda-satıq hám ónermentshilik orayı sıpatında qáliplesedi. Bazar kúnleri Shımbayǵa átrapdaǵı qala hám awıllardan 7000 ǵa jaqın adam jıynalatuǵın bolǵan.

Ámiwdárya ekspediciyası aǵzası A.V. Kaulbars miynetlerinde de (1874 jj.) Shımbay qalasındaǵı ónermentshilik hám sawda-satıq dúkanları haqqında maǵlıwmatlar berilgen. Onıń maǵlıwmatlarına kóre Shımbayda sawda-satıq hám ónermentshilik dúkanları sanı turaqlı bolmaǵan, yaǵnıy gúzde kóbirek, jazda bir qansha az bolǵan. Máselen, etikshilik ustaxanaları gúzde 30 ǵa jaqın bolsa, jazda 15, kiyim-kenshek dúkanları gúzde – 60, jazda 20 ǵa jaqın bolǵan.

Ámiwdárya ekspediciyasınıń jáne bir aǵzası A.Kún (1874 jj.) maǵlıwmatlarına kóre, Shımbay qalası usı dáwirde Ámiwdáryanıń tómengi tárepinde qaraqalpaqlardıń oraylıq qalası esaplanıp, qalada turaqlı islewshi 150 ge jaqın dúkan hám ustaxanalar bolǵan. Bazar kúnleri qaladaǵı dúkanlar sanı 400 deń aslam bolǵan. Bazar dúyshembi hám sárshembi kúnleri bolıp ótken. Sawda-satıq ushın Xojeli, Úrgenish hám basqa qalalardan paxta, balıq hám túrli ónermentshilik ónimleri alıp kelinedi[55].

XIX ásir aqırı hám XX ásir baslarında Qaraqalpaqstannıń iri qalalarında ónermentshilik tarawları rawajlana baslaydı. Olardıń ayırımları korporaciya yamasa artellerge birlesedi. Ónermentler óz tarawları boyınsha qollanbalarǵa (risala) iye bolıp, ustaz hám shákirt dásturi keń tarqalǵan. Kópshilik jaǵdaylarda kustarlıq kárxanalardaǵı birlespe aǵzaları tuwısqanlardan dúzilgen. Hár bir birlespede ortasha 3-4 adamnan 20 adamǵa shekem islegen.

Bunnan tısqarı, Xiywa xanlıǵında – Qonırat, Xojeli hám Góne Úrgenish bekliklerinde de qaraqalpaqlar ónermentshiliktiń turlı tarawları menen keńnen shuǵıllanǵan.

Ámiwdáryanıń tómengi alabındaǵı qaraqalpaqlardıń iri sawda-satıq hám ónermentshilik oraylarınan jáne biri Qonırat qalası bolǵan. XIX hám XX ásir

---

[55] Кун А.Л. Культура оазиса низовьев Амударья от Кунграда до Чимбая.// Туркистанский сборник. Том.123.- С.223-259.

baslarında qala bazarı ishki hám sırtqı sawda da úlken áhmiyetke iye bolǵan. Xiywa xanlıǵına kelgen elshi V. Aleksandrovtıń maǵlıwmatlarına kóre, Qonırat qalasında 300 ge jaqın sawda hám ónermentshilik dúkanı bolǵan[56].

Elshisi G.I.Danilevskiy (1842-1843 jj.) diń “Xiywa xanlıǵı haqqında maǵlıwmatlar“ shıǵarmasında Shımbay, Xojeli hám Qońırat qaraqalpaqlardıń oraylıq qalaları sıpatında táriyplenedi [57]. Aymaqta Xojeli qalası da úlken áhmiyetke iye. Qala átirapında Arallı ózbekler menen birge qaraqalpaqlar da jaylasqan. Shımbayda úlken karwan saray, 150 dúkan, Qonıratta 350 dúkan, Xojelide 150 dúkan bar. Qonırat bazarında bazar kúnlerinen basqa kúnlerde turaqlı sawda boladı.

Sonı ayrıqsha atap ótiw kerek, qalalardaǵı dúkanlar tek ǵana sawda-satıq dúkanları bolıp qalmastan, olardıń kópshiliginde ónermentshilik ónimleri islep shıǵarılǵan hám sol jerde sawdaǵa shıǵarılǵan.

XIX -XX ásir basında Qaraqalpaqstan aymaǵındaǵı oraylıq qalalardan tısqarı, Qıpshaq, Mańǵıt, Raxim-Berdibiy – Bazar, Shax-Abad-Vali qala - qorǵanlarında da ónermentshilik hám sawda dúkanları iskerlik kórsetken. Olardan Qıpshaq qalasında 10 ónermentshilik hám sawda dúkanı, Raxim-Berdibiy bazar qorǵanı ishinde 50 ge jaqın ónermentshilik xám sawda dúkanı bolǵan [58].

Raxim-Berdibiy bazar aymaǵında on eki awıl bolıp, túrli millet wákillerinen quralǵan: ózbek, qazaq, qaraqalpaq, hátteki túrkmenler de bolǵan.

Bul dáwirde Shax-Abad-Vali qala qorǵanında 200 úy, 15 dúkan, 2 meshit hám 2 mektep bolǵan. Bul jerge bazar kúnleri qónsı qalalar Xanqa, Úrgenish, Shoraxan, Raxim-Berdibiy bazardan sawdegerler kelgen.

Qaraqalpaq milliy ónermentshiligi rawajlanıwında xalıqtıń geografiyalıq jaylasıw sharayatı, kásip-kári, turmıs-tárizi, mádeniy dárejesi, qońsı xalıqlar menen mádeniy-ekonomikalıq baylanısları hám siyasiy faktorlar áhmiyetli rol oynaǵan.

---

[56] Сайманов С. Город Кунград в сообщениях путешественников и ученых XIX в. (40-60-егг. XIX в)// ӨзРИА ҚБ «Хабаршысы» 1997. №1-2. –С.47-49.

[57] Данилевский Г.И. Описание Хивинского ханства //Записки Русского географического общества. Кн V. -СПб., 1851.

[58] Кун А.Л. Культура оазиса низовьев Амударьи от Кунграда до Чимбая // Туркестанский сборник. Том 123. -С. 236 -244.

Atap aytqanda, rus kapitalınıń kirip keliwi nátiyjesinde XIX ásir aqırında Qaraqalpaqstan aymaǵında ishki hám sırtqı sawdanıń ósiwi baqlanadı hám jańa bazarlar qáliplesedi. Qala hám awıllarda natural xojalıq ornına bazar qatnasıqları keń en jayıp basladı. Sawda-satıq hám bazar qatnasıqlarınıń rawajlanıwı, óz náwbetinde, búl dáwirde ónermentshilik tarawlarınıń rawajlanıwında da úlken áhmiyetke iye boladı.

**Sawda-satıq**. Qaraqalpaqlar arasında ázelden sawda qatnasıqları jolǵa qoyılǵan. Sawdagerler tuwralı awızeki xalıq dóretpelerinde kóplegen maǵlıwmatlar saqlanǵan. Qaraqalpaq sawdagerleri XVIII ásirde Tashkent, Samarqand, Buxara, Xiywa hám t. b. qalalar menen sawda islegen. Olar otırǵan aymaqlardan sawda kárwanları Rossiyaǵa, Qıtayǵa hám basqa da ellerge ótip turǵan. Rossiya tárepinen Orenburg sawda liniyasınıń qurılıwı bul qalanıń Orta Aziya arqalı sawda qatnasıǵınıń artıwına alıp kelgen. Endi Orta Aziyadan Orenburgqa sawda kárwanları tez-tez jiberilip turılǵan. Qaraqalpaqlar usı qolaylı jaǵdaydan paydalana bildi hám bunıń ayqın mısalı etip 1722-jılǵı mıń túyeden ibarat bolǵan sawda kárwanın jibergen. Usı jılı kárwanlardıń elshileri Rossiyaǵa kelip, eki el arasında sawda baylanıslarınıń qáwipsizligin támiyinlewge erisedi.

Qaraqalpaqlar ózleriniń óndirgen zatları menen birge olar Buxaralı sawdagerlerdiń arasında dáldálshilik xizmetin de orınlaǵan. Ásirese, olar Buxara hám basqa qalalarda óndirilgen qural-jaraqlardı alıp satqan.

Qaraqalpaqlar hám qazaqlar arasındaǵi sawda baylanısları XVIII ásirde kúshli bolǵan. Qazaqlarda sharwashılıq túrleri: qoy ósiriw hám túyeshilik bolsa, al qaraqalpaqlarda: diyqanshılıq hám iri qara mal ósiriwshilik bolǵan. Bul jaǵday qazaqlar menen qaraqalpaqlardıń xojalıq zatlarınıń almasıwın talap etken hám eki xalıq arasında sawda baylanıslarınıń kúsheyiwine alıp kelgen.

XIX ásirge kelip qaraqalpaqlarda sawda qatnasları rawajlanıp xojalıqtıń áhmiyetli tarawına aylanadı. Xalıq tiykarınan awıl xojalıq ónimlerin ózlerine zárúrli ónermentshilik hám sanaat ónimlerine almastırǵan. Zat almasıwdıń rawajlanıwı menen qaraqalpaqlar arasında aqsha-tovar qatnasıqları rawajlanadı. Qaraqalpaqlar Xiywa xanı tárepinen shıǵarılǵan teńgelerdi paydalanǵan.Sawdanıń rawajlanıwı

menen qaraqalpaqlardıń adminstrativlik orayları hám iri elatlı punktleri sawda oraylarına aylanǵan.

Bazarlar iri sawda orayı bolıp, qaraqalpaqlardıń turmısında úlken áhmiyetke iye bolǵan. Qońırat, Shımbay, Xojeli, Nókis qalalarındaǵı bazarlar pútkil Xiywa xanlıǵında belgili bolǵan.

Bul jerde xalıq óziniń artıqsha zatların satıp zárúrli zatların alǵan. Ádette sawda tań azannan baslanıp qarańǵı túskenshe dawam etken. Bazarlarǵa tek ǵana jaqın átiraptaǵı xalıq jıynalıp qoymastan, alıstan basqa qalalardan da sawdagerler kelgen. Bul jerde qoy-eshki, túyeler, tawıqlar, at, mal, biyday, júweri, hár qıylı miyweler, balıqlar, mallar ushın ot-jem hám basqa da awıl xojalıq ónimleri menen birge xojalıq buyımları, ónermentshilik hám sanaat ónimleri satılǵan. Bazarda satılǵan ónimlerdiń óziniń ornı bolıp, mal bazar, dán bazar h.t.b. bolıp bólingen.

Bazarlar mádeniy hám siyasiy áhmiyetke de iye bolǵan. Bunda sawda barısında túrli jaqlardan kelgen adamlar ózleri menen birge hár qıylı xabarlar alıp kelgen. Bul xabarlar awızdan-awızǵa ótiw arqalı elge taralǵan, bazarshılar Bul xabarlardı óz awıllarına jetkerip barǵan.

Sonday-aq biylerdiń, hákimlerdiń, xannıń pármanların xalıqqa taratıw ushın bazarlarda jar saldarǵan. Jarshılar jeke adamlardıń xabarlarında bazarshılarǵa haqı alıp taratqan.

Bazar háptesine eki márte ótkerilgen, biybazar kúnleri sawda hár qıylı sawda oraylarında qurılǵan dúkanlarda ótkerilgen. Dúkanlarda sawda hár kúni ótkerlip, bunday dúkanlar iri sawdagerler tárepinen ashtırılǵan. Olardıń hár qálada bir neshe dúkanları bolǵan. Bul dúkanlarda jergilikli tovarlar menen birge Buxara, Xiywa, Rossiya bazarlarınan keltirilgen tovarlar satılǵan.

Qaraqalpaqlardıń Qońırat, Xojeli, Shımbay qalaları sıyaqlı iri sawda orayları bolǵan. Bul jerdiń bazarına suw jolı arqalı Xiywa sawdagerleri hár qıylı tovarlar alıp kelgen. Ásirese, Końırat temirshileriniń óndirgen ónimi Xiywa xanlıǵındaǵı eń sapalı ónim esaplanǵan. Końırat bazarına túrli jaqlardıń tovarları alıp kelingen. Bazarda arnawlı Rossiyadan alıp kelingen tovarlar ushın “orıs bazar“ dep atalǵan bazardıń bólimi bolǵan.

Xojeli qalası da iri sawda oraylarınıń biri esaplanǵan. Qala ishinde kóp sandaǵı dúkanlar, ustaxanalar hám basqa da hár qıylı sawda hám ónermentshilik kárxanları islep turǵan. Bul jerge xanlıqtıń arqa hám túslik aymaqlarinan de kóplep sawdagerler kelip turǵan.

XIX ásirdiń ortalarında sawdanıń rawajlanıwında Shımbay qalasınıń áhmiyeti oǵada úlken bolǵan. Bul qala usı dáwirdegi Ámiwdáryanıń oń jaǵalıǵındaǵı eń iri sawda orayı esaplanǵan. Shımbay qalasınıń Kegeyli kanalı boyında jaylasıwı xanlıqtıń oraylıq bólimlerinen suw transportı arqalı tovar alıp keliniwin ańsatlastırdı. Sonıń menen birge Shımbay átirapında qaraqalpaqlar tıǵız jaylasqan. Bul nárse sawdanıń rawajlanıwına hám Shımbay qalasınıń keńeyiwine tásir tiygizedi. Bul jerde sawdagerler kóplegen dúkanlar qurǵan.

1873-jılı Qaraqalpaqstanǵa kelgen rus izertlewshisi A.Kun Shımbay qalasında bolıp, Bul jerde 150 sawda dúkanı hám úlken kárwan saray bar ekenligin kórgen. Bunday dúkanlardıń sanı Qońıratta 350, Xojelide 150 hám Nókiste, Dáwqarada h.t.b. jerlerde de bolǵan.

Qaraqalpaqlar ishki bazardan tısqarı sırtqı bazar ushın da tovar óndirgen, qaraqalpaq sawdagerleri Xiywa, Buxara, Rossiya bazarlarına barıp sawda jasaǵan. Xiywa bazarlarında, ásirese qaraqalpaq qaramalları ótimli bolǵan. Qaqlanǵan balıqlar da sırtqı bazarda baslı tovarlardan esaplanǵan. Aral balıqları qublada – Buxara, arqada Rossiyaǵa sırtqı sawdaǵa shıǵarılǵan. Qaraqalpaq sawdagerleri Rossiyaǵa gúrish, temeki, mal terisi hám basqa da shiyki zatlardı sırtqı sawdaǵa shıǵarılǵan, Rossiyadan metalldan islengen ásbap-úskeneler, gezlemeler, oramallar h.t.b. zatlar alıp kelgen. Qaraqalpaqlar sawdagerleri Qońırat qalası arqalı Astraxan, Orenburg, Nijniy Novgorod qalalarına barıp sawda islep turǵan.

Usınday sawda baylanısları tiykarında qaraqalpaqlar arasınan iri sawdagerler jetisip shıǵadı. Rossiya menen sawda islewshi islewshi sawdagerler “orısshı“, Buxara menen sawda islewshi islewshi “Buxarshı“, ishki qalalar aralıq sawda islewshi sawdagerler “qalashı“ dep atalǵan. Sawdagerler tovarlardı bazarǵa suw jolları hám kárwanlar arqalı alıp kelgen. Suw transportında kemeshiler, saldawshılar, al kárwanda bolsa túyeshi, eshek hám at iyeleri – kárwan basılar

usınday xızmet atqarǵan.

XIX ásirde qaraqalpaqlardan Quwat, Qulmuxammed, Eshtemir, Molla Shuwaq usaǵan kárwan basılar Xiywa-Rossiya aralıǵında qatnas jasap turǵan.

**Milliy kiyim-kenshekleri.** Hár bir xalıqtıń jasaǵan tábiyiy ortalıǵına, xojalıq turmısına muwapıq ózine tán milliy kiyimleri bolǵan. Bul milliy kiyimleri olardıń ásirler dawamında qáliplestirip, qásterlep saqlap kelgen milliy mádeniyatınıń bir bólimi bolıp tabıladı. Qaraqalpaqlar ózleriniń kiyimleri arqalı da basqa xalıqlardan ajıralıp turadi. Bunda olardıń kiyimleri ózleriniń stili, fasonı menen ajıralıwı menen birge bul kiyimlerdi tigiwde olarǵa salınǵan naǵısları, kiyimlerdiń tayarlanıw usılları, jumsalǵan materialları menen de basqa xalıqlardan ajıralıp turǵan.

Sonday-aq, qaraqalpaklardıń milliy kiyimlerinde tek Oraylıq Aziya hám Qazaqstan, sonday-aq Ural hám Volga boyı xalıqlarınıń kiyimleri menen uqsaslıq bar ekenligi etnografiyalıq izertlewlerde dálillengen.

Qaraqalpaq xalqı kiyimlerdi úyde islep shıǵatuǵın óndiristiń ónimleri: paxta gezlemesinen, kendir jip gezlemesinen tayarlanǵan. Ádette sonnı aytıwımız kerek, paxtanı shigitinen ajıratıp sabaq formasına ákeliw ushın “Qozaq“ ta toqılǵan.

Bunnan tısqarı, Buxara hám Xiywadan alıp kelingen jipek gezlemelerdi de keń paydalanǵan. XIX ásirdiń ortalarınan anglishan, orıs mawtısı, shıtlar hám basqa da fabrika gezlemelerinen keń paydalanǵan.

Hayal-qızlardıń kiyimlerinen kóylek paxta gezleme yamasa taq qızıl qara kókshil jipek gezlemeden tigilgen. Al diz kiyimler jalaqlı materialdan kóbinese boyalǵan bózden tigilgen. Kamzoldıń óńirine hám jiyiklerine naǵıs salınǵan.

Qaraqalpaq hayal-qızlarınıń bas kiyimlerini qońsı xalıqlar hayal-qızlar bas kiyimlerinen úlken ayırmashılıqqa iye bolǵan. Qazaq hayalarına aq jawlıq, tán bolsa, al qaraqalpaq hayal-qızları hár qıylı tústegi gúlli oramallar tartqan. Jas qızlar taqıya, bir tartım oramal (oramal qızıl bolıwı shárt bolǵan) tartqan. Er jetken qızlar aydınlı menen túrmeni aralastrıp, haywan qaslap bas oraǵan, ushın shep jaǵınan shıǵarǵan. Onıń ústinen oraypek jamılǵan. Jaǵa qızıl sabaq penen enli etip jiyeklenip, onnan keyin hár túrli naǵıs salınǵan jaǵalı uzın kóylekler kiygen.

Kóylekke jeń ushı tigilgen. Olar qara-kókke boyalǵan, bózden tigilip naǵıslanǵan[59].

Hayal – qızlar toy merekege shıǵarda, bir jaqqa qıdırarda bulardıń hámmesiniń ústinen jegde jamılǵan. Jegde jamalatuǵın adamnıń jasına qaray eki túrge bólingen. Jas kelinshekler qızıl jegde jamılǵan. Keywanı hayallardıń jamlatuǵını “aq jegde“ dep atalǵan.

Jegde xalıqtıń turmısında, erteden kiyatırǵan milliy kiyim bolıp: Alpamıs dástanında bul haqqında bılay dep aytqan.

“Jegdesin qıya dep jamılıp, Bawırı ottay qamılıp“ dep jırlanǵan.

Jegde menen bir qatarda kiymeshek kiyimi esaplanǵan. Bul hayal – qızlardıń basına kiyetuǵın kiyiminiń biri bolıp, aldıńǵı jaǵı úsh múyeshli bolıp kelgen, naǵıslanǵan, qızıl ushıǵıdan ibarat bolıp, onda basqa kiyetuǵın tesik bolǵan. Artqı jaǵı uzın qoyılǵan Buxar shayısınan ibarat bolıp, ol tómengi jaǵınan naǵıslı “Quyrıqsha“ menen tutasqan[60].




Zergerlik buyimlari




Shogirme, postin, gewish

[59] Қарақалпақстанның жаңа тарийхы –Б.134.
[60] Археологические и этнографические работы Хорезмской экспедиции 1945-1948. -М.: 1957 г. -С.554







Sawkele, haykel ham kok koylek

Aq jegde

Etnograf ilimpazlar T. A. Jdanko, A. S. Marozova, R. Qosbergenov, S. Esbergenovanıń ilmiy izertlewlerinde kiymeshek haqqında kóplegen maǵlıwmatlar berilip talqılanǵan [61]. Kiymeshek hár bir qız tárepinen óz úyinde tigilip, kelinshek bolǵanan keyin kiyilgen. Kiymeshek kiyiw jas qızdıń ómirinde burılıs punkti bolıp, onnan arı qız atı qalǵan.

Qızıl kiymeshek kiygen hayaldıń tek bet aldı kórinedi shashı tolıǵı menen jabıladı. Onıń aldı, quyrıǵı qara ushıǵaǵa jipek sabaqlar menen hár túrli haywanatlardı elesletetuǵın qoshqar múyiz, qus qanat, qumırsqa bel, iyt taban, baqa h.t.b. naǵıslar bolǵan[62].

Bulardan basqa, júdá qartayǵan kempirler bolsa, basına topı kiygen. Jas qızlar erkeklershe basına “soppas“ kiygen. Kóylek dizeden tómen túsip, tobıqqa jeter-jetpes bolıp turıwı tiyis bolǵan. Jeńi de keń, uzın bolǵan. Kóylektiń jeńinen qoldıń ushı kórinbey turıwı tiyis bolǵan. Jumıs islep atırǵanda waqıtta jeńi túrip qoyǵan.

Hayal-qızlardıń kóylegi negizgi mayda toqılǵan bózden islengen. Bunı “bóz

[61] Жданко Т.А. Очерки исторической Каракалпаков (Родоплеменная структура и расселение в XIX – века XX века. 1950.; Марозова А. С. Следы древних форм семьи у кракалпаков. Т.: 1960; Қосбергенов Р. Қарақалпақ халықының колониал дәўирдеги мәденияты ҳәм турмысы. -Нокис.: 1970; Есергенова С. Қызыл киймешек – Ритуальная накидка Каракалпачек // Вестинки ККАО № 3. -С.83.
[62] Қарқалпақстанның жаңа тарийхы. -Б. 132.

kóylek“ dep ataǵan. Kiyetuǵın adamına qaray bul hár túrli naǵıslanǵan hám boyalǵan bolǵan. Jası ótken hayallar kiyse aq, yamasa sarǵılt rende boyalǵan, jaslar kiyse – qızǵısh reńde boyalǵan. Qızlar kiyetuǵın kóylek kóbirek shatırash kóylek bolǵan. Shatırash etip naǵıslanǵan, bunı “shatrash“ kóylek dep ataǵan.

Qaraqalpaq xalıq dástanı Ǵárip ashıqta bul haqqında bılay delingen,

Shatırash kóylegimdi gúlge sıldırla,

Barsań sálemdegil kelsin Ǵárbim.

Yamasa xalıq qosıqlarında, bul haqqında,

“Shatrash kóylek kiydim bawın baylamay,

Yarǵa wáde berdim keyin oylamay“, dep sáwlelengen. Hayal-qızlardıń kiyimlerinde adamlardıń sociallıq jaǵdayı da kásipleri de ańlatılǵan. Baydıń hayalları kóylekti pashshayıdan, jipekten de kiygen. Tiktirilgen zatına qaray bul “pashshayı“, “jipek kóylek“, “jupqa kóylek“ dep atalǵan. Hayal-qızlar kóyleginiń hámmesi uqsak formada bolıp, jaǵasınıń joqarǵı artqı jaǵı dóńgelek, tómengi jaǵı uzın bolıp, kókrekten tómen túsken. Hayal-qızlardıń kóylekleriniń jaǵları bólek islengen, bazarda satılǵan.

Hayal-qızlardıń belgili kiyimleriniń biri beshpent bolǵan. Óziniń pishimi boyınsha kóbirek hayal-qızlar kiyetuǵın gezlemeden isleniwi, sırtınıń naǵısı menen ǵana erkekler beshpentinen aıjıralıp turadı. Taǵı bir ayırmashılıǵı, hayallardıń beshpetiniń jaǵasınday tik jaǵa bolmaydı, dóńgelek jaǵa boladı. Sonday-aq hayallardıń gúpisi de, óziniń kóbirek jipek alashadan tigiliwi hám jaǵasınıń dóńgelek, hayallardıń beshpetine usaǵanlıǵı menen erkeklerdikinen ajıralıp turadı.

Hayallardıń ayırıqsha kiyimleriniń biri ishik-ton esaplanǵan. Bul túlkiniń terisinen yamasa hasıl mexattan tigilgen. Sırtı mawıtı menen qaplangan. Eki jeńi shıǵanaktan tómengi jaǵı “jeńse“ dep atalatuǵın, qoldan tigilgen naǵıs penen qaplanǵan. Bunday ishik ton bardamlı adamlardıń qızlarında bolǵan.

Hayal-qızlardıń ayaq-kiyiminiń negizin etik quraǵan. Sırtqı formasına qaray: “jaytaban“ dep, “biyik ókshe etik“ dep ekige bólgen.

Qız-kelinshekler gewish-mási de kiygen. Mısalı, ápiawayı mási bolıp, kiyetuǵın gewishi ayırıqsha naǵıslanǵan bolǵan. Bunı “Sawır gewish“ dep ataǵan. Sawırı

gewish jaqsı teletinnen tigilgen Biyik ókshe bolǵan. Gewishtiń siri jaǵı “Kók sawırı“ menen qapalaǵan. Ol gewishke ayırıqsha tús bergen. Kók sawırı mayda sarı jez shege menen bektilgen. “Kók sawırı“ eshektiń sawır terisinen alınǵan, keyin kókke boyalǵan, keyin gewishtiń sirisine qaǵılǵan. “Sawırı gewish“ dep atalıw sonnan kelip shıqqan. Bul XX ásirge deyin ayaq kiyimniń eń keń taralǵan túri bolıp, qaraqalpaq xalqınıń áyyemgi zamanlardan saqlanǵan túri bolıp tabıladı. Mısalı qaraqalpaq xalıq dástanlarınja bul haqqında maǵlıwmatlar berilgen.

Hámire aytar ayaqında dupayı,

Sawırı gewish altın gúmis nál bolsın“ dep “sawırı gewish“ atamasın jırlaǵan, jaslıq jigerdi ómirdiń, muhabbattıń tımsalı sıpatında táriyiplegen[63].

Ullı shayır Ájiniyaz qosıqlarında qaraqalpaq qızlarınıń sulıw kórkin ájayıp qatarlarda táriypleydi. Ásirese, kiyimleri kórkem túrde kórsetip berilgen.

Kiyedi kók sawırılap gewish-mási,
Óńirinde óńirmonshaq on túymesi,
Kóylegi darayıdan, kiymeshegi,
Janında júrer baslap jeńgeshesi,

Hayal-qızlardıń kiyimlerindegi kóp ónerli islengeni kók kóylek, sáwkele, qızıl kiymeshek, al olardıń bezeniw zatlarınan zergerler soqqan júzik, bilezik, árebek, háykel, shar túyme, óńir monshaq 8 túyme taǵılǵan óńirshe bolǵan.

Ájiniyaz Qosıbay Ulınıń dóretiwshiliginde qaraqalpaqlardıń XIX ácirdegi úrip-ádet dástúrleri, kiyimleri, bezeniw zatları “Ájiniyaz benen qız Meńeshtiń aytısı“ shıǵramasında óz kórinisin tapqan.

Kóshkende kóleńkeli bar kúymesi,
Kóylegi darayıdan on túymesi,
Shıldırı, óńir monshaq bar jánesi,
Bilezik, júzik, sırǵa kóp nemesi,

Beli qılday, óńirinde hár túymesi, dep qaraqalpaq qızlarınıń kiyimleri, kóylek kiyse, kóylegine hár túrli gúmis teńge, xan teńge, túyme ústinen háykel monshaq, qolına bilezik, barmaǵına júzik, qulaǵına sırǵa salǵanǵanlıǵın dálilleydi.

[63]Sayatqan Hámire dástanı. -76.

Tiykarınan Ájiniyazdıń “Qız Oraz“ dep atalǵan qosıǵında bılay degen edi.

Atası Ábil kátquda, mola Tájidur aǵası,
Zerbaraq altın quılmısh taqqan anıń sırǵası,
Kiygeni jánnet ishik, qundız tutılmısh yaǵası,
Hayt mereke, toyǵa shıqsa bárshe qızdıń aǵlası,
Altın háykel, gúmis shıtaq óńir monshaq taqqanı, [Ájiniyaz:30].

Toy –merekede hayal-qızlar qızıl kiymeshekler, sonday-aq gúmis hám bahalı taslar menen bezetilgen sáwkele kiygen.

Sáwkele bórigi tórt say kiyizden biriktirilip, olardıń arası, qara sukno(mawtıdan ushıǵa), hár saydıń qızıl ushıǵa menen qaplanıp bóriktiń mańlayına xatep tuyıq islengen, onıń eki tárepine silsene (gúmisten islengen altın jalatqan japraqshalar menen ilgek túymeler shınjır menene dizbeklengen sheńber) taǵılǵan. Bórik ústinen sáwkele tóbeligi – gúmisten zerger islegen bas kiyim kiyilgen.

Sáwkeleniń shekligine alqımına hár túrli marjanlar, monshaqlar taǵılǵan. Sáwkele tóbeliginiń artına, qızdıń eńsesesinen tobıǵna shekem arnawlı bózden toqılǵan, eni 20-25 sm 2 xalqa taǵılıp, olardıń aqırı bir neshe barmaqshalarǵa bólingen. Sonday-aq, sáwkele-jawınger, hákim, patshalardıń bas kiyimi degen de túsindirmeler bar. Bul túsindirmelerdiń bárin biriktirip, sáwkele káramatlılıqtı kórsetetuǵın bas kiyim dese boladı. Sebebi jawınger urısqa túskende sáwkele arqalı oqtan aman qalıwdı kútse, patsha basqalardan ózgeshe kúdiretke iye bolıp kórinse, shashqa sıyınıw (aydar, saqal h.t.b. izleri elege shekem turmısımızda bar)[64].

Usı pikirdiń tastıyıqlaw tiykarında qaraqalpaq xalıq dástanı “Qırıq-qız“ dástanında Gulayımnıń kiygen bas kiyimin alıp qarasaq boladı. Sáwkele gúmisten islenip, marjanlar taǵılıp islengenlikten ol qımbat bolǵan. Jası úlkenlerdiń aytıwınsha, sáwkele Aral teńizin jaǵalap jasaǵan qońırat qáwimi arasında kóp bolǵan. Qaraqalpaq hayal –qızlarınıń kiyimlerinde, olardıń jasına, sociallıq jaǵdayına qaray óz-ara belgili bir toparlarǵa bólinip, jámiyette belgili wazıypalardı

[64] Этнография каракалпаков. –С. 94-97.

atqarǵanın, ol kiyimlerde belgili bir túsiniklerdiń, tártiptiń izlerin kóremiz[65].

Siyasiy, sawda-ekonomikalıq qatnasıqlarǵa baylanıslı qaraqalpaq xalqı milliy kiyim – kenshekleriniń materialları ózgerip, jańa kiyim kenshek túrleri payda bolǵan. Qaraqalpaqlar Xiywa xanlıǵı quramında bolǵan waqıtlarda xiywalı sawdegerler tárepinen alıp kelinetuǵın Buxara shayıları hayal-qızlardıń kiyimleri hám shapanlarında keń paydalanılǵan. 1874 jıldan soń Rossiya imperiyası quramında bolǵan dáwırlerde órıs sawdegerleri óz tovarların qaraqalpaqlar arasına álıp kelip satqan. Qaraqalpaq qız kelinshekleriniń baslarına oraǵan mádeli, túrma, aydıllıları usı dáwırden paydalana baslanǵan[66].

*Er adamlarınıń kiyimleri:* XVIII ásirdegi qaraqalpaqlardıń er adamlarınıń kiyim-kenshekleri házirgi qaraqal¬paqlardıń kiyimlerinen ayırım ózgesheliklerge iye bolǵan. Qaraqalpaq bas kiyimleri arqalı da basqa xalıqlardan ózgeshelenip turǵan. Erler basına taqıya, malaqay, qurash hám shógirmeler kiygen. Solardıń arasınan jas qozılardıń terilerinen islengen shógirmeler úlken áhmiyetke iye bolǵan. Shógir¬meler qurash dep te atalǵan. Qaraqalpaqlar basına qoy terisinen júnin sırtına qaratıp tigilgen bas kiyim shógirme yamasa qurash dep atalǵan.

Ilimpazlardıń aytıwına qaraǵanda, qaraqalpaqlar usınday bas kiyim kiygenligi sebepli “qaraqalpaqlar“ dep atalǵan. Bunnan basqa taqıya dep atalǵan bas kiyim bolǵan. Olar óziniń ózgesheligi menen basqa xalıqlardıń kiyimlerinen ajralıp turǵan.Ústi kiyimlerden kóylek, ishtan bóz gezlemeden toqılǵan. Shekpen túye júninen, shapan paxtadan islengen.

Qaraqalpaqlardıń er adamlarınıń kiyimleri ishinde ton úlken orın iyelegen. Tonlardıń bir neshe túrleri bolǵan. Bulardan qoy terisinen tigilgen tonlar, tay terisinen tigilgen -tayshaxı, eshki terisinen tigilgen -qılqanı aytsa boladı. Tayshaqı menen qılqanı tiykarınan padashılar kiygen. Bul tonlar terisi ishke, júni sırtqa qaratıp tigilgen. Qaraqalpaqlar kóbinese qıstıń kúnleri qoy terisinen tigilgen ton kiyetuǵın bolǵan. Bunda qoy terisi iylenip jumsartılıp, soń júni astarǵa qaratıp tigilgen. Sırtı sulıw etip hár kıylı boyawlar menen boyalǵan. Ton tek ǵana jıllı

---

[65] Қарақалпақстанның жаңа тарийхы. Қарақалпақстан XIX әсирдиң екинши ярымынан XXI әсирге шекем. Нөкис «Каракалпакстан» 2003. –Б.132.
[66] Камалова Г. Гөззал үлке. –Нөкис. Қарақалпақстан, 1986. –Б.20.

júriw ushın ǵana emes, al sán ushın da kiyilgen. Xalıq arasında saqlanǵan ańız boyınsha belgili qaraqalpaq biyi Aydostıń “qısta ton kiymegen, jazda qatıq ishpegen qaraqalpaqtan keńes sorawǵa bolmaydı“, dep aytqan sózi usı waqıtqa shekem saqlanǵan.

Sonıń menen birge, er adamlar kóylek, beshpent, shapan hám shekpenler kiygen. Bellerin qayıs hám belbewler menen buwatuǵın bolǵan. Belbewlerdiń qamarı belbew, gúdarı belbew sıyaqlı túrleri bolıp, olardıń bir neshe pıshaqlar ushın, shay qalta ushın arnawlı qınları bolǵan.

Erler ayaǵına etikler, másiler, gewishler kiygen. Ayaq kiyimler hár qıylı mallardıń terilerinen tigilgen. Etiklerdiń bir neshe túrleri bolǵan. Olardan uyıq, sharıq, baykem etik. Bunday etiklerdi tigetuǵın hár bir awılda hám qalada arnawlı etikshiler bolǵan.

Qaraqalpaqlar qızların jaslayınan kiyim tigiw, órmek toqıw, keste tigiw sıyaqlı sheberlik islerge úyretip kelgen. Hár bir qız turmısqa shıǵaman degenshe qaraqalpaq milliy kiyimlerin tigiwdi, milliy naǵıslar toqıwdı biliwi tiyis bolǵan.

Qaraqalpaq qız-kelinsheleriniń kiyim-kenshekleri naǵıslar menen bezelip, kiyimler hár túrli reńlerge iye bolǵan. Ásirese olar qızıl kók reńdegi gezlemelerden tigilgen kiyimlerdi kóp kiygen. Hayal-qızlar kóylektiń sırtınan shapan, beshpent, jeńse kiygen. Al jası úlken hayallar hám kempirler aq reńdegi gezlemeden tigilgen kiyimler kiygen.

Jas qızlar basına taqıya kiygen, oramal tartqan. Er jetken qızlar basların sulıwlap orap, sırtınan oraypek jamılǵan. Hayal-qızlar ayaǵına mallardıń terisinen tigilgen gewish, mási, biyik óksheli etikler kiygen.

## 1.2. «XVII-XIX ásirlerdegi qaraqalpaq xalqiniń mádeniyati» temasin oqitiwda pedagogikaliq texnologiyalardan paydalaniw

Búgingi kúnde tariyx sabaqlarin oqıtıw bilimlendiriw sferasında ayırıqsha áhmiyetke iye. Tiykarǵı maqseti tariyxıy qalıslıq hám kritikalıq oylawdı qáliplestırıwge qaratılǵan. Insaniyat jámiyeti rawajlanıwı ushın ótmishdegi tariyxıy tájiriybeler, mádeniy-tariyxıy ortalıq bazalıq áhmiyetke iye.

Qaraqalpaqstan xalıqları tariyxın oqıtıw ushın pedagog eń dáslep intellektual úndewdi jaratıwı lazım, sebebi joqarı intellektual bilimge iye bolıwı arqalı oqıwshılarda qızıǵıwshılıq, tańlanıw, milliy maqtanısh, watan súyiwshilik, hátteki pidayılıq sezimleri payda boladı. Málim bolǵanınday, unamlı atmosferada ózlestirilgen oqıw materialı yadta saqlanadı, sonıń menen birge unamlı atmosferaga qosımsha muzıka, yumor, fidbek, paradoksal hádiyseler bilim, eplilik hám kónlikpelerdi ańsat ózlestiriwge jaqınnan járdem beredi [67].

Qaraqalpaqstan tariyxın oqıtıwda tariyxıy hádiyselerdi sızıqlı izbe-izlikte tártiplestirilip túsindirilse, informaciyalar miyde kitapxanadaǵı kartotekalarday tártip penen saqlanıwı sózsiz. Sonıń menen birge, oqıw materialınıń iyerarxiya túrinde keltiriliwi de tikkeley kórgizbeli yadta saqlanadı.

Qaraqalpaqstan tariyxın oqıtıw barısın shólkemlestiriwde tek oqıtıwshınıń tásirin emes, al oqıwshılardaǵı ishki (aldıńgı tájiriybeler, emocional jaǵday , motivaciya dárejeleri, oqıwshılardıń individuallıǵı ) hám sırtqı (tálim auditoriyasındaǵı atmosfera, ses, jaqtılıq nurı) faktorlarǵa da itibar qaratqanımız maqul.

Amerikalıq pedagoglar kreativ shaxs dep óz basshılıǵındaǵı ekinshi bir dóretiwsheń shaxstı jetilistirgen insanǵa aytadı. Qubla Aral boyı xalıqları tariyxın oqıtıwda pedagog dóretiwshilik erkinligine jaǵday jaratıwı tiyis. Bunda pedagog oqıwshını statistikalıq subekt sıpatında emes, jańa bilimlerdi dóretiwshi, aktiv jaratıwshı sıpatında qabıl etiwi dárkar. V.A.Suxomlinskiy aytqanınday, «partada otırıp zerigiw, kúnine 6 saat bos otırıw, aylap, jıllap waqtin sarplaw júdá

[67] Борзова, Л. П. Игры при изучении нового материала на уроках истории // Преподавание истории в школе. – 2000.-С.37.

qorqınıshlı, sebebi biykarshılıq, zerigiw insandı morallıq jaqtan mayırıp, óz waqtında iyelenbegen bilimlerdıń ornı qayta tiklenbeydi”[68].

Sonı aytıwımız kerek, tek ǵana Qaraqalpaqstan xalıqları tariyxı emes, qálegen tariyx pánin oqıtıwda erkin oqıtıwdı támiyinlew, oqıwshılardı intellektual hám ádep-ikramlılıqqa shaqırıw, tariyxıy barıstı, nızamlıqlardı, ótmishti emocianallı seziniw sharayatların jaratıwımız lazım, sebebi oqıtıw birinshi náwbette, mazmun-maǵananı izlewshi, tábiyiy, effektli hám paydalı bolıwı kerek.

Sonıń menen bir qatarda, Qaraqalpaqstan tariyxın oqıtıwdıń eń baslı wazıypası - óz betinshe, bilim alıwshı, sawatlı, oylaw qábileti jaqsı áwladtı, zamanagóy puqaranı tárbiyalap, jetilistiriwden ibarat.

Búgingi kúnde tálim-tárbiya processine kirip kelgen “Interaktiv usıllar“ dep atalıwshı usıllar sabaq shólkemlestiriw, oqıwshıǵa qısqa waqıt ishinde keń kólemdegi bilimlerdi jetkerip beriwdi názerde tutadı hám bul process dawamında oqıtıwshı ózinen artıqsha kúsh jumsamay oqıwshılardıń ózlerin jumıs islewge umtılıwshılıǵın kúsheytedi. Bunday usıllar tiykarında shólkemlestirilgen sabaqlarda oqıwshılar ózleri jumıs orınlap, izlenip bir qansha bilim, kónlikpe hám sheberlikke erisedi. Oqıtıwshı sabaq waqtında artıqsha kúsh sarplanbaǵanlıǵı menen, sabaqqa tayarlanıw barısında kóp izlenis talap qılınadı hám sabaq dawamında oqıwshılardıń jumısın qadaǵalaw, olardı bahalawda joqarı sheberlik kórsetiwi zárúr boladı.

Interaktiv sabaqlardı shólkemlestirgende klasstaǵı barlıq oqıwshınıń tolıq qamtıp alınıwı, olardıń iskerligi zárúr, yaǵnıy oqıwshılardı toparlarǵa bólgende, olarǵa tapsırmalar bergende hesh bir oqıwshınıń shette qalmawına ayrıqsha itibar beriliwi kerek. Bul ushın toparlarǵa, juplıqlarǵa bóliw maqsetke muwapıq boladı. Oqıwshılar dáslep óz toparları yaki juplıqlarında tapsırmalar ústinde islep, soń berilgen material pútkil klass boyınsha talqılanadı. Nátiyjede tema mazmunı ashıladı hám kóp pikirlilik negizinde oqıwshılarda belgili bir máseleler boyınsha erkin pikirin bildiriw, óz kóz-qarasına iye bolıw kónlikpesi rawajlanadı. Bul

---

[68] Бочарникова Т.А. Интерактивные методы в преподавании истории и обществознания. -Солнечногорск.- 2011.-С.42-47.

processte oqıtıwshı tiykarınan shólkemlestiriwshi, baǵdarlawshı, qadaǵalawshı xızmetin atqaradı. Oqıwshınıń ózin erkin seziwi ushın oqıtıwshı tárepinen onı xoshametlew, pikirin aytıwǵa imkaniyat jaratıp beriw, sorawlardı durıs dúziwi kerek boladı. Sorawlar:

- Qısqa hám anıq bolıwı kerek;
- Berilgen soraw menen anıq bir nárseni sorawı;
- Soraw ótilip atırǵan temaǵa sáykes bolıwı;
- Sorawlardaǵı sózler oqıwshı ushın túsinikli etip dúziliwi;
- Sorawlar ápiwayıdan, quramalıǵa, ózine tánlikten, ulıwmalıqqa qaray barıwı;
- Juwabı anıq emes sorawlardan paydalanbaw, yaǵnıy juwabı ekileniwshilik payda etetuǵın sorawlardı sabaq barısında isletpew;
- Oqıwshınıń óz tájiriybesine súyenip juwap bere alatuǵın sorawlardan paydalanıwı;
- Oqıwshılar ushın qıyınshılıq tuwdıratuǵın sorawlardı bermew;
- Oqıwshılardıń juwabın tıńlaǵanda olardıń pikirlew dárejesin tereńletetuǵın sorawlar menen olardı óz pikirlerin dálillep beriwin iltimas etiw (ne ushın? Ne ushın sen bunday dep oylaysań?);
- Qandayda bir sorawǵa juwap alǵanda, “Ne ushın?“, “Nege, sen bunday dep oylaysań?“ degen sorawlar menen tez-tez múrájat qılıp turıw kerek.

Toparǵa yaki klassqa soraw menen múrááját etkende ilajı bolǵanınsha ózińiz juwabın aytıp qoymań, oqıwshılarǵa járdem beriw maqsetinde sorawdı basqasharaq talqında tákirarlań, juwaptı kútiń.

- Oqıwshılarıńız bilimin bilmekshi bolmaqshı bolsańız, demek “Kim?“ “Ne?“ “Qashan?“ “Qay jerde?“ degen sorawlardı;
- Qay dárejede túsingenligin bilmekshi bolsańız, “Qanday?“ “Qay dárejede?“ “Ne ushın?“ degen sorawlardı;
- Oqıwshınıń belgili bir temaǵa yaki qaharmanǵa múnásebetin bilmekshi bolsańız: “Sen ne dep oylaysań?“, “Sen onıń ornında bolsań ne qılǵan bolar ediń?“ hám taǵı basqa sorawlar menen múrááját qılǵan maqul.

Oqıwshılardı jedellestiriw ushın sabaq payıtında qollanılatuǵın usıllardı tuwrı tańlaw hám sorawlardı anıq dúziw úlken nátiyje beredi. Bunıń ushın sabaqqa, temaǵa qoyılǵan maqset anıq belgilenip, oǵan erisiw jolları, usılları puxta kórip shıǵılıwı kerek boladı. Bir sóz benen aytqanda, oqıtıwshı sabaq barısında paydalanatuǵın interaktiv usılı oqıwshıǵa qanshelli dárejede sabaqtı puxta ózlestiriwine imkaniyat beretuǵınlıǵın aldın ala biliwi kerek hám usıǵan muwapıq sabaqtı shólkemlestiriwi kerek.

Qaraqalpaqstan tariyxı pánin oqıtıwda interaktiv metodlardan paydalanıw tálim sapasın jáne de joqarı basqıshǵa kóteriwde xizmet etedi. İnteraktivlik usıllardıń kóp tarqalǵan hám jaqsı natiyjeler beretuǵınlardıń ishinde – «xronologiyalıq bas qatirma», «aqılǵa hújim» (mozgovoy shturm), baqs (munazara), organayzerler toltırıw, klaster, anıqlawshı sorawlar, debatlar, diskussiya, sahnalıq oyın, ról oynaw, sinkveyn, oyınlar, insert hám taǵı basqalar [69]. Hár bir metodtiń sabaq processinde óz paydalanıw waqtı bar. Metodlardı óz waqtında paydalanıw sabaq onimdarlıǵın asıradi. Máselen, aqılıy hújim hám klaster metodlarinan tiykarınan sabaqtiń kirisiw bóliminde paydalanilǵan maqul bolıp esaplanadi.

Aqıl hújimi- bul tema boyınsha erkin túrde, hesh sın kóz-qarasısız, kóplegen ideyalardı, pikirlerdi atap ótiw bolıp esaplanadı. Bul usıldıń wazıypası - az sandaǵı topardıń kúshin, ideyalıq pikirlerdi ulıwma lastırıwǵa jámlew.

**Aqılıy hújim.** Aqılıy hújim (breystorming – miyler boranı) - ámeliy yaki ilimiy problemalardı sheshiw pikirlerin jámáátli túrde generaciya etiw usılı.

Aqılıy hújim waqtında qatnasıwshılar quramalı problemanı birgelikte sheshiwge umtıladı: olardı anıqlaw boyınsha óz pikirlerin bildiredi (generaciya qıladı) hám bul pikirler sınǵa alınbastan olar arasınan eń muwapıǵı, nátiyjesi, maqulı hám oǵan usaǵan pikirler tańlap alınıp, talqılanadı hám rawajlanadı, bul pikirlerdi tiykarlaw hám biykarlaw imkaniyatları bahalanadı.

Aqılıy hújimniń tiykarǵı wazıypası – oqıw úyreniw xızmetin aktivlestiriw, problemanı óz betinshe túsiniw hám sheshimin tabıwǵa motivlestiriwdi

[69] Abdukadirov A. va boshq. Axborot texnologiyaları. - Toshkent. “Arnaprint”. 2004.-B.37.

rawajlandırıw, sáwbetlesiw mádeniyatı, kommunikativ kónlikpelerdi qáliplestiriw, pikirler inerciyasınan qutılıw hám máseleni sheshiwde pikirlesiwdiń ápiwayı túrinen uzaqlasıw. Tuwrıdan-tuwrı jámáátli aqılıy hújim – ilajı bolǵanınsha kóbirek pikirler toplawın támiyinleydi.

***«Aqılıy hújim» nin tiykarǵı qaǵıydaları:***

- alǵa qoyılǵan ideyalar bahalanbaydı hám talqılanbaydı, kritikalanbaydı;
- itibar jumıs sapasına emes, al sanına qaratıladı, ideyalar qanshelli kóp bolsa sonshelli jaqsı;
- ideyanı ilajı bolǵansha keńeytıw ham rawajlandırıwǵa háreket qılınadı;
- mashqala sheshiminen uzaqlaw bolǵan ideyalarda qollap-quwatlanadı;
- barlıq ideyalar yamasa olardın tiykarǵı mánisi (boljawları) esapqa alıw jolı menen jazıp alınadı;
- «hújim»di ótkiziw waqtı anıqlanadı hám oǵan amel qılıw shart;
- berilgen sorawlarǵa qısqasha (sabaqlıq hám lekciya tekstke tıykarlanbaǵan) juwaplar berıw názerde tutılıwı kerek.

***«Aqılıy hújim» ushın «XVII-XIX ásirlerdegi qaraqalpaq xalqiniń mádeniyati» temasinan sorawlar hám tapsirmalar:***

1. XVII-XIX ásirlerdegi qaraqalpaq qalalari haqqinda aytin`?
2. Qaraqalpaqlarda kúren atli qorg`aniw o`rinlari bolǵan. Ku`ren degenimiz ne ?
3. XIX ásirde Aral teńiziniń boyında jasaǵan qaysı zergerdiń atı tariyxıy dereklerde ushırasadı?
4. Qılıshqala bul házirgi qaysı aymaq?
5. XIX ásirde tómendegi qaysı aymaqlarda kúrenler bolǵan?
6. Ónermentshilik ustaxanalarında shákirtlikke neshe jastan baslap alınatuǵın bolǵan?
7. Qaraqalpaqlarda shoyınshı ustalardıń piri kim bolǵan?
8. Qaraqalpaqlarda aranwlı qara úy soǵıwshılarda bolıp olardıń piri kim bolǵan? Ibrahim Xálil
9. Tós, kórik, iskenje, sımtarash, dáneker usaǵan áspablardan tiykarınan kimler paydalanǵan?

10. Qozaq, shıǵırıq bular … paydalanatuǵın terminler.
11. 1873-jılı Qaraqalpaqstanǵa kelgen rus izertlewshisi A. Kun Shımbay qalasında bolıp, bul jerde 150 sawda dúkanı hám úlken kárwan saray bar ekenligin kórgen. Usı sandaǵı dúkan jáne tómendegi qaysı qalada bolǵan?
12. Qaysı qala Arallılardıń Xiywa xanlıǵına qarsı gúresinde kúshli qorǵan bolıp xızmet etken? Xojeli
13. Qońırat qalası qaysı dáwirde biyik diywal menen qorshalǵan?
14. Tómendegiler ishinen Aral wálayatınıń orayın tabıń.
15. XIX ásirdiń birinshi yarımında tómendegilerden qaysı qala áskeriy topılıslar bolǵan jaǵdayda qaraqalpaqlardıń qorǵanatuǵın jaylarınan esaplanǵan?
16. Qaraqalpaq baylarınıń paxsadan órilgen úlken jayları bolıp, olar diywallar menen qorshalǵan bolǵan. Tómendegi juwaplardan usınday belgili háwlisi bolǵan adamdı tabıń.
17. Aral hám Xiywa ortasındaǵı bajıxana qaysı qalada bolǵan? Xojeli
18. Ayımbet iyshan arxitekturalıq esteligi qayjerde jaylasqan? Shımbayda
19. Qońırat qalasında qansha meshit bolǵan? 7 meshit
20. Abdiriym ishan Arxitektutalıq esteligi qay jerde jaylasqan? Kókozek
21. Qaraqalpaqlarda jas kızlar kiygen óńirsheniń kiymeshekten ayırmashılıǵı qaysı juwapta durıs berilgen? túyme teńgeler menen bezetilip kestelengen
22. Eshki terisinen tigilgen tonlar ne dep atalǵan? qılqa
23. Tayshaxı tonlar qanday materialdan tigilgen? Tay terisinen
24. Tayshaxı hám qılqanı tiykarınan kimler kiygen? Padashılar
25. Sáwkele toy-merekelerde kiyetuǵın kiyim bolıp, uzatılǵan qızǵa,,, tárepinen kiygizilgen. Jeńgesi

Oqıwshılardıń sanasında tariyxıy yadtı qáliplestırıwde búgingi kúni bilimlendiriw sistemasına keńnen engizilip atırǵan oqıtıwdıń interaktiv metodlardan paydalanıw úlken áhmiyetke iye. Sebebi, tariyx sabaqlarında qollanılıp atırǵan metodlar oqıwshılardıń ótilgen temalardı ańsat ózlestiriwine, tariyxıy waqıyalarǵa erkin túrde óz múnásibetin bildiriwge, waqıyalar izbe-izligin este saqlawga, sinxron

tárizde dáwirler, aymaqlar, mámleketlerdegi bolıp ótken tariyxıy waqıyalardı salıstırıp, tereńirek úyreniwge járdem beredi[70].

Qaraqalpaqstan tariyxı sabaqlarında «**Túsinikler analizi**» metodınan paydalanıw jaqsı nátiyje beredi[71]. Sebebi, tariyx sabaqlarında hár bir temada oqıwshı jańa atama, terminler menen tanısıp baradı. Bul texnologiyanıń áhmiyeti sonnan ibarat oqıw predmeti boyınsha jańa tema yaki bólimdegi maǵlıwmatlardı oqıwshı tárepinen yadqa túsiriw, bir tema boyınsha oqıtıwshı tárepinen berilgen túsiniklerge óz betinshe juwmaq beriwi, sol arqalı óz bilimlerin tekserip bahalawǵa imkaniyat jaratıw hám oqıtıwshı tárepinen qısqa waqıt ishinde hámme oqıwshılardı bahalay alıwǵa baǵdarlanǵan.

Bul metodtı ótilgen temanı tákirarlaw, jańa temanı bekkemlew basqıshlarında oqıwshılardıń bilimin anıqlaw maqsetinde qollanıwǵa boladı. Onı bir neshe variantta paydalanıw múmkin. Birinshi variantta úlgide kórsetilgendey oqıwshılarǵa tapsırma retinde temada úyrenilgen túsinik, terminler beriledi. Bunda oqıwshı berilgen túsinik, terminlerdıń mazmunın jazıwı kerek.

| Túsinik, terminler | Mazmunı |
|---|---|
| **Aral hákimligi –** | 1625-1814-jıllarda Qubla Aral boylarında arallı ózbek hám qaraqalpaqlardiń ǵárezsiz mámleketi bolǵan236. Aral hákimliginiń eń aqırǵı húkimdarı sıpatında Tóre suwpı (1814-jılı óltiriledi) tilge alınadı. |
| **Biy** | XVIII hám XIX ásirdıń 1-yarımında qaraqalpaqlardıń hákimshilik eń joqarı lawazımı biy bolǵan. Biylik lawazımı xan tárepinen belgileńgen. Biydıń wazıypasına óziniń biyligindegilerden salıq jıynaw, tartıs máselelerdi sheshiw, sud islerin alıp barıw isleri kirgen. Ruwlar hám qáwimler arasında tartıs, daw-jánjellerdi xannıń ózi sheshken |
| **Shaxtemir** | Shımbay rayonı aymaǵındaǵı áyyemgi qala. Ol waqıtta Shaxtemir qalası Kegeyli kanalınıń sol jaǵında jaylasqan. Bul qalanıń jayları ılaydan salınǵan, aynalası or, jaqın jerde kóli bolg`an. |

[70] Ганиев Т.С. Тарийх сабақларында интерактив методлардан пайдаланыў усыллары. –B.345-347.

[71] Ганиев Т.С. Оқытыўшылардың кәсиплик шеберлигин арттырыўда педагогикалық технологиялардың орны (тарийх пәни мысалында). // Жанубий Оролбўйи археологияси, этнографияси, тарих ва тарихшуносликнинг долзарб масалалари. Халқаро илмий- назарий анжуман материаллари. –Нукус. 2019. -Б.306-309.

| | |
|---|---|
| **Qılish-qala** | –Dawqara kóline jaqın aymaqta jaylasqan. Taxtakópir rayonı aymaǵına tuwrı keledi. |
| **Shabbas (Shah-Abad)** | –Beruniy rayonı aymaǵında jaylasqan, ayyemgı bekınıs qorǵanlarınan biri. |
| **Kiymeshek** | - bul hayal – qızlardıń basına kiyetuǵın kiyiminiń biri bolıp, aldıńǵı jaǵı úsh múyeshli bolıp kelgen, naǵıslanǵan, qızıl ushıǵıdan ibarat bolıp, onda basqa kiyetuǵın tesik bolǵan. |
| **Tayshaxı** | – bul tay terisinen tigilgen ton, tayshaqını tiykarınan padashılar kiygen. Bul tonlar terisi ishke, júni sırtqa qaratıp tigilgen. |

*Esletpe: mazmunı oqıwshılar tárepinen toltırıladı.*

Ekinshi variantta bolsa oqıwshıga termin, atamalardıń mazmunı beriledi. Oqıwshılar termin, atamanı tabıwı kerek boladı.

| **Mazmunı** | **Túsinik, terminler** |
|---|---|
| Bul ehki terisinen tigilgen ton, qılqanı tiykarınan padashılar kiygen. Bul tonlar terisi ishke, júni sırtqa qaratıp tigilgen. | Qılqa |
| Ernegine enli etip, juni osiq qoydın terisinen ernek qoygan. Usti har qıylı tawar menen qaplangan, malaqaydın apiwayı turi. | Degeley |
| Qaraqalpaqlar arasında sud islerin júrgizgen. Olar menen raislar nızamlardıń orınlanıp barıwın, sonday-aq xalıq turmısında islam dini normalarınıń, sháriyattıń orınlanıwın baqlap barǵan | Qazi |
| Qaraqalpaqlarda jerden alınatuǵın salıq túri . | |
| Qaraqalpaqlarda mallardan alınatuǵın salıqtıń túri | |
| Qaraqalapaqlardın erteden kiyatırgan bas kiyimlerinin biri. Xalıq awizındaǵı sozlerge qaraǵanda, oni ertede “Telpek“ dep te atagan. Jarlılar apiwayı qoydın terisinen tigip kiygen. | Shogirme“ yamasa “Qurash“ |
| Qaraqalpaq hayal-qızlarınıń bas kiyimi bul | |

Metodtıń abzallıǵı sonda, oqıwshılardıń ózlerin bilimlerdi izlep tabıwǵa, óz betinshe úyrenip, analizlewge úyretedi. Sonday-aq, metod mámleketlik bilimlendiriw standartında belgileńgen tayanısh, pánge tiyisli kompetenciyalardı,

oqıw baǵdarlamasında berilgen milliy standart dárejesiniń orınlanıwına da óziniń unamlı tásirin tiygizedi.

Solay eken, hár bir oqıtıwshı óziniń pedagogikalıq iskerliginde zamanagóy texnologiyalardı qollanıwdı jolǵa qoyıwı arqalı óziniń kásiplik sheberligin arttırıp barıwı sózsiz. Bul óz gezeginde oqıwshıǵa jetkerip beriletuǵın bilimnıń sıpatınıń artıwına tiykar jaratadı. Sonıń menen birge oqıwshınıń sabaqqa qızıǵıwshılıǵın hám bilimge umtılıwshılıq háreketlerin rawajlandıradı.

Qaraqalpaqstan tariyxı sabaǵında «Eki bólimli kúndelik» usılın qollanıw sabaq sońında on bes minut dawamında oqıwshılardan ótilgen material boyınsha ózleriniń pikirlerin jazıw talap etiledi. «Eki bólimli kundelik» usılı oqıwshılarda informaciyalıq, operaciyalıq qasiyetlerdi rawajlandıradı.

***Bul usıldı qollanıw boyınsha metodıkalıq kórsetpeler:***

- Birinshi adım – dápter beti ekige bólinedi.
- Ekinshi adım – oqıwshı lekciyada ózine anagurlım dárejede tasir etken (unaǵan yaki belgili bir dárejede soraw tuwdırǵan) pikirlerdi, oqıtıwshınıń ideyaların dápterdin shep tárepine jazadı.
- Ushinshi adım – dápterdin on tárepine oqıwshı berilgen pikirlerge óziniń túsindirmelerin jazadı.
- Tórtinshi adım – tekstti oqıp kórip, oqıwshılar dápterge ózleriniń kóz-qarasların jazadı.
- Besinshi adım – jumıstın sońında oqıwshılardın har biri ózleriniń pikirleri menen basqa oqıwshılardı tanıstırıwǵa haqılı, olardaǵı ózlerine unaǵan ideyalardı atap kórsetiwine boladı.

***«Eki bólimli kundelik» usılı***

| | |
|---|---|
| 1. Oqıwshı sabaqda unaǵan yaki belgili bir dárejede soraw tuwdırǵan pikirlerdi, oqıtıwshınıń ideyaların dápterdin shep tárepine jazadı | 2. Oqıwshı oqıtıwshınıń pikirlerine óziniń túsindirmelerin jazadı. |
| | |
| | 3. Tema boyınsha oqıwshılar dápterge óz kóz-qarasların jazadı. |
| | |

Sonday-aq, Qaraqalpaqstan tariyxı sabaǵında oqıwshılardan ótilgen material boyınsha ózleriniń jeke pikirlerin jazıw talap etiwde «**Isshi dápterin toltiriń**» usılın qollanıw múmkin.




**Qaraqalpaqlardıń mádeniy turmısında "Qara uy"diń áhmiyeti?**

«**Pinbord**» metodınan tariyxı sabaqlarında paydalanıwda jaqsı nátiyje beredi. Pinbord (inglizsheden: "pin" - bekkemlew, "board" - jazıw taxtası) metodı diskussiya usılları yamasa oqıw sáwbetin ámeliy usıl menen sáykeslendiriwden ibarat bolıp, mashqalanı sheshiwge tiyisli pikirlerdi sistemalastırıw hám toparǵa bóliw (klassifikaciya)di ámelge asırıwga, jámáátlik tárizde jeke yamasa kerisinshe qarama-qarsı poziciyanı qáliplestırıwge imkaniyat beredi.

Bul metodtı qollanıw ushın dáslep, oqıtıwshı usınıs etilgen mashqala boyınsha oqıwshılardan óz kóz-qarasın bayan qılıwın soraydı. Tuwrıdan-tuwrı yamasa massalıq aqılıy hújimnıń baslanıwın shólkemlestiredi (xoshametleydi). Pikirlerdi usınıs etedi, talqılaydı, bahalaydı eń optimal (nátiyjeli) pikirdi tańlaydı.

**Úlgi: Tema. «XVII-XIX ásirlerdegi qaraqalpaq xalqiniń mádeniyati»**

**(**VIII klass. Pán: Qaraqalpaqstan tariyxı)

| **Qaraqalpaqlardıń qalaları** | **Milliy kiyimleri** |
|---|---|
| Shaxtemir – Shımbay rayonı aymaǵındaǵı áyyemgi qala. Rus elshıları D.Gladıshev menen I.Muravin Shaxtemir tuwralı mınaday dep jazadı: «Bul qalanıń jayları ılaydan salınǵan, aynalası or, jaqın jerde kóli bar, al xalqı awız suwdı quduqtan ishedi, qala átirapında jeke–siyrek toranǵıl aǵashları ushırasadı. Bul qaladan teńizge shekemgi aralıq eki kúnlik jol». Ol waqıtta Shaxtemir qalası Kegeyli kanalınıń sol jaǵında jaylasqan. | Kiymeshek bul hayal – qızlardıń basına kiyetuǵın kiyiminiń biri bolıp, aldıńǵı jaǵı úsh múyeshli bolıp kelgen, naǵıslanǵan, qızıl ushıǵıdan ibarat bolıp, onda basqa kiyetuǵın tesik bolǵan. Kiymeshek hár bir qız tárepinen óz úyinde tigilip, kelinshek bolǵanan keyin kiyilgen. Qızıl kiymeshek kiygen hayaldıń tek bet aldı kórinedi shashı tolıǵı menen jabıladı. Onıń aldı, quyrıǵı qara ushıǵaǵa jipek sabaqlar menen hár túrli haywanatlardı elesletetuǵın qoshqar múyiz, qus qanat, qumırsqa bel, iyt taban, baqa h.t.b. naǵıslar bolǵan |
| | |
| | |

Bul metodtı ámelge asırıwda oqıtıwshı tárepinen temanıń mazmunınan kelip shıqqan halda qoyılǵan mashqala boyınsha tayanısh juwmaqlawshı pikirler (2 sózden kóp bolmaǵan) ayırım qagazlarǵa jazıladı hám doskaǵa jabıstıradı.

1. **Mısalı**: *Qaraqalpaqlardıń qalaları. Shaxtemir, Shımbay, Aydos qala, Aq qala, Seren qala, Jańa qala, Shabbaz, Shoraxan, Qóńırat, Xójeli, Biybazar hám t.b.*
2. **Mısalı**: *Milliy kiyimleri. Sáwkele, kók kóylek, kiymeshek, pashshayi kóylek, jegde, túrme, malaqay, shógirme, póstin, gewish, mási hám t.b.*

Oqıtıwshı menen birgelikte flipchart (arnawlı doska hám qaǵaz jabıstırıw imkaniyatın beretuǵın skotch) járdeminde pikirler, maǵlıwmatlar toplanadı, klassifikaciyalanadı, talqılawda bolsa optimal sheshimler boyınsha anıqlanadı.

Topar jetekshileri doskaǵa shıgadı hám másláhátlesken halda:

- jeke qáte bolǵan yamasa tákirarlanıp atırǵan pikirlerdi alıp taslaydı;

- tartıslı bolǵan pikirler anıqlastırıladı;

- pikirlerdi sistemalastırıw múmkin bolǵan belgilerin anıqlaydı;

- usı belgiler tiykarında doskadaǵı barlıq pikirlerdi (qaǵaz hám betlerdegi) toparlarǵa ajıratadı;

- olardıń ózara múnásibetlerin sızıqlar yamasa basqa belgiler járdeminde kórsetedi: jámááttiń bir yamasa qarama-qarsı poziciyaları islep shıgıladı.

Pinbord metodın tariyx sabaqlarında VI-VIII klasslarda tema mazmunınan kelip shıqqan halda, sabaqtıń ótilgen temanı tákirarlaw, jańa temanı bekkemlew basqıshlarında paydalanıw usınıs etiledi.

Bul metodtıń abzallıǵı, oqıwshılardıń oylaw, pikirlew qábiletlerin rawajlandıradı, maǵlıwmatlardı analizlewge, oqıwshılardı óz pikirlerin qorgaw hám basqalarǵa ótkize alıwga úyretedi, diskussiyaga shaqıradı, oqıtıwshıga bolsa oqıwshılar menen jeke hám toparlarda islew imkaniyatın jaratıp beredi.

Qaraqalpaqtan tariyxı páninde ***"Devat"*** tiykarında sabaqtı shólkemlestiriwden kózde tutılǵan tiykarǵı maqset mashqalanıń sheshimin tabıwda oqıwshı ózlerin, óz pikirleriniń durıslıǵına isendiriw[72]. Óz pikirin anıq hám faktler menen bayan etiw, onıń ushın isenimli dáliller hám juwmaqlar tabıw kólikpelerin qáliplestiriwde debatlar ótkeriw nátiyjeli usıl bolıp esaplanadı.

*Máselen, 8-klass Qaraqalpaqstan tariyxı pánindegi «XVII-XIX ásirlerdegi qaraqalpaq xalqiniń mádeniyati»* teması boyınsha «Debat» *shólkemlestiriwde tómendegi tematika boyınsha ótkergen maqul bolıp tabıladı.*

1. XIX ásir aqirinda qaraqalpaqlarda onermentshilik hám sawda-satiq tarawlariniń rawajlaniwina unamlı tásir korsetken faktorlardi korsetin ?
2. Qaraqalpaqlardıń milliy kiyimlerınıń basqa xaliqlar milliy kiyimlerinen ózgeshelikleri hám pariqlari nede ?
3. XIX ásirde bilimlendiriw tarawiniń rawajlaniwi qay dárejede edi ?

*Metodikalıq kórsetpeler:* Devatlar temanı anıqlap ózlestiriwleri ushın oqıwshılarǵa jaǵdaylar jaratadı. Bunıń ushın bolsa, temanı rezolyuciya túrinde túsindiriw kerek boladı. Shınıǵıwlarda jergilikli qánigelerden (tariyxshi alım, jámiyetlik xizmetker, qánige h.t.b.) biri shaqırıladı.

---

[72] Sayidahmedov N. Yangi pedagogik texnologiyalar. -Toshkent. Xalıq tálimi, 1999. №1.90- 98-betlar

*Devat ótkeriw usılları.* Baqslı sorawlardı analitik-sintetik analiz qılıw hám obektiv pikir júrgiziw kónlikpelerin rawajlandırıw ushın ayırım usıllardan qollanıladı:

1. Oqıwshınıń óz pikirin erkin ayta alıwı.
2. Óz pikirin anıqlastırıwı.
3. Oqıwshılardıń pikirleriniń anıqlıǵın tekseriw.
4. Basqalardıń pikirin úyreniw.
5. Óziniń hám basqalardıń pikirlerin analiz etiw.
6. Mashqala (tema, sorawlar) boyınsha sheshim qabıl etiw.

*Baqs (Munazara)* - Bul usıl járdeminde oqıwshılarǵa belgili bir mashqala boyınsha tolıq axborotlar jetkerip beriw, baqs ushın tańlanǵan temanı oqıwshılar ayawsız *«shturm»* qıladı hám maqsetli nátiyjede mashqalaǵa tiyisli bolǵan maǵlıwmatlardı hár tárepleme úyrenedi[73].

1. Klasstıń (auditoriyanıń) qarama-qarsı muweshlerine eki plakat ilip qoyıladı. Olardıń birinshisine «razıman», ekinshisine «razı emespen» degen sózlerdi jazıp qoyadı. Plakatlarda bazı bir temalarǵa tiyisli sorawlar boyınsha bildirilgen qarama-qarsı pikirler hám jazılıwı múmkin.
2. Sabaqtı shólkemlestiriw qaǵıydaları talqılanadı.
3. Úyreniletuǵın mashqala boyınsha óz pikirine tuwrı keletuǵın plakat qasına barıw hám zárúrli oqıwshılar mirát etiledi.
4. Bólingen oqıwshılardan óz kóz-qaraslarınıń durıslıǵın tiykarlap beriwleri soraladı. Bul waqıtta bir topardan ekinshi toparǵa ótiw ruxsat etiledi hám usı tárizde oqıwshılardıń hámmesi temaǵa tartıladı.
5. Mashqala (tema, soraw) boyınsha pikirler bildirilgen soń, oqıwshılar ishinde baqs dawamında óz kóz qarasını ózgertkenler de, basqa toparǵa ótkeriledi. Bunday jaǵdaylarda olar óz ornını ózgertiriw sebeplerin tiykarlap beriwleri kerek.
6. Qatnasıwshılardan opponentler ishinde mashqala júzesinen eń isenimli bolǵan pikir aytqan oqıwshılardı anıqlaw soraladı. Baqs processinde belsendi qatnasqan ham óz pikiriniń durıslaǵına isendire alǵan topar bahalanadı.

---

[73] Sayidahmedov N. Yangi pedagogik texnologiyalar. -Toshkent. Xalıq tálimi, 1999. №1.90- 98-betlar

## II bap. «Qaraqalpaqlardın XVII-XIX ásirdegi mánewiy mádeniyatı. Bilimlendiriw» temasinıń uyreniliwi hám usi tema boyınsha úlgi sabaq islenbesin proektlestiriw.

### 2.1. Qaraqalpaqlardın XVII-XIX ásirdegi mánewiy mádeniyatı. Bilimlendiriw.

Qazaq xalqınıń ullı ilimpazi Shoqan Walixanov qaraqalpaqlar haqqında, "Qaraqalpaqlar sahradaǵı birinshi shayır hám qosıqshılar, sonnan keyin qırǵızlar hám túrkmenler" dep jazǵan. Shayır qaraqalpaqlardı saxranıń búlbili, olar qosıqsız, dástanlarsız, tariyxiy áńgimelersiz ózleriniń toy-merekelerin ótkermegen xalıq dep táriypleydi. Búgingi kunde qaraqalpaq folklor úlgileriniń biziń zamanımızǵa jetken nusqalarınıń 100 tomlıǵı basılıp shıqtı. Xalıq ózleriniń sóz ustaları bolǵan sheshenlerin, jıraw-baqsıların úlken húrmet-izzetke bólegen. Qosıqlar, jırlar xalıqtıń turmısında bolǵan jańalıqlarǵa baylanıslı bolǵan. Olardıń arasınan bet ashar úlken orın iyelegen. Sonıń menen birge "Háwjar", "Sıńsiw" hám basqa da qosıqlar keń orın alǵan. Xalıqtıń turmısındaǵı qayǵılı waqıyalarǵa baylanıslı aytılatuǵın "Joqlaw"da úlken orın iyelegen. Onda ólgen adamnıń islegen xızmetlerin, minez-qulqın, basqalarda ushıraspaytuǵın jaqsı táreplerin aytıp joqlaw, xalıqqa úlken tásir etken. Hár bir awılda hayal-qızlar jaqın adamlarına bolǵan jıllı sezimlerin bildirgen.

Qaraqalpaqlarda júdá kóp ertekler saqlanǵan. Olardıń kópshiligi áyyemgi dáwirlerden saqlanıp, xalıqtıń turmısında bolǵan jámiyetlik siyasiy ózgerislerdi bildirgen. Erteklerdiń túrleri oǵada kóp hám olar ózleriniń mazmunına qarap bólingen. Qaraqalpaqlar arasında keńnen taralǵan erteklerdiń birewi orıs izertlewshisi I. Karazin tárepinen 1873-jılı Shımbay qalasınan 80 jasar shamasındaǵı ertekshi kempir awzınan jazıp alınǵan hám onı bastırıp shıǵarǵan. Bul ertek "Hayallar patshalıǵı tuwralı ertek" dep atalıp, ol áyyemgi amazonkalar dáwiri tuwralı maǵlıwmatlar beredi. Sonday-aq "Anqaw mergen", "Jiyrenshe sheshen", "Aldar kóse", "Xoja Nasraddin" usaǵan ertekler bolǵan. Kóp ertekler qońsı xalıqlardıń ertekleri menen jaqın bolǵan.

Qaraqalpaqlarda geypara adamlardıń ómirine baylanıslı kúldirgi sózler kóp bolǵan. Olardan Ómirbek laqqı tuwralı kóplegen kúldirgi sózler saqlanıp biziń kúnlerimizge shekem jetip kelgen.

Qaraqalpaqlarda qaharmanlıq dástanları da keńnen taralǵan. Olardan "Qırıq qız", "Alpamıs", "Qoblan", "Máspatsha" usaǵan qaharmanlıq dástanlarında xalıq tariyxınıń ayırım tárepleri jarıtılǵan. Olardan "Edige" tariyxıy hám qaharmanlıq dástan bolıp, onda súwretlengen waqıyalar, adamlardıń atları tariyxta bolǵan. Qaraqalpaq xalqınıń turmısında "Qırıq qız" dástanı da eń áhmiyetli orın iyeleydi. Onda qaraqalpaq xalqınıń turmısı hám mádeniyatı tuwralı kóplep maǵlıwmatlar bar.

**Sált-dásturleri.** Xalıq arasında bayram, toy-mereke kóp bolǵan. Ata-babalarımız áyyemgi zardushtiylik zamanlardan baslap toy-merekeler xalıq úrp-ádetlerine sáykes ótkerilgen. Toylarda at shabıs, ılaq oyın, palwan gúres, kókpar oyınları hám basqa da xalıq oyınları ótkerilip, bayraqqa hár qıylı zatlar qoyılǵan.

Xalıq turmısında qız uzatıw dástúri keń orın alǵan. Qız hám jigittiń ata-anaları bir-biri menen kelisimge kelip, qalıń mal muǵdarı belgilengen. Qız ayttırılıp, qalıń mal tólegennen keyin kúyew óz qalıńlıǵı menen qiz jeńgeleri járdeminde sóylesiwge huqıqlı bolǵan. Qalıń maldıń kólemi hár qıylı bolıp, ózgerip otırǵan. Qalıń maldan tisqarı sút haqı, el qádesi hám basqa da qádelerdi orınlawı tiyis bolǵan.

Qalıń mal hám qádeler orınlanǵannan soń, belgilengen múddette qız uzatıw toyı ótkerilip, qız jeńgeleri hám kúyew jigit jora-joldasları menen qızdı uzatıp alıp ketken. Qızdıń ata-anası qızı ushın múmkinshiligi bolǵansha arnap otaw tayarlaǵan.

Qız uzatılǵannan keyin, jigittiń ata-anası kelin túsiriw toyın bergen. Bul toyda bet ashar aytıw dástúrge aynalǵan. Bet ashardıń wazıypası - jańa túsken kelindi ata-enesi, aǵayin-tuwısqanları hám jańa túsken jerindegi adamlar menen jaqınnan tanıstırıw bolıp, bet ashar aytıwshı bular jóninde ıqsham sulıw poetikalıq sózler járdeminde tanıstırǵan.

Bunnan basqa besik toyı, tusaw kesiw, súnnet hám múshel toyları ótkerilgen.

Bul toylardıń hár biri ózine sáykes ózgeshelikleri menen bala tuwılıwdan er jetemen degenshe dáwirlerde jaqsı niyetler menen ótkerilgen.

Bul toylarda xalıq oyınlarınan tısqarı jırawlar, baqsılar ayttırılǵan. Altın qabaq attırıw oyını ótkerilip, qabaqtı atıp túsirgen adamlarǵa sıylıqlar berilgen. Qiz-jigitler ushın arnawlı úy berilip geshtek uyımlastırılǵan. Onda átkónshek tebiw, qız-jigit aytısı ótkerilgen.

Qaraqalpaqlar ótken dáwirlerde hár túrli bayramlardı bayramlaǵan. Solardıń biri Nawrız bayramı bolıp, bul bayram áyyemgi waqıtlardan beri xalqımız turmısında keńnen belgilengen. Bul bayram hár jılı kún menen tún teńlesken waqıtta, yaǵnıy 21-mart kúnine teń kelgen. Bul kún jańa jıldıń baslanǵan kúni, yaǵnıy báhárdiń baslanıwı sıpatında ǵalaba xalıq bayramı bolıp belgilengen.

Nawrız bayramı kelip shıǵıwı boyınsha zardushtiylik dáwirine barıp taqaladı. Nawrız bayramı diyqanshılıq hám báhár menen baylanıslı payda bolǵan. Nawrızdıń ayyemgi dáwirlerde kelip shıqqanlıǵı tuwralı ullı ilimpaz Beruniy óz miynetlerinde kórsetip bergen.

Qaraqalpaqlarda Nawrız 21-mart kúni belgilenedi. Usı kúnnen baslap dástúr boyınsha jerge tuqım taslap, diyqanshılıq etiwge bolatuǵın bolǵan.

Nawrız bayramında Nawrız seyili baslanǵan. Seyil eki háptege shekem dawam etetuǵın bolǵan. Seyilge awıl jası úlkeni tárepinen belgilengen adam basshılıq etken.

Seyilde aldın ala belgilengen dástúr boyınsha átiraptaǵı awıllarǵa xabar jiberilip, bayram múnásebeti menen at jarısları, ılaq oyını, arqan tartıspaq, palwan gúresleri sıyaqlı sport jarısları menen qatar qoshqar dúgis, qoraz urıstırıw sıyaqlı zawıqlar ótkerilip, sońınan baqsı, jırawlardıń atqarıwında qosıqlar hám dástanlar tıńlanǵan.

Qiz-jigitler arnawlı qurılǵan átkónsheklerde ushqan. Jaslar bayramı keshte ótkerilgen otırspa, geshteklerde dawam etken. Geshteklerde jigit aǵası hám qız jeńgesi basshılıq etken. Olardıń basshılıǵında saz-sáwbet hám oyın zawıqlar ótkerilgen.

Orazadan eki ay keyin qurbanlıq hayt bayramı belgilengen. Bul bayram diniy

túsinik hám isenimler menen baylanıslı bayram bolıp, bul bayramda hár bir musılman quday jolınma jılına bir márte qurbanlıq islewi shárt bolǵan. Qaraqalpaqlar arasında qurbanlıqqa kóbinese iri qara mallardı soyǵan. Ádette qurbı jetpegenler jeti xojalıq birigip bir mal soyǵan. Múmkinshiligine qaray qoy-eshkiler de soyılǵan. Soyılǵan mallardıń góshleri tolıǵı menen asılıp, pisirilgen awqatqa qońsı-qoba, aǵayin tuwǵanlar mirát etilip, berilgen sadaqanıń húrmetine sadaqa beriwshiniń ata-babalarına arnalǵan quranlar oqılǵan hám pátiya berilgen.

Dástúr boyınsha qurbanlıq kúni jeti úyden awqat jep, quran oqıp, pátiya islew sawap dep esaplaǵan. Sonıń menen birge Qurban Hayt kúni hár qıyli oyın-zawıqlar da ótkerilgen. Bul kún qaraqalpaqlar ushın eń ulken bayramlardan esaplanǵan.

Bul dáwirde qaraqalpaqlar arasında folklorlıq shıǵarmalar úlken áhmiyetke iye bolǵan. Xalıq toy-merekelerde hám basqa da jiyınlarda folklorlıq miyraslardı aytıw arqalı kewil kótergen. Bunday folklorlıq shıǵarmalardan ańızlar, dástanlar, ertekler, qosıq hám tolǵawlar, naqıl hám maqallar, jańıltpashlar, hár qıyli aytıslar, kúldirgi sózler bulardıń barlıǵı xalıqtıń ruwxıy azıǵı bolǵan. Usı folklorlıq miyraslar arqalı xalıq jas áwladqa óziniń dástúrlerine sáykes tárbiya bergen. Ańız hám dástanlar, ertekler túrinde xalıqtiń tariyxı atadan-balaǵa berilip kelgen. Ásirese xalıqtıń tariyxın úyreniwge úlken itibar berilgen. Hár bir adam óziniń urıwın, jeti atasına shekemgi babalardıń kim ekenligin biliwi shárt bolǵan. Hár urıwdıń shejiresi bolǵan. Shejireshiler hár qanday adamnıń babalarınıń kim ekenligin hám olardıń qanday adam bolǵanlıǵın aytıp beretuǵın dárejede maǵlıwmatqa iye bolǵan.

Xalıq arasında baqsılar úlken húrmetke iye bolǵan. Xalıqtıń arasındaǵı hár qanday toy-merekeler baqsılardıń qatnasıwında ótkerilgen. Hár qanday baqsı sol dáwirdegi xalıqqa belgili bolǵan namalardı duwtarda atqarıp, dástanlardı hám xalıq qosıqların keshten baslap tań atqansha tınbastan, bir qosıqtı eki márte qaytalamastan aytatuǵın bolǵan. Jırawlar da bul dáwirde úlken abırayǵa iye bolǵan. Jırawlar qobızdıń namasına salıp xalıq arasındaǵı dástanlardı tásirli túrde atqaratuǵın bolǵan. Bul dáwirde jırawlar Alpamıs, Edige, Qoblan, Qırq qız t.b. dástanlardı xalıq arasında keńnen jırlaǵan. Qaraqalpaqlardıń arasındaǵı tolǵawlar

tiykarınan jırawlardıń atqaratuǵın qosıqlarınan bolıp esaplanǵan.

**Qaraqalpaq ádebiyatı wákilleri.** Jiyen jıraw Amanlıq ulı (1730-1784 jıllar) XVIII ásirdegi ataqlı jırawlardıń biri, qaraqalpaq ádebiyatınıń kórnekli wákili. Ol qaraqalpaq ádebiyatınıń rawajlanıwına salmaqlı úles qosqan shayırlardıń biri. Onıń shıǵarmaları biziń kúnimizge shekem awızsha túrde jetip kelgenligi sebepli onıń shıǵarmalarınıń az ǵana bólimi bizge miyras bolıp qalǵan. Onıń bizge jetip kelgen tolǵawları "Posqan el", "Ullı taw" poemalarınıń mazmunı Jiyen jırawdıń tereń oylı, sheber sózli shayır ekenligin kórsetedi. Ol óziniń shıǵarmaları arqalı óziniń jasaǵan dáwirindegi xalıqtıń awır táǵdirine dártles bolıw arqalı xalıqtı jigerli bolıwǵa jeteleydi.

Jiyen jırawdıń "Posqan el", "Ullı taw" shıǵarmaları xalıqtıń basınan keshirgen jawgershilik azapların súwretleydi. Bul shıǵarmaları tariyxıy waqıyalardıń táriypleniwi tariyxıy derek retinde búgingi áwlad ushın oǵada áhmiyetli. Ol zamanında qaraqalpaq dástanı Edige, Qoblan, Alpamıs, Qurbanbek, Qırq qız dástanların xalıq arasında jırlaǵan. Ilimpazlardıń pikirinshe, Qırq qız dástanınıң XVIII-ásirdegi qalmaqlar shabıwılı hám Nadirshax basıp alıwına qarsı xalıq gúresi hám óziniń fantaziyasi tiykarinda Jiyen jıraw dóretken.

Jiyen jıraw Qaraqalpaqstan, Samarqand, Buxara jerlerinde jırawshılıq etken. Onıń qábiri eski Kókózek boyında Qabaqlı ata qoyımshılıǵına qoyılǵan. Onıń qábirine qaraqalpaq mádeniyatınıń iri wákili retinde estelik ornatılǵan.

Kúnxoja (1799-1880). XIX ásirdegi qaraqalpaq shayırları ózleriniń shıǵarmalarında Xiywa xanlıǵında bolǵan siyasiy waqıyalardı ózleriniń poeziyalıq shıǵarmalarında jazıp bardı. Xalıqtıń kún kórisi, xojalıǵı, toy-merekeleri, arzıw-ármanları óz sáwlesin tapqan. Solardıń biri Kúnxoja shayır bolıp Xiywa xanlıǵında jasaǵan xalıqlardıń turmısın kórsetken. Ol qaraqalpaq diyqanların - sharwalarınıń, balıqshılarınıń awhalın kórsetetuǵın shıǵarmaların jazǵan.

Kúnxoja Xiywa qalasında ótkerilgen sóz ustalarınıń jarısına shaqırtılǵan. Onda ol óziniń "Umıtpaspan" shıǵarmasın jazadı. Shıǵarmada Xiywa xanlıǵınıń XIX ásirdiń ortalarındaǵı social-ekonomikalıq hám mádeniy turmısın kórsetiledi.

Ájiniyaz Qosıbay ulı (1824-1878). Ájiniyaz qaraqalpaq shayırlarınıń bayteregi

esaplanadı. Ol Xiywa qalasındaǵı Sherǵazıxan medreseni oqıp pitkergen. Bul medresede óz waqtında ullı túrkmen shayırı Maqtumqulı da bilim alǵan. Ol bir neshe tillerdi bilgen. Shıǵıs xalıqlarınıń lirikasın úyrengen. Ol muhabbat haqqında hám xalıq turmısınan alıp ájayıp shıǵarmalar dóretken. Ol Qazaqstan, Rossiya mámleketiniń Orenburg, Bashqurstan, Tatar¬stan aymaqlarında bolǵan.

Ájiniyaz shıǵarmalarında xalıqtıń tariyxiy-etnografiyalıq maǵlıwmatları keń túrde sáwlelengen. Ol qaraqalpaq qızlarınıń ájayıp kiyim-kenshekleri, olardıń sulıw kórki tuwralı ájayıp shıǵarmalar jazılǵan. Olar qıssaxanlar yadında usı kúnlerge shekem kelip jetken.

Ájiniyaz qaraqalpaq xalqınıń mádeniy turmısında áhmiyetli orın iyelegen “Bozataw“ poemasınıń avtorı. Onıń qazaqtıń shayır qızı “Qız Meńesh“ penen aytısı Qazaqstan, Ózbekstan aymaqlarında keń taralǵan. Bul úlken tariyxiy shıǵarmalar qaraqalpaq xalqınıń tariyxın úyreniwde úlken áhmiyetke iye bolıp esaplanadı.

Berdaq Ǵarǵabay ulı (1827-1900). Qaraqalpaq mádeniyatı, tariyxında kórnekli orın iyelegen Berdaq 1827-jılı Aral teńizi jaǵalawlarında tuwılıp, 1900-jılı 73 jasında qaytıs bolǵan. Ol jaslayınan Nawayı, Ferdawsiy, Fizuliy hám basqa da turkiy xalıqlardıń shıǵarmaların qızıǵıp úyrengen. Qaraqum iyshan medresesin tamamlaǵan. Onıń sanalı ómiri qaraqalpaqlardıń Xiywa xanlıǵınıń quramında bolǵan dáwirine sáykes keledi. Ol qaraqalpaq xalqınıń turmısın, tariyxın sáwlelendiretuǵın kóplep shıǵarmalar dөretken. Oniń “Aqmaq patsha“ shıǵarmasında qaraqalpaq hayal-qızlarınıń mártligin, gózzallıǵın táriypleydi.

Berdaq shayırdıń tariyxiy shıǵarmaları qaraqalpaq xalqınıń XIX ásirdegi turmısınıń tariyxiy deregi sıpatında úlken áhmiyetke iye. Onıń tariyxiy shıǵarmaları arasında “Shejire“ kórnekli orın iyelegen. Onda qaraqalpaq xalqınıń kelip shıǵıw tariyxı poeziyalıq til menen súwretlengen.

Ásirese, Xiywa, Buxara xanlarına qarsı azatliq kóterilisleri tuwralı dástanları “Aydosbiy“, “Ernazarbiy“, “Amangeldi“ hám basqa da shıǵarmaları úlken áhmiyetke iye bolıp esaplanadı.

Ótesh shayır Alshınbay ulı (1829-1902). Qaraqalpaq ádebiyatında Ótesh

Alshınbay ulınıń shıǵarmaları ayrıqsha orın iyeleydi. Ótesh 1829-jılı tuwılǵan. Ótesh shayır turkiy xalıqlardıń ádebiy shıǵarmaları menen jaqsı tanıs bolǵan. Onıń jazǵan shıǵarmalarında “Yusup-Zlixa“, “Taxir-Zuxra“, “Layli-Majnun“, “Farxad-Shiyrin“, “Ǵárip-ashıq“, “Shaxsánem“ hám basqa da dástanlardıń atları kórinedi. Buǵan qaraǵanda Ótesh jas waqtınan baslap ádebiy shıǵarmalardı tereń úyrengen.

Ótesh shayır Berdaq shayırdıń ólimine arnap iri kólemli shıǵarma jazǵan. Onda Berdaq shayırdiń ómiri, qaraqalpaq ádebiyatında tutqan ornına joqarı baha bergen. Sonıń menen birge Jiyen jıraw, Kúnxoja, Ájiniyaz hám basqa da qaraqalpaq shayırlarına sıpatlama bergen.

Ádebiyat penen bir qatarda qaraqalpaq sazı da óziniń eski tariyxına iye. “Saz benen sáwbetti yalǵan demeńler, ada mata bina bolǵanda bardı“-deydi qaraqalpaqlar. Saz folklor menen birge áwladtan-áwladqa ótip kelgen. Saz mádeniyatın ózi menen alıp júriwshiler bular jırawlar, basqsılar, sazendeler, qıssaxanlar bolǵan.

Tiykarǵı saz quralı bul ǵobız hám duwtar bolǵan. Ǵobız eski saz, onı jırawlar shertken hám onıń menen dástanlardı jırlaǵan. Duwtardı baqsılar hám sazendeler shertken. Sonıń menen birge qaraqalpaqlarda shınǵobız degen saz bolǵan, onı tiykarınan hayallar shertetuǵın bolǵan bolǵan. Sırnay hám sıbızǵı (quraydan islenetuǵın) degen de sazlar bolǵan. Girjek degen saz baqsılardıń qasında duwtarǵa qosıp shertilgen.

**Bilimlendiriw.** Qaraqalpaqlar arasında bul dáwirde islam dini hám Yassawiya táliymatı keń taralǵan. Qaraqum iyshanları Aral boyı xalıqları menen sonıń ishinde qaraqalpaq, qazaq, ózbek xalıqlarınıń arasında Yassawiya táliymatı ideyaların taratıwda úlken áhmiyetke iye bolǵan.

Qaraqalpaqlar arasında bilimli adamlar júdá kóp bolǵan. Olar baslanǵısh bilimdi óz awıllarındaǵı mekteplerde alǵan bolsa, joqarı bilimdi Qońırat, Xojeli, Shımbay, Xiywa, Buxara sıyaqlı iri qalalarda alǵan. Hár bir awıldıń mektep mollası bolıp, balalar jeti jastan mekteplerge qatnap, mollanıń basshılıǵında sawatın ashqan.

XVIII-XIX ásirlerde Qońırat, Xójeli, Shımbay, Shoraxan, Qıpshaq, Mańgıt,

Shabbaz, Shoraxan, Raximberdibiy bazar uqsaǵan qalalar, qorǵanlar hám de awıllıq qonıslarda bir neshe mektep-mediresaler bolǵan. Bul dáwirde Qońırat qalasında mádeniy turmıs hám tálim bir qansha rawajlanǵan bolıp, qalada kóplegen mektep, meshit-medireseler bolǵan . XIX ásirde Qońırat qalasında segiz meshit jaslardıń sawat ashıw ornına aylanǵan. Máselen, Xanmeshit Xiywada Qońıratlılar dinastiyasınıń dáslepki xanı bolǵan Madireym xan (1807-1826-j.j.) dáwirinde salınıp, sol xannıń húrmetine "Xan meshit" dep atalǵan. Ekinshi meshit Smetulla iyshan meshiti. Bul meshit Balabiy dáwirinen 1918-jılǵa shekem islep turǵan. Úshinshi meshit – Sarı iyshan meshiti, tórtinshisi – Sultan iyshan meshiti, besinshisi – Rısım iyshan meshiti, altınshısı – Bayjan axun meshiti, jetinshisi – Kamal iyshan meshiti hám segizinshisi – Yakub iyshan meshiti bolıp, bunı "Iyshan jaǵıstaǵı" meshit dep te ataǵan. Qala átirapında meshitlerdıń waqım jeri bolǵan [74]. XIX ásirde Xójeli qalasında da bes meshit hám bir medirese iskerlik kórsetgen [75]. Qıpshaq qalasında 120 úy, bir meshit hám bir mektep, Shabbaz qalasında 200 ge jaqın úy, 2 meshit hám 2 mektep bolǵan [76].

XIX ásirdegi Qaraqalpaqstannıń hár bir awılında bir meshitten bolǵan [77]. Olar meshit qáwim dep atalǵan. Sháriyatqa kóre usı meshit qáwimnıń imamı sol awıldıń balaların meshit qasınan mektep ashıp oqıtıwı parız esaplanǵan. Xalıq ishindegi Kúnxoja, Ájiniyaz, Berdaq uqsaǵan sawatlı, bilimli adamlardıń kópshiligi jergilikli mektep hám mediresaelerde jetilisip shıqqan. XIX ásirde qaraqalpaqlar mektep hám mediresaelerde nastalıq tiykarǵı jazıw túri bolǵan. Mektepte oqıwshılar arab alfavitin tolıq úyrenip bolǵannan soń «Haftiyak»ti oqıytuǵın bolǵan. «Haftiyak» Quran súreleriniń jetiden biri kiritilgen shıǵarma esaplanadı[78]. «Haftiyak»ti 1-2 jıl oqıp ózlestirgennen soń Qurandı úyreniwge kirisken. «Quran»nan soń «Shar kitap»tı oqıw jobalastırılǵan. «Shar kitap»tı ótip bolǵannan soń «Sufi Allayar»dı úyrengen. Bunnan soń Nawayı, Fizuliy, Bedil

---

[74] Есбергенов Х. Қонырат. Тарийхый ҳәм мәдений естеликлер. – Нөкис. 1993.-Б.13.
[75] Карлыбаев М. Медиресе в Каракалпакии XIX начало XX веков. – Нукус. Билим. 2002.-Б.23.
[76] Кун А.Л. Культура оазиса низовьев Амударьи от Кунграда до Чимбая. –Б.236-238.
[77] Әлеўов Ө. Қарақалпақстанда тәлим-тәрбиялық ойлардың қәлиплесиўи ҳәм раўажланыўы. – Нөкис. Билим.1993. – Б.289.
[78] Әлеўов Ө. Қарақалпақстанда тәлим-тәрбиялық ойлардың қәлиплесиўи ҳәм раўажланыўы. – Б.290-291

hám basqa da oyshıllardıń shıǵarmaların oqıǵan.

Mekteplerde arab alfavitinde oqıw, jazıw hám arifmetika úyretiliw menen birge diniy túsinikler de berilgen.

XIX ásir aqırında (1898-j.) Ámiwdárya bóliminde 843 mektep bolıp, olarda 6567 bala tálim alǵan. Xiywa xanlıǵına qaraslı Ámiwdáryanıń shep jaǵalıǵında da mektepler sanı bunnan kem bolmaǵanlıǵı anıq.

Mektepti pitirgen jaslar múmkinshiliklerine qarap, joqarı oqıw orınları – mediresede bilimin jetilistirgen. XIX ásirde Kegeyli hám Shımbay aralıǵında 8 medirese bolǵan . Olar: Qaraqum iyshan, Mátmurat axun, Qalila axun, Embergen axun, Ayımbet iyshan, Sherniyaz axun, Ayaqáwliye, Iyshan qala mediresel eri[79]. Olardan Qaraqum iyshan medireses i Oraylıq Aziyaǵa belgili bolǵan . Mediresede Islam táliymatı menen bir qatarda esap-sanaq, ádebiy, tariyxıy, ádep-ikramlılıq hám nızamǵa baylanıslı ilimler de úyretilgen [80]. Medirese kitapxanası bay bolǵan . Onda «Quran», Xoja Axmed Yassawiy, Suwfı Allayar hikmetleri, Qıssa Anbiya (Paygambarlar qıssası), shejireler, Qıssa Rabǵuziy, Qıssa Zulqarnay, Qıssa Ábiw Áli Ibn Sino, Shaxnama, Yusuf-Zuleyxa, Hákim ata kitapları, Nawayınıń «Xamsa»sı, Xorezmnama, Jámiy, Qaliyla hám Dimna, Qabusnama, Bedil, Xoja Hafiz hám t.b. kitaplar, kóplegen qol jazbalar saqlanǵan. Mediresede Kúnxoja, Berdaq, Ótesh qıssaxan sıyaqlı xalqımızdıń belgili oyshılları tálim alǵan.

Rizaquli Mırzanıń (1874-j.) maǵlıwmatlarına qaraǵanda, Shımbay qalasında bes meshit, eki medirese bolǵan.[81] Mediresel erdıń hár qaysısında 25 baladan oqıǵan. Mediresel erde parsı, túrk, arab hám shaǵatay tilleri oqıtılǵan. Bul tillerde balalar jazıp hám oqıy alatuǵın bolǵan. «Handusá» (handasa) sabaǵında esap-sanaq úyrenilgen. Qaǵaz Buxaradan alıp kelingen, qálemi qamıstan islengen. Rizaquli Mırzanıń jazıwınsha, mediresel erde Qazan, Buxara, Shımbay qalalarında jazılǵan Quran, Nawayı, Hafiz Danısh shıǵarmaları bolǵan .

Maqtum axun meshit-medireses i Shımbaydaǵı iri mediresel er qatarına

[79] Әлеўов Ө. Қарақалпақстанда тәлим-тәрбиялық ойлардың қәлиплесиўи ҳәм раўажланыўы. – Б.292.
[80] Хожанияз Ғ., Юсупов О. Қарақалпақстандағы муқаддес орынлар. – Нөкис. 1994.-Б.33.
[81] Риза-кули Мырза Әмиўдәрья областының қысқаша баянламасы // Әмиўдәрья журнал, 1992, №2,- Б. 92-102

kirgen[82]. Medirese Aymuxammed iyshan tárepinen 1850-jılı saldırılǵan. Medirese binası on jeti ójireli bolǵan. Onda bas meshit, sabaq tayarlaw xanasi, tálim alıwshılardıń ójireleri, jazǵı hám qısqı aywanlardan ibarat bolǵan. Mediresenıń kólemi 20x27 metr. Bul medireseде Buxarada tálim alǵan Xojaniyaz iyshan, Xiywada tálim alǵan Axmed axunlar sabaq bergen. Mediresede Abdiqadir shayır, Abbaz shayır sıyaqlı sóz sheberleri, Q.Áwyezov uqsaǵan mámleketlik ǵayratkerler tálim alǵan. Bul medirese «Ayımbet iyshan medirеsesi» dep te ataladı.

XIX ásirde Xójeli qalasında Pirimbet iyshan mediresesi, Qońırat qalasında Elmurat axun mediresesi, Ústirtte Bektursın mediresesi, Shoraxandaǵı Tas medirese, Shortan kóldegi Qoshmuhammed mediresesi, Mańǵıt qalasında bir medirese hám basqa medireseler iskerlik kórsetken[83].

XIX ásir aqırında Ámiwdárya bóliminde 58 medirese bolıp, olarda 1000 nan aslam jaslar bilim alǵan[84]. Ámiwdáryanıń shep jaǵasında medireseler tiykarınan qalalarda, oń jaǵalıǵında iri qonıs mákanlarda medireseler bolǵan. Medireselerdegi bilim alıwshılardıń ortasha sanı 20-25 bolıp, úlken medireselerde 50 ge jaqın talabalar bilim alǵan.

Demek, XVIII-XIX ásirlerde qaraqalpaq qala hám awıllıq qonıs mákanlarında bilimlendiriw tarawı óz zamanına say iskerlik kórsetken. Meshit-mekteplerde oqıw-jazıw, arifmetika, diniy bilim alǵan bolsa, medireselerde ullı oyshıllardıń shıǵarmaları, diniy táliymatlar, esap-kitap ilimleri úyretilgen. Olarǵa Xiywa hám Buxara qalalarında tálim alǵan ulamalar tálim bergen.

**Seyilleri hám milliy oyınlar.** Qaraqalpaqlar burınnan-aq ózleriniń milliy oyın hám tamasha túrlerine iye bolǵan. Olardan arqan tartısıw, dilwarlıq jarısları, gúres, jorǵa súriw, báygige at jiberiw, átkónshek, baqsı, jıraw tıńlaw, saz-sáwbet ótkeriw, seyil, geshtek, zıyapatlar, otırıspa menen qatar aǵa biy oyınları ótkerilgen.

Shımbay qalasına kelgen Riza Kuli mırza (1874-jılı) qaraqalpaqlardıń toydaǵı ayaq oyınları haqqında, jigitlerdiń sekirip oynawları, hayal-qızlardıń átkónshek

[82] Хожанияз Ғ., Юсупов О. Қарақалпақстандағы муқаддес орынлар. – Нөкис. 1994.-Б.17.
[83] Әлеўов Ө. Қарақалпақстанда тәлим-тәрбиялық ойлардың қәлиплесиўи ҳәм раўажланыўы. – Б.292.
[84] Карлыбаев М. Медиресе в Каракалпакии XIX начало XX веков. – Нукус. Билим. 2002.-Б.23.

tebiwleri tuwralı kóplegen maǵlıwmatlar beredi. Olardıń baslı muzıkalık ásbapları – úsh tarlı balalayka (saz) tambur – birinen-biri kishilew baylap biriktirilgen eki kishkene baraban, jáne violenchelge usaǵan bir ásbap. Xalıq ayaq oyını lezginkaǵa usas, biraq ástelew oynaladı. Oynawshılar qollarına oramal uslap júredi dep jazadı.

Shımbaydaǵı xalıq teatrı, ondaǵı masqarabazlar, quwırshaq teatrı hám basqada túrleri, olardıń repertuarları tuwralı úlkemizde bolǵan belgili ilimpaz N.A.Baskakov 1926, 1928-1930-jıllarda jıynaǵan materialları negizinde “Narodnıy teatr Xorezma“ kitabın jazadı. Tiykarınan qaraqalpaq masqarabazlarınıń qosıq teksti Shımbay hám Qońırattan jazıp alınadı. Masqarabazlar ózleri jasap atırǵan jerden basqa jerlerge de shıǵıp, ózleriniń tamashaların kórsetken. Shımbayda hám basqada qalalarda, xalıq jasaytuǵın orınlarda ózleriniń quwırshaqshıları hám masqarabazları bolıp, olar ayrım jaǵdaylarda oraylıq qalalardaǵı gastrollerge shıǵıp júrgenlerden joqarı turǵan. Jaslardıń teatrlasqan oyınlarınıń biri “Aǵa biy“ Moynaq, Shımbay hám taǵı basqada Qaraqalpaqstandaǵı kóplegen qalalarda tarqalıp, qala hám awıllarda birdey bolıp, ol 1930-jıllarǵa shekem dawam etip kelgen. Bul oyınnıń kóplegen variantları bolıp, barlıq jaǵdaylarda oraylıq figura oyınnıń basqarıwshısı Aǵa-biy bolıp qala beredi.

Shımbay qalasındaǵı oyın zawıqları biybazar kúnleride bolǵan. Solardıń qatarında máddeshilerdi aytıwǵa boladı. Júdá saz dawısqa salıp, qosıq etip aytqan. Adamlar bul hawazǵa kóp jıynalǵan. Bular háreketti shaqqanlıq penen sekirip oynap qara terge batqan.

Xalıqqa tamasha beriw ushın Xorezmli Sabır dárwazshı Shımbayǵa kelip dárwaz qurıp oynaǵan. Dárwaz, seyillerge Jańabay palwan, Orınbay alabas, Ernazar shoyınshı qusaǵan ataqlı palwanlar qatnasıp güresken.

Xalıq teatrınıń bir túri, Sapar quwırshaqshı degen Xorezmnen kelip quwırshaq oyınların kórsetken. Shımbay qalasınıń óziniń masqarapaz, quwırshaqshı oyını bolǵan. Xalıq teatrınıń wákilleri payda boladı.

Shımbay qalası hám onıń átirapındaǵı adamlardıń arasında dilwar qız-jigitleri juwapsız sóz sóylemey, laqqıları adamlar minezlerindegi kemisliklerdi sınǵa alıp otırǵan. Shımbaydaǵı bayramlarǵa hár qıylı orınlardan adamlar kelgen.

Qaraqalpaqlardıń turmısında belgili orındı xalıq teatrı iyelep, olar dástúrli seyil bayramlarda ózleriniń kórinislerin bergen. Shımbayda waqtı-waqtı menen bayram kúnlerinde xalıq qızıqshılarınıń, qosıqshı, masqarapazlardıń kórinisleri bolıp turǵan. Xalıq teatrınıń repertuarında áhmiyetli orınlardı onsha úlken emes satira, komediya iyelep, olar patsha hám xan administraciyasınıń ádalatsızlıqları haqqındaǵı kórinisleri iyelegen. Shımbay qalası Ámiwdáryanıń tómeninde jasaǵan xalıqlardıń mádeniy-bilimlendiriw orayı bolǵan.

Jaslar Shımbayda teatrlasqan oyınlar kórsetken. Mısalı Shımbayda, Kegeyliniń shep tárepinde Úyshi awılda Pirniyaz iyikshi hám Aytbay sarılar 1917-jıllarǵa shekem ózleriniń átirapına waqıtsha óz betinshe truppalardı jıynap, qaraqalpaq jasların tatar hám ruslardıń hayal kiyimleri menen kiyindirip saxnalastırǵan kórsetiwler kórsetip barǵan. Bular xalıq teatrı, yamasa maydan (ploshadnogo) teatrı dep atalıp, olar arasında óz-ara jarıslar bolıp turǵan. Mısalı Shımbaydaǵı Kegeyli kanalınıń shep tárepindegi "úyshi awıl" menen oń táreptegi "kókshi qala" jigitleri ózleriniń kórkem-ónerin kórsetiw ushın jarısıp, saxnalastırǵan kórsetiwler bergen. Dosımbet-qırqın truppası 1926-jılǵa shekem xalıqqa xızmet kórsetip, ózleriniń hár qıylı kórsetiwlerin Shımbay menen birge Tórtkúl, Xojeli, Qońırat, Nókis, Shabbaz, Nazarxan aymaqlarına da kórsetken.

Xalqımızdaǵı bunday hayt-seyiller, oyınlar ótkeriwler perzentlerdi watan súyiwge, óz milliy qádir-qımbatın qásterlewge, milliy dástúrlerge sadıqlıq ruwxında tárbiyalawǵa ayrıqsha itibar bergen. Olardı kishkene waqıtlarınan baslap shınıqtırıp, ertekler, jańıltpash hám jumbaqlar yadlatıw arqalı til baylıǵında ósirip barǵan.

Jaslardıń ádep-ikramlılıq pazıyletleri hár qıylı jaslar seyillerinde, merekelerde kózge túsip, sınalıp, olardıń intizamına, sheshenligine ılayıqlı baha berilgen.

Sonday-aq, nawrızlıq gójeden keyin baslanatuǵın seyil eki hápte dawam etedi. Onda palwanlar belbew tutısıp, shabandozlar kókpar oynap, aylawlarǵa at jiberilip, baqsı jırawlar ayttırıladı. Awılma-awıl bir-birin óz seyillerin tamashalawǵa mirát etedi.

Joqarıda kórip ótkenimizdey xalqımızdıń usı dáwirdegi mádeniy turmısı ózine

sáykes dárejede dawam etkenligin kóremiz. Olardıń barlıǵı belgili dárejede xalqımızdıń ózligin kórsetiw hám ózine tán mádeniyatqa iye ekenligin kórsetiw menen birge ósip kiyatırǵan keleshek áwladtı hár tárepleme tárbiyalawǵa baǵdarlanǵanlıǵın kóriwimizge boladı. Bular haqqında Q.Ayımbetov, T.Qılıshev, X.Esbergenov, A.Pirnazarov hám taǵı basqa da ilimpazlardıń ilimiy miynetlerinde bahalı maǵlıwmatlar berilgen.

## 2.2. « Qaraqalpaqlardın XVII-XIX ásirdegi mánewiy mádeniyatı. Bilimlendiriw » temasi boyınsha úlgi sabaq islenbesin proektlestiriw.

**Pán:** Qaraqalpaqstan tariyxı

**Klass:** 8-klass

**Tema: « Qaraqalpaqlardın XVII-XIX ásirdegi mánewiy mádeniyatı. Bilimlendiriw »**

**Sabaqtıń maqseti:**

**a) Bilim beriwshilik maqseti: Awızeki dóretpeler. Ádebiyat. Bilimlendiriw. Salt-dasturler. Mánewiy mádeniyat tarawındaǵı oy pikirler** teması boyınsha oqıwshılar jańa bilimge iye boladı

**b) Tárbiyalıq maqseti:** Mádeniyat joqarı dárejede ekenligin túsindiriw hám bilimlerin jetilistiriw, oqıwshılardı sabaqqa qızıqtırıw

**s) Rawajlandırıwshılıq maqseti:** Oqıwshılardıń erkin pikirlew, oylaw, este saqlaw qábiletlerin arttırıw hám olardıń dúnya qarasın keńeytiriwge baǵdarlaw;

**Pánge tiyisli kompetenciya:**

1) Tarıyxıy waqıyalıqtı tusiniw hám onı izbe-izlikte tusindire alıw kompetenciyası

2) Tarıyxıy derek hám ádebiyatlar menen islesiw kompetenciyası

**Tayanısh kompetensiya:** Ózin-ózi rawajlandırıwshı kompetensiya, milliy hám ulıwmamádeniy kompetenciya

**Sabaqtıń túri:** Dástúriy emes

**Sabaq usılı:** Aqlıy hújim, Domino metodı, kishi toparlarda islesiw.

**Qurallandırıw:** Sabaqlıq, kógizbeli qurallar. tarqatpa materiallar, slayd(video proektorda), bahalaw kartochkaları.

**Waqtı:** 45 minut

### SABAQ BARISI

**I. Shólkemlestiriw:** Sálemlesemen, klastıń tazalıĝına itibar beremen, náwbetshi arqalı oqıwshılardı barlayman. (2 minut)

**II. Úyge tapsırmanı soraw:** Ótken temanı oqıwshılar menen birgelikte qısqasha

eske túsiremiz. Soń úyge tapsırmanı ulıwmalıq sorawlar beriw arqalı sorayman. Oqıwshılardıń bergen juwabına qarap olardı kartochkalar arqalı bahalayman (10 minut).

**SORAWLAR**

1. Mektep qaysı tilden alıngan qanday mánisti bildiredi?
2. Mektepke balalar neshe jasınan baslap qabıl etilgen?
3. Medrese sózi qaysı tilden alıngan qanday mánisti bildiredi?
4. XX ásirdiń baslarına shekem házirgi Qaraqalpaqstan aymaǵında qanshaǵa jaqın medrese bolǵan?
5. Medreseler qaysi qalalarda bolg\`an ha\`m olarda qanday bilim berilgen?
6. Qaraqalpaq xalıq oyınlarının\` tu\`rlerin sanap ko\`rsetin\`.
7. Qaraqalpaqlarda XIX a\`sirdegi qız uzatıw da\`stu\`rleri haqqında ne bilesiz?
8. Qaraqalpaqlarda Nawrız bayramının\` tutqan ornın aytıp berin\`?
9. Xalıq kalendarı tuwralı nelerdi bilesiz?
10. XVIII hám XIX ásirlerde jasap ótken qaraqalpaq klassik shayırlardan kimlerdi bilesiz?

**III. Taza temanı tu\`sindiriw: « Qaraqalpaqlardın XVII-XIX ásirdegi mánewiy mádeniyatı. Bilimlendiriw »**

Jobası.

1. Qaraqalpaq jerlerindegi mektep ha\`m medreseler. Bilimlendiriw.
2. Sált-dásturleri. Seyilleri hám milliy oyınlardıń ótkeriliwi.
3. Ertekler, qaharmanlıq dastanlar, tariyxıy an\`ızlar ha\`m tolg\`awlar.
4. Qaraqalpaq a\`debiyatı wa\`killeri:

Jańa tema mazmunı tómendegishe awız eki gúrriń metodında prezentaciya materiallarınan paydalangan halda (aqliy hújim tıykarında) túsindiriledi

Qaraqalpaq xalqınıń bay ruwxıy mádeniy miyrasınıń biri folklor bolıp, ol belgisiz avtor (xalıq) tárepinen dóretilgen xalıq arasında tarqalǵan, awızeki túrde áwladtan-áwladqa jetip kiytatırǵan ádebiy kórkem shıǵarmalar.

**Qaraqalpaq dástanları**

*Qaharmanlıq dástanlar:* "Alpamıs", "Qırıq qız", "Qoblan"

*Tariyxıy dástanlar:*
"Edige", "Er Shora", "Dáwletiyarbek"

*Ishqı-muhabbat dástanları:*
"Ǵárip ashıq",
"Sayatxan-Hamra", "Góruǵlı"

"Alpamıs" dástanı eń birinshi ret XIX ásirdiń 80-jıllarında Bekmuxammed ulı Jiemurat jırawdan rossiyalı folklorshı A.Divaev taárepinen jazıp alıngan hám 1901-jılı qaraqalpaq hám rus tillerinde basıp shıgarılgan.

"Qırıq qız" dástanı búgingi kúnde pútkil dúnyalıq folklor izertlewshi alımları hám keń xalıq arasında belgili. 1997-jılı sentyabrde Nókiste bolıp ótken usı dástanga bagıshlangan xalıqaralıq ilimiy anjumanda dástannıń barlıq túrkiy xalıqlar ushın áhmiyetiniń teńdey ekenligi kórsetiledi.

Edige dástanı birinshi ret rus izertlewshisi I.L.Belyaev tárepinen 1903-jılı Shımbaylı Bekimbet jırawdan jazıp alıngan.

**ESTE SAQLAŃ**

Xalqımız mádeniyatınıń ajıralmas bólegi kúndelikli turmısta ushırasatuǵın milliy salt dástúrleri bolıp esaplanadı. Olar xalıq dástúrlerine baylanıslı bolǵan toy baslaw, háwjar, sıńsıw, bet ashar, besik jırı usaǵan dástúrler. Bular hár qaysısı óz naması menen aytılǵanı sebepli turmıs-salt jırları yamasa toy dástúri hám xalıq dástúri dep te aytılǵan. Awızeki xalıq dóretpesindegi turmıs –salt jırları xalqımız mádeniyatınıń dárejesin belgileytuǵın oǵada bay etnografiyalıq material bolıp esaplanadı. Máselen, "Bet ashar", "Toy baslaw", "Háwjar", "Sıńsıw", qosıqları qaraqalpaq xalqınıń qız uzatıw, ul úylendiriw toyları menen baylanıslı bolsa, "Joqlaw" qosıǵı marhumdı jerlew dástúri menen baylanıslı.
"Salt" sóziniń mánisi eldiń úrp-ádet dástúri menen baylanıslı.

Qoy súyedi balasın qızm-aw dep, háwjar,
Hesh nárseni kórmegen bozım-aw dep háwjar,
Uzatqanda qız jılar, óksip-óksip, háwjar,
Qáne meniń qız kúngi nazım-aw dep, háwjar.

*(Háwjar)*

Shashbawlarım tókpeli,
Men aǵama ókpeli,
Ókpelemey qáyteyin,
Bir jıl tursam kóppedi.

*(Sıńsıw)*

Qabırǵamda qanatım,
Qábiletli sanatım,
Ayıw sıńlı ol ózi,
At basınday júrekli.

*(Joqlaw)*

Baslayın men baslayın,
Ózim asıp saspayın,
Jumanazardıń toyında,
Bir kewildi xoshlayın.

*(Toy baslaw)*

Biziń jaqtıń awılı,
Qıpshaq bolar kelinshek,
Kelinleri japqan nan,
Jumsaq bolar kelinshek.

*(Bet ashar)*

**IV. Taza temanı bekkemlew: (15 minut)**

a) Oqıwshılardı toparlarǵa bólemen (3 toparǵa). Soń olarǵa tarqatpa materiallarda kesteli shınıǵıw beremen. Toparlar shınıǵıwdaǵı sorawlarǵa juwap beredi hám olarǵa qosımsha maǵlıwmatlar aytadı. Toparlarda belsene jumıs islegen oqıwshılar kartochkalar menen bahalanadı. (6 minut)

1-TOPAR

| Qaraqalpaq dástanları atları | Alpamıs | Edige | Qırıq qız | Góruǵlı |
|---|---|---|---|---|
| 1997-jılı sentyabrde Nókiste bolıp ótken usı dástanǵa baǵıshlanǵan xalıq aralıq ilimiy anjumanda dástannıń barlıq túrkiy xalıqlar ushın teńdey kenligi atap kórsetiledi. | | | + | |
| Bul dástan eń birinshi ret Bekmuxammed ulı Jiemurat jırawdan rossiyalı folklorshı A.Divaev tárepinen jazıp alınǵan. | + | | | |
| Belyaev tárepinen Shımbaylı Bekimbet jırawdan jazıp alınǵan. | | + | | |
| Bul dástan ıshqı-muhabbat túrine kiriwshi dástan. | | | | + |

2-TOPAR

| Qaraqalpaq xalıq shayırları | Ájiniyaz | Sıdıq | Ábdiqádir | Omar |
|---|---|---|---|---|
| Ol 1857-1917-jıllar aralıǵında jasap ótken shayır. Onıń "Zaman" degen qosıǵı patsha húkimetiniń koloniyalıq basqarıw siyasatın áshkaralaydı | | + | | |
| Ol 1860-1930 jıllar aralıǵında jasap ótken shayır. Onıń belgili "Nege dárkar" qosıǵı bar | | | + | |
| Ol 1878-1922-jıllar aralıǵında jasap ótken shayır. Ol "Baxıtlı bolıp jasamasań, sum dúnyadan ne payda" dep, xalıqtı baxıtlı turmısta jasawǵa shaqıradı. | | | | + |
| Ol 1824-1978-jıllar aralıǵında jasap ótken shayır. Onıń eń belgili "Bozataw" poeması bar. | + | | | |

TOPAR

| Qaraqalpaq salt-dástúr jırları | Bet ashar | 3 Toy baslaw | Sıńsıw | Joqlaw |
|---|---|---|---|---|
| Shashbawlarım tókpeli,<br>Men aǵama ókpeli,<br>Ókpelemey qáyteyin,<br>Bir jıl tursam kóppedi. | | | + | |
| Qabırǵamda qanatım,<br>Qábiletli sanatım,<br>Ayıw sıńlı ol ózi,<br>At basınday júrekli. | | | | + |
| Baslayın men baslayın,<br>Ózim asıp saspayın,<br>Jumanazardıń toyında,<br>Bir kewildi xoshlayın. | | + | | |
| Biziń jaqtıń awılı,<br>Qıpshaq bolar kelinshek,<br>Kelinleri japqan nan,<br>Jumsaq bolar kelinshek. | + | | | |

b)Toparlarǵa “Domino” dep atalatuǵın shınıǵıw ótkeremen. Bunda oqıwshılarǵa tarqatpa materiallarda sorawlar beriledi, sorawlar domino oyını sıyaqlı jaylastırıladı. Toparlar olardı belgilengen waqıt ishinde durıs hám anıq etip jaylastırıwı kerek boladı. (9 minut)

1-TOPAR




2-TOPAR



3-TOPAR




**Taza temanı bekkemlewde «Blits-sorawnama»** usılında oqıwshılardın` alg`an bilimleri sınaqtan o`tkeriledi. Mısalı:

| Sorawlar | Juwaplar |
|---|---|
| 1. Tas medresesi qashan ha`m kim ta`repine qurılg`an | 1. 1841-jılı Xojaniyaz biy ta`repinen |
| 2. Ku`nxoja neshinshi jılları o`mir su`rgen | 2. 1799-1880 jılları |
| 3. A`jiniyazdın` qanday shıg`armaların bilesiz? | 3. «Bozataw», «Qız Men`esh penen aytısı» ha`m t.b. |
| 4. Berdaq neshinshi jılı tuwılg`an? | 4. 1827-jılı |

Ja`ne de oqıwshı pikirin biliw maqsetinde «Aytshı mag`an» shınıgıwı o`tkerilse boladı. Biraq bul shınıgıwdagı sorawlar sanı kem degende 12 soraw bolıwı kerek. Oqıtıwshı u`yinde du`zip keledi. Oqıwshı o`zine maqul sorawga juwap berip

kartochkalar sanın ko`beytedi.

**Mısalı:**

1. Siz A`jiniyazdın` qosıq qatarlarınan keltire alasızba?

2. Tolg`awlar degenimiz ne?

3. O`tesh shayır shıg`armlaarında qaysı da`stanlar haqqında keltirilgen?

4. XIX ásirde Qaraqalpaqstan aymaǵında qansha mektep bolgan? 318

5. Qaraqalpaqstandaǵı pútkil Oraylıq Aziyaǵa belgili bolǵan medrese qaysı ? Qaraqum iyshan medresesi

6. Qaraqalpaqstandaǵı qaysı medreseler suffizm tálimatın taratıwda úlken xızmet atqarǵan? Tas medrese hám Qaraqum iyshan

7. Tas medrese qashan kim tárepinen qayjerde salınǵan?

1841-jılı Xojaniyaz biy tárepinen, Ámiwdárya rayonı aymaǵında Shılpıqtıń qasında

8. To'mendegi qaysı medreseniń talabalar oqıytuǵın 30 o'jiresi bolǵan?

Qaraqum iyshan

9. Qaraqalpaq shayırları O'tesh, Annaqul, Omarlar qaysı jerde bilim alǵan? Abdikarim axun meshitinde

10. Ormambet tolǵawı qaysı dáwirdedegi waxıyalardı súwretleydi?

XVI ásirdegi

11. «Hayallar patshalıǵı tuwralı ertek» qashan hám qayjerde kim tárepinen jazıp alınǵan? 1873-jılı Shımbay qalasınan İ. Karazin 80 jasar shamasındaǵı ertekshi kempirden jazıp alǵan.

12. «juwannıń jińishkerip,jińishkeniń úzilip turǵan» waqtında dińke endiriwshi toyımlı awqat bul? -…? Súmelek

13. Qaraqum iyshan medresesi qashan hám qayjerde qurılǵan?

XIX ásirde burıńǵı Bozataw rayonı aymaǵında

14. Berdax shayır qaysı medesede oqıǵan? Qaraqum iyshan medresesinde

15. Xalıqtıń turmısında qayǵılı waxıyalarǵa baylanıslı neler aytılǵan?

Joqlawlar

16. Edige dástanı qashannan baslap qaraqalpaq jırawları tárepinen aytılıp kelingen?

XV ásirden

17. «Qaraqalpaqlar saxradaǵı birinshi shayır hám qosıqshılar, sonnan keyin qırǵızlar hám túrkmenler» dep jazıp ketken Qazaq ilimpazı kim?

Shoxan Walixanov

18. Berdaq qaysı shıǵarmasında qaraqalpaq hayal-qızlarınıń mártligin,go'zzallıǵın súwretleydi? **"**Aqmaq patsha"

**V. Bahalaw:** Oqıwshılardıń qollarında jıynalǵan kartochkalarǵa qarap oqıwshılar bahalanadı hám oqıwshılar alǵan bahaları menen tanıstırıladı. (3 minut)

**VI. Úyge tapsırma beriw:** (1 minut)

Tema sońında berilgen soraw hám tapsırmalar menen islesiw. Ótilgen tema mazmunı menen tanısıw

# JUWMAQLAW

Qaraqalpaq xalqi da dúnyanıń basqa xalıqları sıyaqlı óziniń tákirarlanbaytuǵın mádeniyatına iye. XVII - XIX ásirlerde qaraqalpaqlardıń tariyxıy geografiyalıq jaylasıwı Sırdárya boyları, Buxara ámirligi, Qoqan hám Xiywa xanlıqları aymaqlarına tuwrı keledi. Bul aymaqlarda qaraqalpaqlar kompleksli xojalıq tarawları sharwashılıq, diyqanshılıq, ónermentshilik hám balıqshılıq penen shuǵullanǵan. XVII - XVIII ásirler qaraqalpaq xalqınıń siyasiy hám ekonomikalıq turmısında mashaqatlı dáwir sıpatında táriyplenedi. Bul dáwirde qaraqalpaqlar qońsı xalıqlar qazaqlar, Xiywa hám Buxara xanlıqları, Rossiya mámleketi menen siyasiy hám sawda-ekonomikalıq tarawlarda óz-ara baylanıs hám qatnasıqlar ornatqan. Misali, 1721 - jılı qaraqalpaqlar ordasına Rossiya imperiyası elshisi Dmitriy Vershinin keledi hám mámleketler arasındaǵı qatnasıqlardı bekkemlew boyınsha sóylesiwler alıp barıladı. D.Vershinin menen birge Jánibek batır basshılıǵındaǵı qaraqalpaq elshileri Rossiya imperatorı bolǵan Petr I qabılawında boladi

Qaraqalpaqlardıń tiykarǵı bólegi awıllarda jasaǵan. Awıl ádettegishe bir neshe onlaǵan, ayırım awıllar 200 hám onnanda kóbirek xojalıqlardan turǵan. XVIII ásirde qaraqalpaqlardıń Shaxtemir, Xojeli, Qońırat hám t.b. qalaları bolǵan.

A.N.Karazin 1874-jılda Xojelide bolǵanında, onıń ájayıp tábiyatı hám sawda-ekonomikalıq turmıs darejesiniń joqarılıǵına tań qalıp, «Xojeli-Ámiwdárya boyındaǵı Venetsiya» dep táriypleydi.

Ónermentshilik - qaraqalpaq xalqınıń áyyemnen kiyatırǵan milliy mádeniyati belgileriniń saqlanıwında áhmiyetli orin tutǵan. Qaraqalpaqlarda ázelden temirshilik, shoyın qúyıwshılıq, zergershilik, aǵash ustashılıǵı, kónshilik, gúlalshılıq, toqımashılıq, kiyiz basıw hám basqa da ónermentshilik tarawları eń jayǵan. Ónermentshilik tarawları tiykarınan shańaraq hám xojalıq mútajliklerin qanaatlandıratuǵın dárejede rawajlanıp kelgen.

Qaraqalpaq xalqı ónermentshiliginiń jáne bir qásiyeti hám ózgesheligi sonda, onıń kóplep tarawları tikkeley shańaraq ónermentshiligi menen baylanıslı bolǵan.

Hár bir xalıqtıń milliy ózgesheliklerin belgilewde zergerlik oneri ayrıqsha áhmiyetke iye. Zergerler tiykarınan árebek, túrli formadağı sırğalar, háykel, óńirmonshaq, gilt-shalğısh, tumar, ayshıq, baqa, túyme, ilgek, júzik, bilezik hám tağı basqada hayal-qızlardıń bezeniw búyımların islegen.

Sonday-aq, ağashqa nağıs oyıw ónermentshiligi úlgileri qaraqalpaq milliy mádeniyatınıń ózgesheliklerin kórsetedi. Nağıs oyıwshı ustalar, kóbinese, xojalıq búyımları sandıq, sabayaq, ergenek, aq baslı er, pıshaqlardıń sabına, qamıt ağash, duwtarlarğa ağashtan geometriyalıq hám ósimlik tárizli nağıslar oyıp salğan. Ustalar ağashtan tısqarı, súyekke de nağıslar salıwğa sheber bolğan. Olardan aq baslı er, ala moynaq duwtarlarğa súyekten oyıp ájayıp geometriyalıq nağıslar salınğan. Qaraqalpaq xalqınıń ağashqa nağıs oyıw ónermentshiligi arnawlı túrde kórkem óner ğayretkeri I.V. Savickiy tárepinen úyrenilgen. Ol “Qaraqalpaqlarda ağashqa nağıs oyıwshılıq“ miynetinde qaraqalpaq kórkem ónerinin bay tariyxı hám ózine tán qaytalanbas ózgesheliklerine toqtap ótedi.

XIX aqırı hám XX ásir baslarında Qaraqalpaqstandağı Shımbay, Dawqara, Shoraxan, Qońırat, Xojeli, Qıpshaq, Manğıt, Raxman-Berdibiy bazar sıyaqlı qalalarda ónermentshilik bir qansha joqarı dárejede rawajlanğan.

Hár bir xalıqtıń jasağan tábiyiy ortalığına, xojalıq turmısına muwapıq ózine tán milliy kiyimleri bolğan. Bul milliy kiyimleri olardıń ásirler dawamında qáliplestirip, qásterlep saqlap kelgen milliy mádeniyatınıń bir bólimi bolıp tabıladı. Qaraqalpaqlar ózleriniń kiyimleri arqalı da basqa xalıqlardan ajıralıp turadi. Bunda olardıń kiyimleri ózleriniń stili, fasonı menen ajıralıwı menen birge bul kiyimlerdi tigiwde olarğa salınğan nağısları, kiyimlerdiń tayarlanıw usılları, jumsalğan materialları menen de basqa xalıqlardan ajıralıp turğan.

Qaraqalpaq hayal-qızlarınıń jegde, kiymeshek, jeńse, kók kóylek, sáwkele usağan kiyimlerini qońsı xalıqlar hayal-qızlar kiyimlerinen úlken ayırmashılıqqa iye bolğan. Hayal-qızlardıń kiyimlerindegi kóp ónerli islengeni kók kóylek, sáwkele, qızıl kiymeshek, al olardıń bezeniw zatlarınan zergerler soqqan júzik, bilezik, árebek, háykel, shar túyme, óńir monshaq 8 túyme tağılğan óńirshe bolğan.

Toy –merekede hayal-qızlar qızıl kiymeshekler, sonday-aq gúmis hám bahalı

taslar menen bezetilgen sáwkele kiygen.

Qazaq xalqınıń ullı ilimpazi Shoqan Walixanov qaraqalpaqlar haqqında, olar qosıqsız, dástanlarsız, tariyxiy áńgimelersiz ózleriniń toy-merekelerin ótkermegen xalıq dep táriypleydi. Búgingi kunde qaraqalpaq folklorınıń 100 tomlıǵı basılıp shıgiwi bunin isbati bolip tabiladı. Qaraqalpaqlarda dástanları da keńnen taralǵan. Olardan "Qırıq qız", "Alpamıs", "Qoblan", "Máspatsha" usaǵan dástanlarında xalıq tariyxınıń ayırım tárepleri jarıtılǵan.

Xalıq arasında bayram, toy-mereke kóp bolǵan. Toylarda at shabıs, ılaq oyın, palwan gúres, kókpar oyınları hám basqa da xalıq oyınları ótkerilip, bayraqqa hár qıylı zatlar qoyılǵan. Bul toylarda xalıq oyınlarınan tısqarı, jırawlar, baqsılar ayttırılǵan. Altın qabaq attırıw oyını ótkerilip, qabaqtı atıp túsirgen adamlarǵa sıylıqlar berilgen. Qiz-jigitler ushın arnawlı úy berilip geshtek uyımlastırılǵan. Onda átkónshek tebiw, qız-jigit aytısı ótkerilgen.

Xalıqtıń arasındaǵı hár qanday toy-merekeler jırawlar, baqsılardıń qatnasıwında ótkerilgen. Hár qanday baqsı xalıqqa belgili bolǵan namalardı duwtarda atqarıp, dástanlardı hám xalıq qosıqların keshten baslap tań atqansha tınbastan, bir qosıqtı eki márte qaytalamastan aytatuǵın bolǵan. Jırawlar da qobızdıń namasına salıp xalıq arasındaǵı dástanlardı tásirli túrde atqaratuǵın bolǵan. Bul dáwirde jırawlar Alpamıs, Edige, Qoblan, Qırq qız t.b. dástanlardı xalıq arasında keńnen jırlaǵan. Qaraqalpaqlardıń arasındaǵı tolǵawlar tiykarınan jırawlardıń atqaratuǵın qosıqlarınan bolıp esaplanǵan.

Qaraqalpaqlar arasında bilimli adamlar júdá kóp bolǵan. Olar baslanǵısh bilimdi óz awıllarındaǵı mekteplerde alǵan bolsa, joqarı bilimdi Qońırat, Xojeli, Shımbay, Xiywa, Buxara sıyaqlı iri qalalarda alǵan. Hár bir awıldıń mektep mollası bolıp, balalar jeti jastan mekteplerge qatnap, mollanıń basshılıǵında sawatın ashqan.

XVIII-XIX ásirlerde Qońırat, Xójeli, Shımbay, Shoraxan, Qıpshaq, Mańgıt, Shabbaz, Shoraxan, Raximberdibiy bazar uqsaǵan qalalar, qorǵanlar hám de awıllıq qonıslarda bir neshe mektep-medireseler bolǵan.

Uliwma alganda, XVII-XIX ásirlerdegi qaraqalpaq xalqiniń mádeniyatinin

barliq tarawlari ozine tan ozgesheliklerge iye bolǵan hám izshillik tiykarinda rawajlanip barǵan.

## PAYDALANILǴAN ÁDEBIYATLAR

### I. Metodikalıq adebiyatlar


1. Мирзиёев Ш.М. Миллий тараққиёт йўлимизни қатъият билан давом эттириб, янги босқичга кўтарамиз. Т. 1. –Тошкент: Ўзбекистон, 2017.
2. Ўзбекистон Республикаси Президентининг “Ўзбекистон Республикасини янада ривожлантириш бўйича Ҳаракатлар стратегияси тўғрисида” ги Фармони // “Халқ сўзи”, 2017 йил 8 февраль.
3. Мирзиёев Ш.М. Ўзбекистон Республикаси Президенти Шавкат Мирзиёевнинг Олий Мажлисга Мурожаатномаси. –Тошкент: 2018.
4. Ўзбекистон Республикаси Президентининг 2017 йил 7 февралдаги “Ўзбекистон Республикасини янада ривожлантириш бўйича Ҳаракатлар Стратегияси тўғрисида”ги ПФ-4947-сон Фармони. – Ўзбекистон Республикаси қонун ҳужжатлари тўплами, 2017 й., 6-сон, 70-модда.
5. Каримов И. А. Юксак маънавият енгилмас куч. –Тошкент. Маънавият. 2008.


### II. Temaga baylanisli ılımiy adebiyatlar


1. Әлеўов Ө. Қарақалпақстанда тәлим-тәрбиялық ойлардың қәлиплесиўи ҳәм раўажланыўы. – Нөкис. Билим.1993.
2. Археологические и этнографические работы Хорезмской экспедиции 1945-1948.//ТХАЭЭ. Том.I. -М.: 1957 г.
3. Военно-статическое описание Туркестанского военного округа. Хивинский район: -Ташкент. 1912.
4. Государственный музей искусств Каракалпакской АССР. -М.: 1976.
5. Данилевский Г.И. Описание Хивинского ханства //Записки Русского географического общества. Кн V. -СПб., 1851.
6. Есергенова С. Қызыл киймешек – Ритуальная накидка Каракалпачек // Вестинки ККАО № 3.-С.47-51.

7. Есбергенов Х. Қонырат. Тарийхый ҳәм мәдений естеликлер. – Нөкис. 1993.
8. Жданко Т.А. Очерки исторической этнографии каракалпаков (Родоплеменная структура и расселение в XIX – века XX века. -М-Л.:1950.
9. Жданко Т.А. Изучение народного прикладного искусства каракалпаков //Советская этнография. Вып.4. –М.: 1955.
10. Жданко Т.А. Народное орнаментальное искусство каракалпаков //ТХАЭЭ. –том. III. –М.: 1959.
11. Задыхина К.Л. Узбеки дельты Амударьи //Труды Хорезмской археолого-этнографической экспедиции. Том.1.-М.: Изд. АНССР. 1952. –С.285-345.
12. Зияев Х. XVIII асрда Ўрта Осиё ва Урал бойлари. -Тошкент: Фан, 1973.
13. Иванов П.П. Материалы по изучению истории каракалпаков.
14. Камалов С. Каракалпаки в XVIII-XIX веках.-Ташкент. Фан, 1968.
15. Камалова Г. Гөззал үлке. –Нөкис. Қарақалпақстан, 1986.
16. Каразин Н.В. Низовья Аму. Путевые очерки «Вестник Европы» 1875. № 2-3. // Туркестанский сборник. Том. 76. -С. 204-205.
17. Карлыбаев М. Медиресе в Каракалпакии XIX начало XX веков. – Нукус. Билим. 2002.-Б.23.
18. Кун А.Л. Культура оазиса низовьев Амударья от Кунграда до Чимбая.// Туркистанский сборник. Том.123.-С.223-259.
19. Қудияров А. Город Чимбай в русских источниках ( конец XIX начало XX вв.) // Вестник ККО АНРУз. № 3, 1996. -С. 90-91.
20. Қудияров А. Город Чимбай и его окрестности в письменных источниках // Автореферат канд. истор. наук. –Нукус. 1999.
21. Кудияров А.Қаракалпақстан калаларынын тарийхынан // Вестник ККО АНРУз. №7. 2004. –С.49-50.
22. Қарақалпақстанның жаңа тарийхы. Қарақалпақстан XIX әсирдиң екинши ярымынан XXI әсирге шекем. -Нөкис. Каракалпакстан. 2003.
23. Қосбергенов Р. Қарақалпақ халықының колониал дәўирдеги мәденияты ҳәм турмысы. -Нокис.: 1970.

24. Лунин Б.В. История Узбекистана в источниках. Известия путешественников, географов и ученых XVI первой половины XIX в. Ташкент: Фан, 1988.
25. Мамбетуллаев М.М., Юсупов О. Города и поселения Каракалпаков в XVII –XIX вв. (Материалы к своду памятников материальной и духовной культуры каракалпаков) // Вестник ККО АНРУз. 2005. №1-2.-С.95-106.
26. Марозова А. С. Следы древних форм семьи у каракалпаков. –Ташкент. 1960.
27. Назаров Ф. Записки о некоторых народах и землях средней части Азий. -Москва: Наука, 1968.
28. Поездка из Орска в Хиву и обратно, в 1740-1741 гг. Гладышев и Муравин. -СПб., 1851 // Туркестанский сборник. Том. 343.
29. Рычков П. Топография Оренбургская. –СПб., 1762. Часть 1.
30. Риза Кули-Мирза. Краткий очерк Аму-дарьинской области. –СПб., 1875.
31. Риза-кули Мырза Әмиўдәрья областының қысқаша баянламасы // Әмиўдәрья журнал, 1992, №2,- Б. 92-102
32. Савицкий И.В. Резьба по дереву каракалпаков. –Ташкент. 1965.
33. Сарыбаев К. История орошения Каракалпакстана. –Нукус. Каракалпакстан. 1995.-С.10-22.
34. Сайманов С. Город Кунград в сообщениях путешественников и ученых XIX // Автореферат кандидат исторические наук. -Нукус. 2001.
35. Сайманов С. Город Кунград и Аральское владание в XVIII в.// Вестник ККО АНРУз. № 4, 1996. -С.46-48.
36. Сайманов С. Город Кунград в сообщениях путешественников и ученых XIX в. (40-60-е гг. XIX в)// ӨзРИА ҚБ. Хабаршысы.1997. №1-2. –С.47-49.
37. Тилеумуратов М. Истоки культурных связей каракалпаков с соседними народами.–Нукус. Каракалпакстан. 1986.
38. Тилеумуратов М.Т. Қарақалпақлардың туўысқан халықлар менен байланыслары. -Нукус. 1989.

39. Turganov B. Qaraqalpaqstan tariyxinan derekler (XVII-XIX a`sirlerdegi Rossiyali elshi ha`m sayaxatshilardin` mag`liwmatlari tiykarinda).-Tashkent. Tafakkur bostani. 2019.
40. Турганов Б. Худайназаров Д. Қарақалпақлардың XVII-XIX әсирлердеги қала ҳәм қорғанларының үйренилиў тарийхы.// Илим ҳәм тәлимниң әҳмийетли мәселелери. Республикалық конференция материаллари топлами.-Нөкис.2019.
41. Турганов, Худайназаров Д. Қубла қарақалпақстан аймағындағы XVIII-XIX әсирлерге тийисли қалалар.// Қарақалпақстанда археология илиминиң жетискенликлери. Республика илимий-әмелий конференциясы материаллары топламы. -Нөкис. 2019.
42. Утемисов А. Из истории деревообделочного производства каракалпаков XIX – начала XX веков//Вопросы истории, археологии и этнографии каракалпакстана. –Нукус. 1993. Вып.II-С.72-98.
43. Утемисов А. Қарақалпақлардың өнер-кәсиплери. –Нөкис, Қарақалпақстан. 1991.
44. XojaniyazovG. Les fortifications karakalpakes aux XVII-XIX siucles // Karakalpakes et autres gens del` Aral. Entre rivages et deserts. Caiers d` Fsie Centrale, # 10, 2002/.
45.Хожаниязов Г. Каракалпаки в приаральском микрорайоне в XVI-XVII вв.// Археология Приаралья. Вып.VII. -Ташкент. Фан.2008.
46.Хожаниязов Ғ.,Ҳакимниязов Ж,Пайзуллаева Ш. Бердақ дәўириндеги қорған –қалалар. –Нөкис. Қарақалпақстан. 2015.
47. Хожаниязов Ғ.,Ҳакимниязов Ж, Пайзуллаева Ш. Бердақ дәўириндеги қорған – қалалар. Нөкис, Қарақалпақстан, 2015.
48. Шалекенов У.Х. Казахи низовьев Амударьи. -Ташкент,1966.
49. Хожанияз Ғ., Юсупов О. Қарақалпақстандағы муқаддес орынлар. –Нөкис. 1994.
50. Юсупов О. Жәнибек батыр Маман батыр Мурад Шайых әзийз баба, Қоразбек бий аталық. -Нокис. 1993.

## II. Pedagogikalıq texnologiyaga tiyisli adebiyatlar


51. Abdukadirov A. va boshq. Axborot texnologiyaları. - Toshkent. “Arnaprint”. 2004.
52. Борзова, Л. П. Игры при изучении нового материала на уроках истории // Преподавание истории в школе. – 2000.
53. Бочарникова Т.А. Интерактивные методы в преподавании истории и обществознания. -Солнечногорск.-2011
54. Gaffarov Ya. Tarix o’qitish metodikasi. -Toshkent. 2012
55. Ганиев Т.С. Оқытыўшылардың кәсиплик шеберлигин арттырыўда педагогикалық технологиялардың орны (тарийх пәни мысалында) // Жанубий Оролбўйи археологияси, этнографияси, тарих ва тарихшуносликнинг долзарб масалалари. Халқаро илмий- назарий анжуман материаллари. –Нукус. 2019. -Б.306-309.
56. Yo`ldoshev J.G`., Usmonov S.A. Pedagogik texnologiya asoslari. –Toshkent. 2004.
57. Sayidahmedov N. Yangi pedagogik texnologiyalar. -Toshkent. Xalıq tálimi, 1999. №1.90- 98-betlar
58. Sa'diev A. Maktablarda tarix oqıtısh metodikasi. -Toshkent., 1988;
59. Sa`diev A. O`zbekiston xalqlari tarixini o’qitish. -Toshkent. O’qituvchi.1993.
60. Sultonov SH.D. Muammoli ma`ruzalar o`tkazish va muammoli ma`ruzani tayorlash.- Fargona, 2003.
61. Kudyarova T.A. “Case- study” texnologiyasinin’ payda boliwi hám onin’ qaraqalpaqstan tariyxin oqitiwda qollaniliwi// Қубла Арал бойы археологиясы, этнографиясы, тарийхы ҳәм тарийхтаныўдың актуал мәселелери. Халық аралық илимий-теориялық конференция материаллары.-Нөкис. 2019. -Б.405-407.